KBG
1059



Bib.Id : 2617760
Item.Id : 21205920

Jav. hs. K.B.G. 1059

LIT. FAC.

S E R A T

D A R M A - G A N D O E L .

Katoeroen saking kagoenganipoem Goesti Pangéran
Arja Tédja Koesoema, Kapitein
b/ú Generalen Staf te
Jogjakarta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dandanggoela.

Woerjaningkang sekar Dandanggendis,
Amèngeti dènja nedak XXXXXX serat,
Loegoe moeng mancet baboné,
Aran srat Darma Gandoel,
Njaritakken bedahé ngoeni,
Nagari Madjalengka,
Kang satoehoenipoen,
Sarta gelar kawroeh njata,
Lan poerwanja gama Boeda santoen Ngarbi,
Tinoetoerken sadaja.

Doek manitra ari Rebo Paing,
Ping salikoer ing sasi Ramelan,
Edal tjandra sangkalané,
Tinengeran ingétoeng,
Pantjadrija kaslirèng Goesti,
Soerja kaping limalas,
Woelan April noedjoe,
Etanging soerja Sangkala,
Tinengeran "Boeta karo ngelèng boemi",
Wantji djam nawa éndjang.

Mawarnaha kang manitrèng toelis,
Narpa poetra ping santja Ngajoegja,
Majoor béden generalé,
Setap pangkat katjatoer,
Wadya bala Sri XXXXXXXX Nata Dèwi,
Ing nagari Nederlan,
Peparab wincewoes,
Nenggih Djeng Goesti Pangéran,
Arja Tédjakoesoema poetrèng Sri Sori,
Kentjana Sang Dajindra.

Kang minangka beboekaning rawi,
Wonten pandita kang aloep tapa,
Kalam Wadi djedjoelcoké,
Déné ta garwanipoen,
Aroem-aroem Dyah Perdjiwati,
Asamèng sonjapringga,
Ing djoega ri noedjoe,
Sang wikoe nèng patjrabakan,
Ingadep ing siswa sawidji kang moenid,
Poetoes sakèhing goena.

bl. 2

Darma Gandoel paparabirèki,
Nala mingis limpad graitanja,
Lan Sang tapa meh tan pané,
Marma kasok sihipoen,
Woes prasasat jogá pribadi,
Rinten ratri datansah,
Nèng ngarsèng Sang wikoe,
Samana Sang siswatama,
Lagja ana kang dadya ribenging galih,
Lon matoer mring Sang tapa.

Doeh Sang tapa kang jandjana moerti,
Moegi poekoeloen jwa pisan doeka,
Kawoela njoewoen pitakèn,
Kang dados poerwanipoen,
Tijang Djawi santoen agami,
Nilar agama Boeda,
Ngrasoek sarak rasoel,
Poenika sabab poenapa,
Kados poendi beboekané ngoeni-oeni,
Sang wikoe roem ngandika.

Lamoen sira atakon bab iki,
Soen tan wercèh ing sawidji apa,
Moeng jèn mitoercet toetoeré,
Radyan Boedi goeroekoe,
Ja boeh bener ja boeh sisip,
Nanging pandoeganingwang,
Bener nora loepoet,
Krana tjotjog woedjoedira,
Tilasané isih kena dèn tingali,
Moela soen kira njata.

Nanging ingsoen wedi matjak toelis,
Loepoet-loepoet tambel oemoeringwang,
Awit wong Djawa loemrahé,
Lamoen ana kang poeroen,
Poeroen boeka wadining Adji,
Amesti pinedjahan,
Marma soen tan ajoen,
Noetoer tjritaning kang njata,
Poerwanira wong Djawa salin agami,
Boeka wadining Nata.

Darma Gandoel atoerira aris,
Inggih leres doek djaman ing kina,
Praja goeng Djawi limrahé,
bl. 3 Kang dados daharipoen,
Woh wit boedi kalawan koeldi,
Ing mangké karsa dahar,
Woh wit kadjeng kawroeh,
Kagoengan panggalih pandjang,
Jekti ngowel mring oemoerira wadya lit,
Kang lepat sawatara.

Malah dadya pènget kang prajogi,
Dadya wikan kang leres kang lepat,
Wikan mingsil koepijané,
Sang Pandita lon moewoes,
Jèn mangkono betjik soen anggit,
Nanging ingsoen saderma,
Nganggit noelis woewoes,
Dyan Boedi kang darbé karsa,
Amboeh bener loepoeté poenika jekti,
Jèn nora soen toelisa,.

Nora woeroeng ingsoen dèn doekani,
Sabab bangkat préntahing élingan,
Toer ikoe akèh asilé,
Soepaja wong kang tjoeblock,
Kaja ingsoen bisa mangerti,
Tjarita kang sanjata,
Moela-moelanipoen,
Wong Djawa salin agama,
Pada ninggal agamané Boeda Boedi,
Genti agama Islam.

Tjaritané nagri Madjapait,
Anggitané poedjangga ing koena,
Pralambang pasemon kabèh,
Jen tinoelisa toehoe,
Babadira ing Madjapait,
Boeka kekeran radja,
Djrih poedjangganipoen,
Mila njemoni kéwala,
Soepajané wong bodo adja na ngerti,
Tjaritané kang njata.

Marma djanma Djawa mata sidji,
Ahli bcedi ngarti tjritanira,
Madjalengka sabeneré,
Karana wong kang tjoeblcek,
Nrima mangan woh kajoe koeldi,
Tan pisan ngarti mangan,
Woh bcedi woh kawroeh,
bl. 4 Mceng nrima kabar kéwala,
Nora dcengkab tjarita kang álok gaib,
Samar kalingan padang.

Bissemilah Irochman -irochim,
Mcegi para agceng tanah Djawa,
Dipoen agceng aksamané,
Dé oeloen kamipoercen,
Koemalantjang peksa loemoewih,
Mangoen tjarita koena,
Ingkang woes katcetcep,
Toer tanpa patokan kitab,
Toetoeh toetoer ing sama-samaning ngcerip,
Mceng toekcel sing èngetan.

Pan mangkéné poerwané ing ngoeni,
Brawidjaja ratoe Madjalengka ,
Kesamaran pamriksané,
Klimpoed galih Sang Praboe,
Kcerang jitna ing tata lair,
Akrama poetri Tjempa,
Wong agama rascel,
Ing sadjroning sih-sinihan,
Karon loeloet kang garwa asring ngatceri,
Kodjah marang Sang Nata.

Moeljanira agama Islami,
Jèn katimbang lan agama Bceda,
Sarak rascel cenggcel déwé,
Atceré wantoe-wantoe,
Sri Naréndra galihé gingsir,
Mjarsa kodjahing garwa,
Tan kawijos toetoek,
Tan lama poeloenanira,
Poetri Tjempa atcetcewi mring Sang Adji,
Kang nama Sajid Rahmat.

Njoewcen dcekcel anèng Ngampèlgading,
Njoewcen idi anggelar saréngat,
Kangdjeng rascel agamané,
Sang Brawidjaja Praboe,
Bandjoer karsa aparing idi,
Sira Sang Sajid Rahmat,
Ancelja dedcekcel,
Scerabaja Ngampèldenta,
Anggelarken saréngat andika Nabi,
bl. 5 Mcekamad Rascellolah.

Tandya katah macelana prapti,
Sangking Sabrang samja angedjawa,
Sowan ing ngarsa pamasé,
Pra samja njoewcen dcekcel,
Nèng pasisir lan idi Adji,
Ingidénan sadaja,
Sapancewcenipcen,
Lama-lama saja ngréda,
Tanah Djawa wong Djawa salin agami,
Ngrascek agama Ngarab.

Sajid Kramat dadya goencenganing,
Pagoeroning wongIslam sadaja,
Bénang Toeban doekcehané,
Sajid Kramat poenikoe,
Maoelana sangking Ngarabi,
Tedak Djeng Rasoellolah,
Mila dadya goeroe,
Pancetan wong Djawa Islam,
Korcet - karcet wong Djawa oercet pasisir,
Goeroe mring Sajid Kramat.

Pada mandjing agama Islami,
Tanah Djawa wong Djawa kang tangga,
Pasisir lor sapangilèn,
Ngrasoek agama rasoel,
Pada ninggal agama Boedi,
Wit wétan Balambangan,
Sapangcelènipoen,
Prapta ing Banten nagara,
Pada ninggal agamané Boeda Boedi,
Genti agama Ngarab.

Kenèng boedjoek dalil alip lamin,
Adalikalrahébbapi oedan,
Libmoetlakim énak déwé,
Kédanan mring asjadoe,
Pada tinggal agama Boedi,
Woes kanggé sèwoe warsa,
Pikoekcehing loehoer,
Agama moelja pribadya,
Matjoeng déwé mring Pangran kang Maha Soetji,
Aneboet boedi hawa.

bl. 6

Boedi ikoe datira Hjang Widi,
Hawa ikoe karepané manah,
Noercoeti boedi karepé,
Wadjibé djalma ikoe,
Kang tincercet élinging ati,
Lawan kareping ngoedya,
Poenikoe tincercet,
Mancengsa wignja poenapa,
Obah mosik loemakoé darma nglakoni,
Boedi kang ngobahena.

Noelja ana poetrané Sang Adji,
Kang patoetan sangking poetri Tjina,
Anèng Palémbang lahiré,
Radyan Patah ranipoen,
Angedjawa lawan kang raji,
Saiboe sédjé rama,
Koesèn aranipoen,
Sowan ngarsèng rama Nata,
Langkoeng kéwran garihé Sri Narapati,
Paring seboetan poetra.

Dé mratiga djinising kang siwi,
Jèn mitoercet rama Sri Naréndra,
Djawa Boeda agamané,
Ngleloeri ing ngaloehoer,
Poetra Nata kang midjil ngardi,
Kaseboet nama bambang,
Jèn mitoercet iboe,
Tjina aran Kaosija,
Jèn wong Ngarab sineboet Sajid lan Sarib,
Jèn noercet sing landjaran.

Sri Narèndra sigra animbali,
Pra najaka moendoet tetimbangan,
Ingkang dadya prajogané,
Seboetanirèng soenoe,
Patih Gadjahmada wotsari,
Jèn pareng karsa hata,
Poetranta poekoeloen,
Pinaring seboetan Babah,
Ngirib-irib loelochoer pandoeka ngoeni,
Sineboet nama bambang.

Poetra Toewan iboe Tjina Goesti,
Lahir Sabrang agamané Islam,
bl. 7 Nama Babah prajogané,
Tegesé Babah iboe,
Babar wonten sanès negari,
Soeka Nata mijarsa,
Patih atoeripoen,
Moepakat para nijaka,
Poetra Nata kang lahir Palèmbang nagri,
Peparab Babah Patah.

Radèn Patah sakelangkoeng adjrih,
Anampika mring paringing rama,
Djroning tyas banget tan tjètjèg,
Ananging alahiripoen,
Samoedana soeka tan sipi,
Samana Babah Patah,
Ancelja djinoendjoeng,
Djoemeneng Dipati Demak,
Madanani Boepati oeroet pasisir,
Demak sapangoelonja.

Lah ta iboe poerwanira ngoeni,
Bangsa Djawa blaster karo Tjina,
Samja babah seboetané,
Poenikoe tjritanipoen,
Radèn Patah ingkang moerwani,
Miscewoer tjakrèng doenja,
Poetranja Sang Praboe,
Kang lahir nagri Palèmbang,
Patoetané lawan poetri Tjina ngoeni,
Namané Babah Patah.

Dèn kramakken antoek Ngampèlgading,
Poetranira Kjageng Ngampeldenta,
Ingkang toenggal agamané,
Woes dadya poetra mantoe,
Lawan Kjageng ing Ngampèlgading,
Rinengga panggihira,
Anèng Madjalangoe,
Sawoesnja antara warsa,
Kinèn maring Demak atetep Dipati,
Dalem doesoen Bintara.

Rehning Radèn Patah awit lahir,
Nèng Palèmbang woes agama Islam,
Kalilan nglestarèkaké,
Marang agamanipoen,
Radèn Koesèn djinoendjoeng linggih,
Anama Adipatya,
Anèng nagri Tjroeng,
Lama saja ngreda,
Sarak Rasoel pra Ngoelama njoewoen idi,
Pangkat seboetan Soenan.

Pardikané Soesoehoenan Boedi,
Awitira kawroeh kaélingan,
Kang awon lawan kang sé,
Jèn akèh oewohipoen,
Boedi ngreti kélingan betjik,
Wadjibé sinoewoenan,
Ngèlmoe kawroehipoen,
Ngèlmoe lahir kabatinan,
Wektoe ikoe pra Ngoelama tyasé betjik,
Kadrengkèn doeroeng ana.

Galihira Brawidjaja Adji,
Pra Ngoelama mleboe sarak Boeda,
Déné Soenan sebeténé,
Lan kalakoewanipoen,
Tjegah kalawan goeling,
Jèn wong agama makam,
Makamaning Rasoel,
Sirik tjegah dahar néndra,
Moeng noeroeti rasané lésan lan diri,
Jèn tjegah pangan roesak.

Praboe Brawidjaja angidini,
Saja lama agama woes ngreda,
Ana nalar élok manèh,
Gaib samar kalangkoeng,
Nora kena dipoen kawroehi,
Nétra karna mjang grana,
Miwah lésanipoen,
Weroehé sangking èngetan,
Djroning oeteg ikoe lamoen dèn kawroehi,
Radèn Boedi Soekarta.

Loewih - loewih kang matja kang mjarsi,
Nganggep temen atanapi ora,
Katimbanga sabeneré,
Jèn tan nganggep saéstoe,
Kabèh lajang tjarita Djawi,
Tan ana kang katjrita,
bl. 9 Jèn doroa ikoe,
Samangkja taksih woedjoednja,
Tilasané sarta kena dèn priksani,
Ka-anan djaman koena.

Doek djamané kraton Madjapait,
Soenan Bénang karsa alslana.
Mring Kadiri lan sabaté,
Kakalih kang toet poengkoer,
Sapraptané loring Kadiri,
Tanah ing Kretasana,
Kalangan ing banjoe,
Kali Brantas noedjoe bena,
Sangking koelon anjabrang mring wétan kali,
Woes prapta pinggir wétan.

Tanja marang djanma tengga kali,
Niti-niti agamané djanma,
Kang dèn nggo ing tanah kéné,
Apa woes Islam toehoe,
Apa isih agama Boedi,
Ki Bandar atoerira,
Ing ngriki poekoeloen,
Kang limrah agama kalang,
Sarak Boeda inganggé moeng sawetawis,
Déné agami énggal.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sarak Raggel inggih bribik - bribik,
Ingkang limrah wong ngriki sadaja,
Sami kalang agamamé,
Amoeljakaken Bandoeng,
Bandawasa dèn anggep Nabi,
Lamoen dinten Djoemoewah,
Wagé Woejé wokoe,
Ikoe dèn anggep rijaja,
Kèndel karja neda étja seneng ati,
Tan késah sangking wisma.

Soenan Bénang angandika aris,
Jèn mangkono wong ngriki sadaja,
Pada gedah agamané,
Tegesé gedah ikoe,
Nora ireng lan nora poetih,
Pantes araning tanah,
Koeta Gedah ikoe,
Ki Bandar matoer prajoga,
bl. 10 Sadawoeh toewan kawoela ingkang nekseni,
Karan ngantos samangkja.

Tanah loré koeta ing Kadiri,
Ingaranan tanah Koeta Gedah,
Manging moeng manoet loemrahé,
Tan wroeh asaling temboeng,
Wit tan ngerti tjritané dingin,
Ran tanah koeta Gedah,
Kang loemrah misoewoer,
Sang wikoe malih ngandika,
Lah ta sabat sira amintoa warih,
Imbon marang ing désa.

Kali iki isih noedjoe bandjir,
Banjoe boetek koerang soetjinira,
Anglarani Jèn diombé,
Lan iki wajah loehoer,
Arsa woelos lan salat mami,
Sabat sidji gja méntar,
Malbeng doekoeh Patoek,
Wismané amoeng sadjoega,
Noedjoe sepi tan ana wong lanang sidji,
Déné kang tengga wisma.

Estri sidji prawan mepeg brahi,
Noedjoe nencen nèng wisma pribadya,
Sabat prapta lon woewoesé,
Bok ngantèn neda banjoe,
Imbon ingkang baresih bening,
Bok prawan kagjat mjarsa,
Salah tampinipoen,
Kinira lamoen djadjawat,
Medjanani bok prawan rengoe nacori,
Kalawan temboeng kasar.

Dika santri mentas liwat kali,
Djaloek banjoe imbon maring désa,
Ngriki tan wonten tjaranè,
Oewong kang ngimboe banjoe,
Djaba oejoeh koela poeniki,
Imbon bening saringan,
Jèn dikarsa ngoendjoek,
Santri késah tan pamitan,
Garoendelan ladjeng matoer mring Sang Jogi,
Poerwa praptèng woesana.

Soenan Bénang doekané tan sipi,
Dadya ngandika sabda noepata,
bl. 11 Moeraha ing tanah kéné,
Moega laranga banjoe,
Wadon kenja jwa laki - laki,
Jèn doeroeng prawan toewa,
Miwah lanangipoen,
Dadja djaka kang toewa,
Sanalika kali Brantas mili alit,
Ladjeng njimpang mangétan.

Nradjang wan doesoen tegil sabin,
Pinten - pinten doesoen karisakan,
Katradjang kali ngalihé,
Kali ingkang roemoehoen,
Dadya asat praptèng semangkin,
Ki Bandar langkoeng éram,
Mjat kadibjanipoen,
Kangdjeng Sinoehoen ing Bénang,
Noelja ladjeng tindaknja marang Kadiri,
Kongsi praptèng samangkja.

Tanah koeta Gedah awis warih,
Mangoelonè lalakon woloeng XXXX pal,
Limalas mangaloré,
Moeng kidoel banjoe soemoer,
Dèné djanma kang laki rabi,
Woes kasèp sangking mangsa,
Wajah manak teloe,
Djaka toewa prawan toewa,
Awit sangking kenèng sabdané Sang Jogi,
Kangdjeng Soehoenan Bénang.

Kawoewoesa demit Njai Plentjing,
Danjang ing Tandjoengtani kang désa,
Gincebel anak poetoené,
Njai koela asoeng wroeh,
Karisakan siti Kadiri,
Wonten djamma sing Toeban,
Remen Ngarcebirce,
Sikara tanpa karana,
Sija - sija sami makloeking Hjang Widdi,
Ngoebalken kaprawiran.

Lèpèn ageng kang saking Kadiri,
Dèn sotaken sanalika asat,
Kidoel ménggok ngétan kang wé,
Ngrisakken wana doesoen,
Lan ngesotken tijang ing ngriki,
Kasèpa sangking mangsa,
Laki rabinipoen,
bl. 12 Jèn djaler djakoa toewa,
Lamoen èstri sampoen noenten laki-laki,
Jèn doeroeng prawan toewa.

Nèhning tanah ngriki dèn wastani,
Tanah kita Gedah awis toja,
Béné teka salah gawé,
Daweg sami ginanggoe,
Dipoen teloeh dimèné mati,
Nji Plentjing doek mijarsa,
Toering anak poetoe,
Sigra metoek Soenan Bénang,
Tan koewawi tjelak sarira lir geni,
Loemajoe noendjang - noendjang.

Mring Kadiri ngatceri cedani,
Ing ratcené Ki Boeta Lotjaja,
Manggèn goewa séla balé,
Soekcené Wilis goenceng,
Ingkang wétan kang dèn enggéni,
Amangsoeli tjarita,
Poerwané roemoehoen,
Kijahi Boeta Lotjaja,
Patihira Sri Djajabaja Kadiri,
Arané Kjai Daha.

Ingkang tjikal bakal ing Kadiri,
Lan kang raji aran Kjai Daka,
Sri Djajabaja karsané,
Aran Daha pinoendoet,
Pan kinarja aran nagari,
Ananging linironan,
Aran ing Sang Praboe,
KijahiBoeta Lotjaja,
Pan kinarja Patihnja Sri Narapati,
Sang Praboe Djajabaja.

Boeta ikoe boeteng ingkang arti,
Boeteng ikoe bodo tan wroeh sastra,
Ki boeta bodo jektiné,
Lo : kowé tegesipoen,
Tjaja kena dèn pretjajani,
Kjahi Boeta Lotjaja,
Bodo temen mengkoe,
Tcer mantep setya mring Pradja,
Marmanira kinarja patih mring Adji,
Sang Praboe Djajabaja.

Awit ana sasoeloetan kjai,
Kjahi Daha tetoeroetira,
bl. 13 Ngajomi anak poetoené,
Ing kanan kéring doesoen,
Kjahi Daha kang dipoen oengsi,
Djengkaré Sri Naréndra,
Sing Ngastina kratoen,
Djoedjoeg wismané Ki Daha,
Sinoenggata sawadya koeswa goeng alit,
Mila goeng sihing Nata.

Han Ki Daka pinoendoet Sang Adji,
Pan kinarja namanirèng déwa,
Nanging liniroe arané,
Kijahi Toenggoelwoeloeng,
Dadya Sénapati ngadjoerit,
Moeksané Sri Naréndra,
Lawan poetranipoen,
Nimas Ratoe Pagedongan,
Kjahi Boeta Lotjaja lan ingkang raji,
Kalihé samja moeksa.

Nimas Ratoe Gedongan kinardi,
Ratoeningkang demit noengsa Djawa,
Nagara kidoel koetané,
Pinaringan djedjoeloek,
Nama nimas Ratoe Ngin-angin,
Kajangan ing samodra,
Kagoenging lelemboet,
Daratan miwah laoetan,
Kanan kéringing tanah Djawa soemiwi,
Mring ratoe Pagedongan.

Awit sangking karsanja Sang Adji,
Kjahi Boeta Lotjaja pinarnah,
Manggèn (Bale séla goewa)
Déné Ki Tcenggoelwoeloeng,
Pan pinernah ing Keloed ardi,
Roemeksa kawah lahar,
Ri kalanja metoe,
Ajwa ngroesakake désa,
Doek samans Ki Boeta Lotjaja linggih,
Moenggèng koerzi kantjana.

Lèmèk baboet sinebaran sari,
Kineboetan badak kéring kanan,
Ingkang sowan nèng ngarsané,
Ki Patih Méga Mendoeng,
Poetra kalih soemiwèng ngarsi,
Pandji Seti-di-goena,
Pandji Sarilaoet,
bl. 14 Lagja étja goenem rasa,
Lawan Patih miwah ingkang poetra kalih,
Kagjat ing praptanira.

Danjang Tandjoengtani Njai Plentjing,
Doepoeh-doepoeh ancengkemi pada,
Angatoeraken tiwasé,
Kjahi koela atoer wroeh,
Karisakan lèring Kadiri,
Wonten djalma sadjoega,
Sektiné kalangkoeng,
Namanira Soenan Bénang,
Sangking Toeban karsanira mring Kadiri,
Soebrata alalana.

Asmaradana.

Katah atoeré Ni Plentjing,
Kadya kang kaseboet ngarsa,
Angatoeraken tiwasé,
Lelemboet miwah mancengsa,
Kjahi Boeta Lotjaja,
Doek mjarsa kalangkoeng bandoe,
Moebal ingkang pantjadrija.

Sigra dènira nimbali,
Djim peri lan perajangan,
Kerigan anak poetoené,
Praptané sareng praharan,
Sakedap woes samekta,
Sakapraboning prang poepoeh,
Sigra boedal saha bala.

Sakedap pan sampoen prapti,
Saelèring koekoem désa,
Boeta Lotjaja minda wong,
Kjahi Soembré wastanira,
Wadyané tan katingal,
Toer wenaran katahing wadoe,
Wadoe Ki Boeta Lotjaja.

Ngadeg marga ngisor sambi,
Anganti ing praptanira,
Soenan Bénang sangking elor,
Soenan Bénang datan samar,
Kang ngadeg tengah marga,
Demit ratoe arsa ganggoe,
Katara awak dahana.

bl. 15

Wadya lit kang samja ngiring,
Soemingkir loemajoe tebah,
Datan koewawi panasé,
Tjaket lawan Soenan Bénang,
Mewah Boeta Lotjaja,
Kalihnja sarira latoe,
Soenan Bénang tan koewawa.

Atjelak ratoening demit,
Tanapi Boeta Lotjaja,
Datan koewawi panasé,
Tjaket lawan Soenan Bénang,
Sabat kalih kantaka,
Ladjeng katisen anggroegoeh,
Angandika Soenan Bénang.

Boeta Lotjaja sirèki,
Metoek marang lakoeningwang,
Ngalih aran Kjahi Soembré,
Apa ta pada rahardja,
Kagjat Boeta Lotjaja,
Déné Soenan Bénang wercoeh,
Ija marang djeneng ingwang.

Boeta Lotjaja nanda ris,
Déné pandoeka oeninga,
Ganti aran Kjai Soembré,
Ngandika Djeng Soenan Bénang,
Ingsoen tan kasamaran,
Jèn sirèki ratoe lelemboet,
Kadiri Boeta Lotjaja.

Ki Boeta Lotjaja angling,
Padoeka tijang poenapa,
Déné anèh wangoenané,
Manganggé pating karembjah,
Dédé panganggé Djawa,
Dapoer wangoen walang kadoeng,
Déné wangoenan wong Djawa.

Soenan Bénang ngandika ris,
Ingsoen iki bangsa Ngarab,
Sajid Kramat araningong,
Wismaningsoen Bénang Toeban,
Déné ta karsaningwang,
Arsam mring Kadiri ingsoen
Amriksani patilasan.

bl. 16

Kadatonira ing ngoeni,
Maha Praboe Djajabaja,
Ing kéné ngendi pernahé,
Naoeri Boeta Lotjaja,
Wétan leres poenika,
Doesoen Menang wastanipoen,
Tilasan sadaja sirna.

Kadatonira Sang Adji,
Miwah pasanggrahan sirna,
Toewin tilas kadatoné,
Nimas Ratoe Pagedongan,
Taman Bagénda Watya,
Pasanggrahan Wanatjatoer,
Moeng kantoen araning désa.

Kaoeroegan siti pasir,
Lahar sangking Kelocd arga,
Wangsoelé kawoela pitakèn,
Padoeka gendak sikara,
Ing anak poetoe Adam,
Njabdakken kang boten patoet,
Djaka toewa prawan toewa.

Kalawan njoekani nami,
Tanah ngriki Kita Gedah,
Lan padoeka ngelih lèpèn,
Njabdakaken awis toja,
Tanah ngriki sadaja,
Sija - sija tanpa oeroes,
Sikara datanpa dosa.

Geng - geng soesahing wong oerip,
Laki rabi lalce mangsa,
Sajekti dangoe pentjaré,
Titahing Latawaloedjwa,
Wit sangking sabda toewan,
Lan sapinten soesahipoen,
Tijang kang katradjang bena.

Ngalihé lèpèn Kadiri,
Njimpang ngétan nradjang désa,
Sasawahé telas kabèh,
bl. 17 Pinten - pinten karisakaxn,
Kasoesahaning djanma,
Lawan pinten soesahipoen,
Tijang kaliné kang asat,.

Jekti kikirangan warih,
Tambah pandoeka sotena,
Tanah ngriki sadajané,
Doemadosa awis toja,
Salami - laminira,
Sija - sija tanpa soeroep,
Sikara tanpa prakara.

Djeng Soenan ngandika aris,
Moelané soen wèhi aran,
Tanah Koeta Gedah kéné,
Sabab agamaning djanma,
Tan ireng datan petak,
Tetepé agama birce,,
Awit agamané kalang.

Soen sotaken larang warih,
Soen djaloek banjoe tan angsal,
Moela soen elih kaliné,
Katekana larang toja,
Tanah kéné sadaja,
Moela soen sotaké ikoe,
Djaka toewa prawan toewa.

Sabab kang ingsoen djaloeki,
Banjoe mangsoeli tan angsal,
Botjah wadon prawan balèk,
Naoeri Boeta Lotjaja,
Poenikoe boten timbang,
Lawan kalepatanipoen,
Toewan sabdaxkken mangkana.

Kang lepat tijang satoenggil,
Ingkang soesah tijang katah,
Boten timbang lan kekoemé,
Poeniks angger poenapa,
Kang toewan tindakena,
Sawenang - wenang mring makloek,
Malarati djanma katah.

Katoera kang darbé nagri,
Pandoeka manggih cekoeman,
Kang malarat langkoeng abot,
bl. 18 Sabab angrisakken tanah,
Sami toewan sotena,
Ing ngriki moerahing banjoe,
Dados asil panggesangan,
Laki rabi alit - alit,
Énggal mentjaraken titah,
Kawoelanira Hjang Manon,
Pandoeka sanès Naréndra,
Ngaroe-birce agama,
Tijang dahwèn namanipoen,
Anjoekani nama tanah.

Ngéwahké toelis nagari,
Ngandika Sinoehoen Bénang,
Nadyan katoera Sang Katong,
Sang Praboe ing Madjalengka,
Ingsoen mangsa wedija,
Moengsoeh ratoe Madjalangoe,
Ambekis Boeta Lotjaja.

Rembag pandoeka poeniki,
Dédé rembag achli pradja,
Rembagé wong njoenggi témpé,
Ngandelaké jèn digdaja,
Bok sampoen soemangkéjan,
Kinasihan ing Hjang Agoeng,
Soegih sanak malaékat.

Ing sakarsa-karsa dadi,
Boten tolèh kadepatan,
Sija dahwèn pati opèn,
Tetep wong gendak sikara,
Nadyan ing tanah Djawa,
Jekti wonten wong kang langkoeng,
Prawira kadi pandoeka.

Nanging sami achli boedi,
Adjrih bebendoening Déwa ,
Jèn sija sami bangsané,
Njija-njiga tanpa krana,
Poenapa gih pandoeka,
Toenggilanipoen roemoehoen,
Adji Saka ratoe Mendang.

Moerid sabaté Idjadjil,
Dados ratoe tanah Djawa,
Moeng tigang warsa laminé,
Mèngkrat saking tanah Djawa,
bl. 19 Sadaja soember toja,
Ing Mendang saoercetipoen,
Binekta minggat sadaja.

Dji Saka wong sangking Ngarbi,
Toewan tijang sangking Ngarab,
Pramila sami wataké,
Soeka karja sriking djanma,
Pandoeka ngakoe Soenan,
Jekti simpen boedi loehoer,
Mamrih ajoening boewana.

Dé woedjoed toewan poeniki,
Djadjil belis tiningalan,
Tan tahan ginoda laré,
Midjil moebal gelis doeka,
Nikoe Soenaning ménda,
Jèn Soenan djanma satoehoe,
Simpen boedi loehoer pandjang.

Gih nikoe tjobaning Widdi,
Bégal Nabi Olwaradja,
Kang sirna timbang tantingé,
Moeng goegoe karsa prijangga,
Niksa wong tanpa dosa,
Gih poenikoe marganipoen,
Pandoeka manggih tjilaka.

Pratanda toewan samangkin,
Woes karja nraka djahanam,
Jèn woes dados toewan anggé,
Siram salebet kawah,[illegible]
Wédang kang moempal - moempal,
Kawoela bangsa lelemboet,
Sanes alaman mancengsa.

Prandéné meksih mengeti,
Rahajoenirèng mancengsa,
Padoeka wangsoelken agé,
Lèpèn ingkang sampoen asat,
Miwah risaking tanah,
Wangsoela kadi roemoehoen,
Jèn padoeka boten karsa.

Mangsoelken kadi roemijin,
Sadaja mancengsa Djawa,
Kang Islam sami ngong teloh,
Kadjengé pedjah sadaja,
Kawoela njoewoen bala,
Dateng Kangdjeng Ratoe Adjoe,
bl. 20 Ngin-angin kang nèng samodra.

Soenan Bénang doek mijarsi,
Padoené Boeta Lotjaja,
Roemangsa kaloepoetané,
Njikara wong tanpa dosa,
Alon dènja ngandika,
Boeta Lotjaja wroehamoe,
Ingsoen iki bangsa Soenan.

Tan kena mangsoeli malih,
Ing woewoes kang woes kawedar,
Amoeng soen wangeni baé,
Lawasé pantja toes warsa,
Sabdaningsoen tambara,
Balija kadi roemoehoen,
Ambekis Boeta Lotjaja.

Gih wangsoelna sapoeniki,
Jen tan wangsoel sapoenika,
Kadya ing wadé- wadené,
Padoeka kawoela banda,
Soenan Bénang ngandika,
Tan kena mangsoeli woewoes,
Soen**XXX** pamit njimpangangétan.

Wohing kajoe sambi iki,
Saiki soen wèhi aran,
Wohé ketjatjil aranè,
Lir botjah tjilik toekaran,
Demit wong patjitjilan,
Reboet bener ngadoe kawroeh,
Prakara ngroesaking tanah.

Soesahing djanma lan demit,
Soen soewoen marang Hbana,
Woh sambi loro karjané,
Dadya asem dagingira,
Widjiné **m**toe lenga,
Asem semon oelat ketjoet,
Demit padoe lan manoengsa.

Tegesé lenga poeniki,
Demit mleleng djanma loenga,
Dadija sekki ing tembé,
Jèn ingsoen padoe lan sira,
bl. 21, Katelah praptèng mangkja,
Woh sambi tja tjil ranipoen,
Sang wikoe malih ngandika.

Dé gon soen ketemoe iki,
Kang lor ran désa Singkal,
Ing kéné désa ing Soembré,
Déné goné wadyanira,
Kang ana kidoel ika,
Koewangoeran aranipoen,
Soenan Bénang sigra mesat.

Malocmpat mring wétan kali,
Katelah praptèng samangkja,
Tanah Koeta Gedah kéné,
Ana désa Koewangoeran,
Soembré lawan ing Singkal,
Tegesé wangoeran weroeh,
Singkal sengkel nemoe akal.

Boeta Lotjaja noetoeti,
Tindakira Soenan Bénang,
Ing désa Bogem djoedjoegé,
Amriksani retja Boeta,
Sirah dwi badan djoega,
Nèng ngisor wreksa trenggoeloen,
Wong nedeng mateng gelasah.

Soenan Bénang ngasta koedi,
Das retja Boeda ginempal,
Boeta Lotjaja ngling songol,
Poenikoe ijasanira,
Sang Praboe Djajabaja,
Kinarja pralambangipoen,
Tékadé djanmèstri Djawa.

Bèndjang alam Noengsa Srenggi,
Sinten djanma ningalana,
Mring retja nikoe woedjoedé,
Angelja sami woeninga,
Tékadipoen wanita,
Tanah Djawa ikoe bésoek,
Angandika Soenan Bénang.

Sira ikoŏ bangsa dèmit,
Wani padoe lan mancengsa,
Demit koementoes aranè,
bl. 22 Naceri Boeta Lotjaja,
Inggih kaot poenapa dika Soenan koela ratoe,
Angandika Soenan Bénang.

Woh kajoe trenggoeloe iki,
Saiki soen wèhi aran,
Kentos moenggoeh ing perloenè,
Dadya seksiningsoen woentat,
Jèn ingsoen kakerengan,
Lan dèmit ingkang koementoes,
Prakara roesaking retja.

Katelah praptèng semangkin,
Wòt trenggoeloen oewohira,
Poenikoe kentos aranè,
Awit sangking sabdanira,
Kangdjeng Sinoehoen Bénang,
Poenikoe pitoetoeripoen,
Rahadyan Boedi soeng karja.

Sigra tindak Sanga Jogi,
Mangalèr ing wajah ngasar,
Pan arsa salat karsanè,
Ana soemoer djawi désa,
Tan ana timbanira,
Ginolingaké kang soemoer,
Ngambil woeloe sigra salat.

Katelah prapta semangkin,
Soemoer ikoe ingaranan,
Soemoer goemoeling kaprahé,
Soeman Bénang kang goelingnya,
Ikoe pitoetoerira,
Rahadyan Boedi goeroekoe,
Emboeh bener loepoetira.

Ladjeng tindaknja Sang Jogi,
Désa Njaèn sampoen prapta,
Mijat Retja boeta wadon,
Nèng ngisoring wreksa dadap,
Nedeng kembang wohira,
Tibèng kanan kéringipoen,
Ing retja boeta beranang.

Soenan Bénang aningali,
Woedjoedé kang retja boeta,
Eram déning sing agengé,
bl. 23 Madep ngoelon djèngkèng lenggah,
Nemblas kaki inggilnja,
Oebengé bangkèkanipoen,
Sadasa kaki tan koerang.

Pama dèn lih sing oenggjaning,
Wong sata toes tan koewawa,
Jèn nora lawan prantiné,
Sinempal baoené kanan,
Batoekira kinowak,
Ki Boeta Lotjaja moewoes,
Padoeka Nata dahwenan,.

Retja Boeta betjik - betjik,
Hinoesak tanpa karana,
Saniki awon warniné,
Ing ngoeni ijasanira,
Sang Prahoe Djajabaja,
Lah poenapa asilipoen,
Pandoeka ngrisak goepala.

Soenan Bénang ngandika [illegible] ris,
Noelané iki soen roesak,
Jwa pinoedji sing wong akèh,
Sinadjènan kinoetoegan,
Jèn wong moedji brahala,
Teges aran kapir koepoer,
Sasar lahir batinira.

Ki Boeta Lotjaja angling,
Djanma Djawa woes oeninga,
Jèn retja séla woedjoedé,
Datan adarbé koewasa,
Sanès Lata Walloedjwa,
Mila ingoermatan ikoe,
Sinadjènan [illegible] kinoetoegan.

Soepados sadaja demit,
Sampoen manggèn siti wreksa,
Poenikoe medal angsilé,
Dados tedaning manoengsa,
Mila sinoeng panggènan,
Kinèn manggèn retja watoe,
Woes manggèn retja goepala.

Padoeka toendoeng mring poendi,
Woes wadjibing brekasakan,
Dateng goewa panggonané,
Ganda aroem kang tineda,
bl. 24 Sarira seger soemrah,
Jèn woes manggèn retja watoe,
Gèn kiwa nèng ngandap wreksa.

Samar ajom sepi resik,
Senengé manah kalintang,
Woes ngraos sanès alamé,
Demit kalawan manoengsa,
Mila soemingkir ngiwa,
Sampoen manggèn retjä kajoe,
Padoeka gendak sikara.

Tetep padoeka wong djail,
Sija samining toemitah,
Sami makloeking Hjang Manon,
Aloewoeng manoengsa Djawa,
Ngoermati woedjoed retja,
Kang ginambar waoenipoen,
Pantes simpen boedi njawa.

Wangsoel tijang bangsa Ngarbi,
Sami soedjoed Kakbatcelah,
Toegoe Séla ing woedjoedé,
Nikoe langkoeng saking sasar,
Soenan Bênang ngandika,
Kakbatolah Mekah ikoe,
Nabi Brahim kang ajasa.

Ing kono poesering boemi,
Sinoeng tanda toegoe séla,
Sincedjoedaning wong akèh,
Sapa soedjoed Kakbatolah,
Alah paring ngapoera,
Loepoetira kabèh kang woes,
Boeta Lotjaja atanja.

Nikoe tandané poenapi,
Jèn angsal sih pangapoera,
Sadaja kaloepoetané,
Napa tampi tanda asta,
Serat mawi tjap reta,
Sangking Pangéran kang Agoeng,
Angandika Soenan Bonang.

Kang kaseboet kitab mami,
Jèn mati antoek kamoeljan,
Ki Boeta Lotjaja bekos,
bl. 25 Pedjah malih jèn angsala,
Kamoeljan kang sanjata,
Wonten donja sampoen koroep,
Sasar njembah toegoe séla.

Jèn woes nrima njembah tjoeri,
Saé minggah Kelced arga,
Katah séla ageng saé,
Ijasanirèng Pangéran,
Samja woedjoed pribadya,
Medal saking ing sabda koen,
Nikoew wadjib sincedjoedan.

Dawoehing Hjang Maha loewih,
Sadaja manoengsa donja,
Wikana mring bètoelahé,
Apan raganing manoengsa,
Bèttoelah kang sanjata,
Praoe jasaning Hjang Agoeng,
Wadjib rineksa djinaga.

Sinten wroeh asaling tjiri,
Wikan boedi hawanira,
Gih poenikoe toeladané,
Nadyan salat ratri sidjang,
Jèn nganggé raga gelap,
Kawroehira sasar soesoer,
Kesasar nembah mring séla.

Toegoe ijasaning Nabi,
Nabi nikoe gòh manoengsa,
Kawoelanira Hjang Manon,
Pinaringan wahjoe njata,
Wignja soegih èngetan,
Sidik paningalnja teroes,
Weroeh tjipta doeroeng ana.

Kang jasa retja poeniki,
Maha Praboe Djajabaja,
Inggih kakasih Hjang Manon,
Pinaringan wahjoe moelja,
Wignja soegih èngetan,
Sidik paningalnja teroes,
Wercah sadoerocng winarah.

Padoeka patokan toelis,
Wong Djawa patokan sastra,
Betoewah loeri loehoeré,
Sami anjoengkemi kabar,
Loehoeng anjoengkemana,
bl. 26 Kabar toelis loeri loehoer,
Tilasé kénging pinriksa.

Wong njoengkemi kabar Ngarbi,
Tan wroeh woedjoedé ing ngrika,
Emboeh dora emboeh jektos,
Gega oedjaring wong nglampra,
Mila toewan ngedjawa,
Adol oemoek sadé kawroeh,
Moeljané nagari Ngarab.

Déné kawoela oedani,
Woedjoedé nagari Mekah,
Manoengsané arang tjéwok,
Tanah padas awis toja,
Tanem toewoeh tan medal,
Panas banter awis djawoeh,
Wong kang boedi achli halar.

Mastani Mekah nagari,
Kénging moesibating Allah,
Nagri tjilaka arané,
Wongé neboet sija - sija,
Marang Asmaning Allah,
Katah sadé bangsanipoen,
Kinarja réntjang toembasan.

Djinamah datanpa kawin,
Pinadakken sato kéwan,
Ingkang sanès agamané,
Tan èngèt sami manoengsa,
Sami toeroening Adam,
Padoeka késah dèn goepoeh,
Padoeka tijang doeraka.

Nagri tanah Djawi ngriki,
Nagari kang soetji moelja,
Madya asrep lan panasé,
Tanah pasir mirah toja,
Barang tinanem medal,
Estri ajoe djaler bagoes,
Madya loewes kang witjara.

Rembag pandoeka poeniki,
Dédé rembaging sardjana,
Rembagé wong tété oré,
Prakara kang nora njata,
Jèn toewan arsa wikan,
bl. 27 Tengahé djagad satoehoe,
Ing ngriki nggèn linggih koela.

Padoeka oekoer samangkin,
Jèn tjidra rembag kawoela,
Kawoela dampéjan djotos,
Rembag padoeka kesasar,
Tanda jèn kirang nalar,
Kirang neda boedi kawroeh,
Aremen sija sikara.

Kang jasa retja poeniki,
Maha Praboe Djajabaja,
Langkoeng toewan digdajané,
Padoeka mangsa sageda,
Ngepal lampahing djaman,
Padoeka késah dèn goepoeh,
Jèn tan késah sapoenika.

Soen oendangken ari mami,
Toenggoelwoeloeng Kelced arga,
Padoeka kawoela krojok,
Padoeka mangsa menanga,
Ahoenten koela bekta,
Mlebet kawah redi Kelced,
Sajekti padoeka soesah.

Poenapa Soenan kapéngin,
Manggèn séla kados amba,
Soemangga mring séla balé,
Dadosa moerid kawoela,
Soenan Bénang ngandika,
Tan nedya noeroet remboegmoe,
Sira sétan brekasakan.

Sanadyan kawoela demit,
Taksih pangkat demit radja,
Langgeng moelja salaminé,
Padoeka dèrèng kantenan,
Jèn moelja kadya koela,
Jèn tékad pandoeka roesoeh,
Aremen sija sikara.

Mila padoeka Ngedjawi,
Wonten Ngarab Sanget nakal,
Dadya karan tijang awon,
Jèn toewan najaka moelja,
Mokal késah mring pradja,
Mila ontjat saking Ngarboen,
Woes pasti salah lan radja.

Tandané wonten ing ngriki,
Toewanmaksih ngoelandara,
bl. 28 Maoni adating oewong,
Angarce birce agama,
Damel risaking tanah,
Maoni warna woes bagoes,
Kaseboet angger nagara.

Wong maoni wangoen betjik,
Lan karja risaking tanah,
Maoni adating oewong,
Agama loeloehoer koena,
Wadjib ratoe aniksa,
Bincewang dateng Menadoe,
Ngandika Sinoehoen Bénang.

Woh kembangé dadap iki,
Saiki soen wèhi aran,
Kembangé tjélœng aranè,
Aran lédœng œwohira,
Ingsoen katjéloeng nalar,
Kalawan keladœng remboeg,
Dadya saksiningsoen woentat.

Soen padoe lan ratoe demit,
Kalah kawrœh kalah nalar,
Katelah praptèng samangké,
Woh dadap klédœng ranira,
Katjéloeng kembangira,
Sang wikœ malih nabda roem,
Soen pamit moelih mring Bénang.

Padoeka késah dèn aglis,
Akarja sangaring kisma,
Jèn dangœ - dangœ nèng kéné,
Akarja soesahing kita,
Anarik larang pangan,
Panas banter awis djawoeh,
Soenan Bénang sigra méntar.

Ki Boeta Lotjaja moelih,
Wadyané kinèn bibaran,
Ja ta genti winiraos,
Nagari ing Madjalengka,
Sang Prabœ Brawidjaja,
Endjing siniwèng wadya goeng,
Balabar lir dangang joetan.

Dandanggoela.

bl. 29 Patih Gadjah Mada awotsari,
D œh poekœloen kawoela toer wikan,
Poen patik tampi soeraté,
Abdi Tœban Tœmenggœng,
Kertasana atoer œpeksi,
Nagarai Kertasana,
Asat lèpènipoen,
Kang saking Kediri pedjah,
Njimpang ngétan salèring kita Kadiri,
Kénging ing sabdanira.

Soenan Bénang ngœlama ing Tœbin,
Pinten - pinten doesoen karisakan,
Sampoen katœr sadajané,
Lir kang kaseboet ngajœn,
Langkoeng doeka Sri Narapati,
Ki Patih Gadjah Mada,.
Ingagnja loemakœ,
Amriksa mring Kertasana,
Anitija wadya lit asiling boemi,
Kang risak déning toja.

Soenan Bénang kinèng animbali,
Tan alami praptaning tjaraka,
Ki Gadjam Mada atœré,
Estoe leres poekœloen,
Kertasana kasatan warih,
Doeta kang saking Tœban,
Manembah œmatœr,

Poekoeloen ngoelami Bénang,
Tan pinanggih noedjoe késah saking panti,
Tan wikan poercegira.

Angandika Nata èsmoe roentik,
Ikoe Patih pra ngoelama Ngarab,
Nora lamba ing karepé,
Wikoe ndog aranipoen,
Poetih djaba djeroné koening,
Nora marem dedekah,
Neres ringin koeroeng,
Hèh Patih sira toendoenga,
Bangsa Ngarab kang anèng ing poelo Djawi,
Moendak ngribedi pradja.

Amoeng Demak lawan Ngampèlgading,
bl. 30 Soen lilani anèng tanah Djawa,
Nglestarèkna agamané,
Lijané loro ikoe,
Lah celihna asalé lami,
Lamoen tan arsa loenga,
Poekoelen prang poepoeh,
Matoer Patih Gadjah Mada,
Inggih leres ing karsa pandoeka Goesti,
Ngoelama Giripoera.

Tigang warsa tan sowan Sang Adji,
Boten asoek oebektining pradja,
Nedya rerempon tjiptané,
Tan ngrasa ngising ngcjoeh,
Neda ngombé nèng tanah Djawi,
Lan malih namanira,
Santri Giri ikoe,
Ngoengkoeli amma pandoeka,
Apaparab Soehoena Ngahénaljakin,
Poenika temboeng Arab.

Djarwa Soehoenan poenika boedi,
Djarwanipoen Ngahénal makripat,
Jakin wercoh wikan déwé,
Nama tingal kang teroes,
Soerasané ing temboeng Djawi,
Nama Praboe Satmata,
Poenikasma loehoer,
Nglangkoengi asma pandoeka,
Ngirib - irib tingalé Hjang Maha Soetji,
Wikan tan kasamaran.

Ngalam doenja boten wonten malih,
Ingkang asma Sang Praboe Satmata,
Moeng Batara Wisnoe déwé,
Kala djoemeneng ratoe,
Wonten Mendang-kasapta nagri,
Ngandika Sri Naréndra,
Poekoelen prang poepoeh,
Ki Patih matoer sandika,
Sigra boedal kalawan angirid baris,
Gepoek ing Giripoera.

Bcebar giris wadyabala Giri,
Tan koewawa loemawan joeda,
Ki Gadjahmada pamoeké,
Soenan Giri loemajoe,
Marang Bénang panggih Sang Jogi,
bl. 31 Aminta koekoewatan,
Loemawan prang poepoeh,
Nadahi wong Madjalengka,
Tan tjinatoer prangira wong Madjapait,
Lawan ing Giripoera.

Sampoen kotjap babad Madjapait,
Anggitanja poedjangga ing koena,
Amrih gantjar tjaritané,
Ing wektoe mangsa ikoe,
Tanah Djawa woes mèn sapalih,
Ngrasoek agama Islam,
Pasisir sadaroem,
Ing lor saoeroetira,
Lan tengahan ing kidoel maksih netepi,
Agama Boedi Boeda.

Pan siniegeg tjrita Madjapait,
Soenan Bénang woes roemangsa lepat,
Antoek Nata doedoekané,
Tan arsa kèndel dangoe,
Anèng wisma noempak palwa glis,
Lan Soenan Giripoera,
Mring Demak woes panggoeh,
Lan Adipati Bintara,
Pan ingebang wroehanira ki Dipati,
Iki tekaning mangsa.

Risakira kraton Madjapait,
Oemoerira satoes tigang warsa,
Sangka panawangkoe kéné,
Kang kelar dadi ratoe,
Mengkoe ing ngrat satanah Djawi,
Gentèni ramanira,
Kaprabòning ratoe,
Moeng sira ikoe kang kelar,
Atas sangking karsaning Hjang Maha Loewih,
Samengko rembeg ingwang.

Lah roesaken nagri Madjapait,
Lawan aloes demit ingkang samar,
Ajwa kawentar ing akèh,
Sowana Banda Moeloed,
Roemantija sikeping djoerit,
Sawadya balanira,
Pra Soenan sadaroem,
Miwah sagoenging Boepatya,
Bawahira kang oewis mandjing Islami,
Koempoelna anèng Demak.

bl. 32 Samoedana ngadegaké masdjid,
Jèn woes koempoel soen kang awèh nalar,
Marang para Soenan kabèh,
Miwah para Toemenggoeng,
Kang woes salin agama Ngarbi,
Sajekti noeroet mring wang,
Pra Soenan sadaroem,
Oematoer Sang Adipatya,
Oeloen adjrih ngriaèk nagri Maèspait,
Mengsah soedarma Nata.

Kaping tigangpoen ambetjiki,
Soeng noegraha kamoektèn nèng doenja,
Poenapa soen walesaké,
Moeng setya toehoe oeloen,
Dawoehipoen soewargi kjai,
Soehoenan Ngampèldenta,
Tan parenga moengsoeh,
Mring rama sanadyan Boeda,
Pan poenika djalaran oeloen doemadi,
Woedjoed gesang nèng doenja.

Boeda kapir kapiré prabadi,
Nama bapa wadjib lincehoerna,
Lan dèrèng wonten lepaté,
Kangdjeng rama mring oeloen,
Soenan Bénang ngandika aris,
Sanadyan moengsoeh bapa,
Betjiki lan ratoe,
Nora ana walatira,
Ngroesak kapir, Boeda kawak sira manggih,
Gandjaran swarga moelja.

Soenan Ngampèl ikoe santri meri,
Goendoel bentoel boedeng tan wroeh nalar,
Moeng djaga godogan baé,
Sapira kawroehipoen,
Sajid Rahmat ing Ngampèlgading,
Botjah lahiran Tjempa,
Tan pada lan ingsoen,
Sajid Kramat Soenan Bénang,
Tedak rascel kang pincedji wong saboemi,
Pancetané wong Islam.

Sira moengsoeh ramanira Adji,
Nadyan dosa dosa wong sadjoega,
Toer toewa kapir woedjoedé,
Jèn kalah bapakamoe,
bl. 33 Sajektiné wong tanah Djawi,
Samja Islam sadaja,
Sapira begdjamoe,
Ncegrahanirèng Pangéran,
Tikel ping boeh sihing Djang Kang Maha Loewih,
Kang toemiba mring sira.

Satemené ramanira Adji,
Loewih sija poetoe marang sira,
Ingkang dadya pratandané,
Sira pinaring djoeloek,
Aran Babah ikoe tan betjik,
Tegesé aran Babah, i
Ikoe temboeng sarce,
Bagé mati bagé gesang,
Widji Djawi ginawa mring Tjina poetri,
Moelané iboenira.

Pinaringken Palémbang Dipati,
Arja Damar wong pranakan Boeta,
Amegat sih sajektiné,
Tetep galih tan ajoe,
Ramanira Sri Narapati,
Moelané remboeg ingwang,
Walesen lan alces,
Ing lahir adja ketara,
Ing batiné sesepen rahé dèn enting,
Mamahen balcengira.

Soenan Giri anamboengi angling,
Ingsoen iki poetoe lincoroegan,
Mring ramanta cetoesané,
Tan ana dosanipoen,
Ingaranan raPaton mami,
Sabab tan arsa sèba,
Marang Madjalangoe,
Soembaré si Gadjahmada,
Jèn katjandak ingsoen nedya dèn koetjiri,
Lan kinèn goejang sona.

Lan sakèhing santriningsoen sami,
Akèh Tjina kang samja Ngedjawa,
Nèng Giri soen Islamaké,
Kang moeni kitab ingsoen,
Jèn wong Islam ngéslamken kapir,
Jekti tampa gandjaran,
Soewarga ing bésoek,
Moelané keh bangsa Tjina,
Kang mring Giri soen Slam sadaja sami,
Soen anggep koelawarga.

Praptaningsoen kéné ngoengsi oerip,
bl. 34 Marang sira wedi Gadjahmada,
Lawan ramanira anggèr,
Déné sengit kalangkoeng,
Mring wong santri kang poedji dikir,
Ingaran lara ajan,
Awan soré ésoek,
Jèn sira tan ngoekoehana,
Jekti roesak agama Moechamad Nabi,
Naoeri Sang Dipatya.

Langkoeng leres ingkang angloeroegi,
Wong raraton tan ngrasa kaprintah,
Mring ratoe kang mbawahaké,
Woes wadjibé dèn oekoem,
Linoeroegan dipoen pedjahi,
Dika boten roemangsa,
Mangan ngising ngoejoeh,
Wonten djroning tanah Djawa,
Kang makaten poenikoe woes datan sisip,
Soenan Bénang ngandika.

Jèn tan sira remboeg wektoe iki,
Kapraboné poetoe ramanira,
Jèn sira anti soeroedé,
Sajekti pasrahipoen,
Mring Dipati ing Panaragi,
Krana poetra pangarsa,
Miwah poetra mantoe,
Ing Pengging Ki Dajaningrat,
Mangsa pasrah kaprabon mring sira kaki,
Dén sira poetra ngandap..

Nora wadjib djoemeneng Narpati,
Moempoeng iki ana lawang menga,
Giri dadi djalarané,
Angroesak Madjalangoe,
Nadyan mati moengsoeh lan kapir,
Jekti tampa gandjaran,
Mati nemoe ajoe,
Nampani soewarga moelja,
Woes wadjibé wong Islam mati lan kapir,
Njoengkemi mring agama.

Lawan wadjibira ing ngacerip,
Angoepaja noegraha nèng doenja,
Daradjat kang loehoer déwé,
Jèn oerip nora weroeh,
Nora mélik daradjat lahir,
Lamoen sipat mancengsa,
bl. 35 Mesti mélikipoen,
Mengkoe pradja angrèh wadya,
Apan ratoe kalipahira Hjang Widdi,
Nganggo sakarsa dadya.

Satemené sira woes pinasti,
Dadi ratoe anèng tanah Djawa,
Goemanti ramanta anggèr,
Nanging ta lahiripoen,
Koedoe sandi dèn ichtijari,
Hineboet lawan aprang,
Ikoe saratipoen
Jèn sira tan ichtijara,
Sajektiné sihing Hjang pinoendoet malih.
Sira nampik sihing Hjang.

Ingsoen amoeng darma andjoercengi,
Kang woes wercoh sadoercenging winarah,
Soen semprong woes katon djénggié,
Soemrawang kawroehingsoen,
Nora samar ing dalem gaib,
Sira ingkang katingal,
Sing sih Hjang Agoeng,
Dadi ratoe tanah Djawa,
Amoerwani njalini agama soetji,
Bérat agama boeda.

Katah - katah dawcehé Sang Jogi,
Ngébang - ébang marang Sang Dipatya,
Mamrih ngadeg kasoerané,
Angrasoek Madjalangoe,
Dèn mingsili tjarita Nabi,
Kang pada ngroesak bapa,
Kapir nemoe ajoe,
Ingsoen iki wong wis toewa,
Menangana adegira Narapati,
Paring idi mring sira.

Rahajoené adegira Adji,
Moeter ing ngrat mengkoe tanah Djawa,
Lestarija sabandjoeré,
Sang Dipati oematoer,
Jèn makaten karsa Sang Jogi,
Kawoela namoeng darma,
Loemampah satoedoeh,
Padoeka XXXXXXXX kang botohana,
Soenan Bénang pangandikanira aris,
Ja ikoe soen karepna.

bl. 36

Jèn woes gelem sira soen botohi,
Lah kirima lajang arinira,
Dipati Teroeng dèn agé,
Kang rapet temboeng aloes,
Lah antepen arinirèki,
Apa abot ring Nata,
Apa bot sedoelcer,
Toewa toer toenggal agama,
Jèn adimoe Dipati Teroeng ngroedjoeki,
Adegira Naréndra.

Gampang banget ngroesak Madjapait,
Madjalengka sapa dèn andelna,
Jèn oewis balik si Koesen,
Si Goegoer maksih timoer,
Mangsa dadak wanija getih,
Gadjamada woes toewa,
Woengkoek ambalengkoek,
Dèn toetoek baé palastra,
Mangsa kelar nadahi joedanta kaki,
Sigra Sang Adipatya.

Kirim soerat mring Terceng Dipati,
Tan alami prapta kang tjaraka,
Woes tinampèn wangsoelané,
Sang Dipati ing Terceng,
Pan djinoeroeng bijantoe kapti,
Sakarsané kang raka,
Serat noelja katcer,
Ing Djeng Soehoenan Bénang,
Soeka ing tyas Sang Wikoe doepi mijarsi,
Soerate Sang Dipatya.

Soenan Bénang angandika aris,
Atoerana pra Soenan sadaja,
Jèn ingsoen anèng ing kéné,
Lan Boepati sadarcem,
Samoedana ngadegken masdjid,
Tan lama sami prapta,
Pra Soenan sadarcem,
Miwah kang para Dipatya,
Pakoempoelan parloe ngadegaken masdjid,
Sawcsé masdjid dadya.

bl. 37 Para Soenan lan para Boepati,
Salat soeboeh nèng masdjid sadaja,
Sawoesnja bakda salaté,
Tinoetoep korinipoen,
Soenan Bénang ngandika aris,
Hèh sagoeng para Soenan,
Boepati sadarcem,
Lamoen remboeg sira pada,
Sang Dipati Bintara soen degken Adji,
Mengkoe rat tanah Djawa.

Sarta bedah kraton Madjapait,
Ngroesak kapir nora nemoe dosa,
Nampani soewarga tembé,
Jèn sira pada remboeg,
Prajogané ing dina iki,
Ki Dipati Bintara,
Ingsoen angkat ratoe,
Moempoeng woes koempoel sadaja,
Para Soenan lan sagoeng para Boepati,
Samekta saha wadya.

Para Soenan lan para Dipati,
Sabijantoe djoemoeroeng sakarsa,
Soenan Bénang timbalané,
Sèh Siti Djenar matoer,
Sanget malang karsa Sang Jogi,
Remboegé para Soenan,
Boepati sadarcem,
Siti Djenar pinedjahan ,
Soenan Giri kang kinèn, nglawé nelasi,
Pedjah noelja na swara.

Eling - éling ngoelama ing Giri,
Sira nora soen wales ngakérat,
Ingsoen wales doenja baé,
Dèn ènget sira béscek,
Lamoen ana Naréndra Djawi,
Kanti wong bangsa toewa,
Soen lawé goelcemoe,
Soenan Giri doek mijarsa,
Anaceri béscek wani mengko wani,
Mangsa ingsoen moengkira.

bl. 38

Woes mangkana bijantoening kapti,
Nglestarèkken kang sampoen rinembag,
Aang Adipati adegé,
Gja ingidènan sampoen,
Sang Dipati djoemeneng Adji,
Mangkoe rat tanah Djawa,
Sarta djoedjoeloek,
Sénapati Djimboeningrat,
Patihira tijang sangking Ngatas Angin,
Nama Patih Mangkoerat.

Endjingira samektèng ngadjoerit,
Para Soenan lan para Dipatya,
Mimba grebegan lakoené,
Rijaja bakda Moeloed,
Wadya alit tan ana ngerti,
Ing wadinirèng lampah,
Moeng para toemenggoeng,
Kang sampoen agama Islam,
Para Soenan lan sagoeng para Ngoelami,
Soenan Giri lan Bénang.

Datan toemoet marang Madjapait,
Pawadané woes sepèh tan koewat,
Namoeng paring idi baé,
Rahajoenirèng lakoe,
Salat kadjat wonten ing masdjid,
Moehoeng kang para Soenan,
Boepati sadarcem,
Oemiring Soeltan Bintara,
Tan kawarna ing marga lampahing baris,
Kotjapa Madjalengka.

Patih Gadjahmada sangking Giri,
Tinoedoeh ngrampas para Ngoelama,
Woes sowan ngarsa Pamasé,
Nembah sarwi oematoer,
Amba sampoen dinoetèng Adji,
Moekoel prang Giripoera,
Loemawan ing poepoeh,
Sénapatining Ngajoeda,
Bangsa Tjina ngrasoek agami Islami,
Nama poen Setjaséna.

bl. 39

Mangsah mentjak dadamelnja abir,
Sawadyané tri atoes watara,
Sami mentjak kawignjané,
Brengos daplang das goendoel,
Nganggé soerban panganggé kadji,
Mangsah prang ting pantjolat,
Kadya walang kadoeng,
Wadya toewan anandjata,
Ting djengkélang tan ngelar nadahi mimis,
Poen Setjaséna pedjah.

Ingkang kantoen gesang sami ngili,
Wadya Giri ngoengsi ing wanarga,
Wenèh ngambang samodrané,
Praptèng Giri loemajoe,
Dateng Bénang kawoela oengsir,
Ngoelami Giri Bénang,
Ladjeng noempak praoe,
Lajar angambang samodra,
Oeloen kinten ladjeng minggat mring Ngarabi,
Tan wangsoel Angedjawa.

Sri Naréndra angandika aris,
Sira Patih paringa oeninga,
Mring si Patah dipoen agé,
Dawcehna dawceh ingsoen,
Jèn ngoelama Bénang lan Giri,
Prapta nagara Demak,
Dèn tjekelen goepoeh,
Atoerna bandan ngarsèngwang,
Dosanira santri Bénang ngroesak boemi,
Tanah ing Kertasana.

Dosanira Ngoelama ing Giri,
Nora arsa séba ing ngarsengwang,
Nedya rerempon djakaté,
Patih sandika mcendoer,
Sapraptaning pasowan djawi,
Ladjeng matah tjaraka,
Gandèk dwi ingoetoes,
Moendi nawala Naréndra,
Marang Demak kasaroe doeta prapti,
Sangking Pati Boepatya.

Toer nawala marang Kjana Patih,
Woes tinampen binoeka winatja,
Mangkana serat tembocngé,
Sembah soemoengkem oeloen,
Ménak [illegible] Toendjoengpoera ing Pati,
Katoer Kijahi loerah, Awijos atoer wroeh,
bl. 40 Samangkja Dipati Demak,
Babah Patah sampoen madeg Narapati,
Wonten nagari Demak.

Soenan Bénang kalawan ing Giri,
Ingkang dadya pangadjenging karsa,
Angebang-ebang kalihé,
Ing adegipoenratoe,
Mengsah ratoe lawan soedarmi,
Samangkja Babah Patah,
Awrat goeroenipoen,
Angèngèngaken soedarma,
Woes ingèstrèn adegira Narapati,
Amengkoe tanah Djawa.

Ingkang ngangkat Boepati pasisir,
Sawadyané kang Islam sadaja,
Ingkang ngidèni adegé,
Para Soenan sadaroem,
Sahawadya bijantoe kapti,
Ambedah Madjalengka.
Djedjoeloeking ratoe,
Sénapati Djimboeningrat,
Kang pinoedji kang dèn emboen wong saboemi,
Samangkja sampoen boedal.

Moekoel ing prang nagri Madjapit,
Saha wadya saksapraboning prang,
Wadya tri leksa katahé,
Menggah ing koendjoekipoen,
Maha Praboe ing Madjapait,
Soemanggka Kjai loerah,
Soerat titi sampoen,
Pati tanggil kaping tiga,
Woelan Moeloed ing tanoen noedjoe Djimakir,
Sèwi Tri atoes asta.

Mangsa nawa prangbakat marengi,
Kjana Patih woesnja tampi soerat,
Djetoeng gereng - gereng gĕdĕg,
Toemengèng wijat neboet,
Ja Batara Déwa kang loewih,
Langkoeng gawok tyas ingwang,
Wong Islam sadaroem,
Datan betjik kandoetanja,
Agamané nakal alamé basiwit,
Tan ngélingi ing woentat.

bl. 41 PA Pangkoer.

Kja Patih wangsoel mring poera,
Praptèng ngarsa Nata oematoer aris,
Doeh Poekoeloen Maha Praboe,
Kawoela toer oeninga,
Poetra Demak toewan ing Demak samangkja sampoen,
Madeg Nata anèng Demak,
Djedjoelokira Nerpati.

Sénapati Djimboeningrat,
Para Soenan ingkang ngangkat ngideni,
Miwah Boepati sadaroem,
Pasisir kang woes Islam,
Poetra toewan samangké woes boedal ngloeroeg,
Getjak nagri Madjalengka,
Akarja boewana balik.

Kagjat Praboe Brawidjaja,
Getoen ngoengoen éram sadjroning galih,
Djegreg dangoe tanpa moewoes,
Kagagas ing wardaja,
Ingkang poetra lan pra Soenan sadaroem,
Koloe ngroesak Madjalengka,
Sakarepé dèn toeroeti.

Ingidèn pinaring pangkaj,
Déné mangké karja boewana balik,
Lingeroeh datan koepanggoeh,
Dèn nalar - nalar woedar,
Lahir batin tan ana ingkang tinemoe,
Ingkang dadya sababira,
Kang poetra lan pra Ngoelami.

Teka arsa ngroesak poera,
Soengkawanja Batya goeng kang lingewih,
Sinemonan ing Déwa goeng,
Tyasé koembang maésa,
Dipoen mangsa toemané kindjir sadaroem,
Wasana alon ngandika,
Maha Praboe Madjapait.

Patih apa sababira,
Ja si Patah lawan para Ngoelami,
Koloe ngroesak Madjalangoe,
Tan tolih kabetjikan,
Kjana Patih Gadjahmada nembah matoer,
bl. 42 Tjepet tyas kawoela,
Tan saged matoer ing Goesti.

Déning tebih sangking nalar,
Dèn saèni walesipoem ngawoni,
Tjrita kang kaseboet nèng boek,
Pikoekoehing wong Djawa,

Djawa Djawi kang mangerti agal aloes,
Wadjibé jèn binetjikan,
Sajektiné males betjik.

Amoeng lagja tijang Islam,
Dèn saèni walesé angawoni,
Tetep lawan sebcetipoen,
Aneboet nama Allah,
Ila - ila tijang Islam batosipoen,
Poetihé djaba kéwala,
Nanging djeronipoen koening.

Béda sebceté wong Boeda,
Nebcet Djagad Dèwa goeng kang linoewih,
Djagad nikce aranipoen,
Dèwa boedi lan hawa,
Raga boedi poenika ing karepipoen,
Nglesboerken asmaning edad,
Ikoe poedji kang prajogi.

Aneboet Nabi Moeghamad,
Rascellcelah panoenggoel para Nabi,
Moechamad makamah koeboer,
Koeboer rasa kang salah,
Milanipoen bengak-bengok saben ésoek,
Nekem weteng tjaloemikan,
Djoengkar - djoengkir ngamboeng boemi.

Sakèhing pangan winada,
Trantjam tjatjing petjel koetjing sinirik,
Dèndèng ketèk opor loetoeng,
Bebotok oela sawa,
Saté rasé lemeng kirik pindang asoe,
Bekakak babi andapan,
Gorèngan kodok lan tjindil.

bl. 43

Getjok lintah mementahan,
Bètjèk sona djerohan oesoes ati,
Kapé koewoek bestik gembloek,
Ikoe winastan karam,
Langkoeng sengit kalamoen ningali asoe,
Pangirèngsoen teroes ing tyas,
Batiné resik patjerin.

Ing wace ngandel kawoela,
Marang santri gènira sengit kepati,
Tan arsa anggepok asoe,
Oelamé dèn karamna,
Moeng wadosé dèn karsakna saben daloe,
Kinalalken tanpa pisah,
Mila oelamé sinirik.

Goemoedjeng goegoek Sang Nata,
Ja mangkono kodjahé jaji Dèwi,
Poetri Tjempa maring ingsoen,
Moela tjèlèng lan sona,
Karo ikoe kinaramken dagingipoen,
Asoe nepsoe asalira,
Tjèleng ikoe tjolong maling.

Jèn iwakira pinangan,
Marang djanma tékadé nencelari,
Gelem njolong soegih napsoe,
Kadya tjèlèng lan sona,
Patih Gadjahmada manembah oematoer,
Déné gelaré prajoga,
Lahir batiné tan betjik.

Ngandika Sri Brawidjaja,
Wroehanira Patih prakara iki,
Soen dèwé kang maha loepoet,
Gagampang mring agama,
Kang woes kanggé loeloehoer toeroen - toemoeroen,
Kagiwang ing atoerira,
Jaji Dèwi Dwarawati.

Jèn agama Radoellolah,
Soetji moelja tinimbang lan lijaning,
bl. 44 Dadya tyas ingsoen kaloeloen,
Kagiwang atoering Dyah,
Angidèni para Ngoelama sadaroem,
Mentjaraken gama Islam,
Ing Djawa oeroet pasisir.

Sasenengira wong Djawa,
Mandjing Islam manira datan menging,
Déné ikoe toekoelipoen,
Teka nasar belasar,
Nora nana kabetjikan kang tinemoe,
Ilang tataning mancengsa,
Den betjiki angalani.

Rata - rata awonira,
Nora nana sidji kang achli boedi,
Ikoe gawoking tyas ingsoen,
Moeng manis remboeg ngarsa,
Ing batiné angandoet watoe sagenoek,
Kinarja ambandem sirah,
Jwa nganti mindo gawèni.

Djanma Islam watakira,
Kaja tikoes praptané dingkik - dingkik,
Djaloek pangan oerip lemoe,
Ingsoen oembar angreda,
Ngentèkaké parikoe sak loemboeng Bandoeng,
Soen dèwé nora memangan,
Mati wareg tanpa tai.

Waregé moeng wareg soesah,
Tanpa isi berasé pari enting,
Telas dèn mangsa ing tikoes,
Tekadé loewih sasar,
Pcedji dikir kinarja ngidjir pakéwoeh,
Salat karja lat-alatan,
Oelatan panggawé sisip.

Panganggo séta lir sétan,
Poetih djaba ing djeroné abang langking,
Soen soewoen maring Dèwa goeng,
Moegi winalesena,
bl. 45 Soesah ingsoen mring wong Islam ikoe bésoek,
Koewalik agamanira,
Djanmoa wong koetjir béndjing.

Déné tan wroeh kabetjikan,
Soen betjiki walesi angalani,
Sabdanira ratoe agoeng,
Sadjroning kasoesahan,
Tinarima marang Dèwa kang linangkoeng,
Sineksènan ing bawana,
Pratanda djoemegloeg moeni.

Geter dèdèt érawatya,
Awit ikoe koentoel ana kang koetjir,
Soenan Ngoelama sadarcem,
Ngrangkep nama walikan,
Mratandani katrima pandoewoenipoen,
Maha Prabce Brawidjaja,
Marang Déwa kang lincewih.

Katelah prapta samangkja,
Para Soenan Ngoelama nama wali,
Koentoel koetjir gitokipoen,
Ngandika Sri Naréndra,
Hèh ta Patih paran kang dadi rembocgmoe,
Prakara praptaning mengsah,
Santri ingkang ngreboet nagri.

Apa linawan ing aprang,
Apa ora Patih matoer wotsari,
Doeh poekoeloen Maha Praboe,
Sahadjengira adjang,
Sinagahan ing aprang sawontenipoen,
Sri Naréndra angandika,
Hèh weroeha sira Patih.

Abot sanggané si Patah,
Pra Boepati pasisir éka kapti,
Woes toenggal agamanipoen,
Sawadya balanira,
Lah wawasen Sénapatining prang poepoeh,
Ing Teroeng si Adipatya,
Timbangeh abot mring endi.

Si Patah kalawan ingwang,
bl, 46 Patih Gadjamada oematoer aris,
Panimbang amba poekoeloen,
Awrat mring padoeköndra,
Kang ngengkakken sing ngandap praptèng ngaloehoer,
Ingangkat dadya manggala,
Ing Teroeng nama Dipati.

Sri Naréndra angandika,
Pandoegèngsoen Dipati Teroeng balik,
Ngèntèngaké marang ingsoen,
Abot sadoeloer toewa,
Kapindoné anoenggal agamanipoen,
Toenggal tanah kalahiran,
Moelané soen kira balik.

Getoen ngoengoening tyas ingwang,
Jèn si Patah mélik dadi Nerpati,
Dèn soewoena kranaé aloes,
Karaton tanah Djawa,
Soen paringken karana betjik poenikoe,
Oemoeringsoen kari kè pira,
Moeng kamoeksan soen oelati.

Teka pinoekoel ing joeda,
Tinggal tata adaté bangsa iki,
Tan ana panantangipoen,
Anganggé adat kéwan,
Nora ngétoeng pratingkah kang bener loepoet,
Moengsoeh bapa pindo Nata,
Ping teloe agawé betjik.

Jèn ingsoen lawanan aprang,
Ingsoen wirang gincejce boemi langit,
Bapa moengsoeh lawan soence,
Sincerak déning Déwa,
Tan roemangsa wong toewa woengkoek woes gapoek,
Soen tandingi pada toewa,
Soen arsa lolos mring Bali,

Ing woeri mangsa bodowa,
Soegoehana ing prang moeng sawetawis,
Ajwa ngroesakken wadya goeng,
Lan sira nimbalana,
Poetraningsoen Dipati Pengging dèn goepoeh,
Lan Dipati Panaraga,
bl. 47 Sawadya kaprabon djoerit.

Jèn manira nimbalama,
Goenging wadya Boepati mantja nagri,
Kesoesoe praptaning moengsoeh,
Wadya Demak woes tjedak,
Moengsoeh santri sajékti perangé roesoeh,
Atinggal kramaning aprang,
Santri kedil ngrajah asil.

Manira iki woes toewa,
Nora kelar djenengi ing ngadjoerit,
Perak marang moeroedingsoen,
Lan abot iki mengsah,
Angendelké si Goegoer wong doeroeng ngoemoer,
Lagja étja goenem rasa,
Kasaroe gègèring djawi

Wong Demak angepoeng poera,
Para Soenan samja mangsah ngawaki,
Goegoep tyasira Sang Praboe,
Lolos sangking djro poera,
Sabdapalon Naja Génggong kang toet poengkoer,
Kjana Patih Gadjahmada,
Bremantya mangsah ing djoerit.

Asta Boepati Najaka,
Djaga pradja pra mantri magersari,
Kang samja soemiwèng Praboe,
Pra poetra poenakawan,
Samja goegoep samja njandak gaman ngamoek,
Mangsah anglir singalodra,
Sadaja woes ambeg pati.

Tri leksa wadya ing Demak,
Tigang èwoe wadya ing Madjapait,
Sareng tjampoeh ing prang poepoeh,
Bedil moenja sapisan,
Mangsah rocket tjampoeh toembak lawan sangkoeh,
Pedang lameng lan koeléwang,
Gja rangsang-rinangsang keris.

Wong Madjalengka lir parang,
Kadya aloen wadya ing Demak nagri,
Kang tinempoeh koekoeh bakoeh,
bl. 48 Wadya Demak anoendjang,
Toempes ngarsa ing woeri prapta goemoeloeng,
Prawira para Ngoelama,
Woes nedya mati prang sabil.

Soeraknja kadya ampoehan,
Para moekmin tan kendat meedji dikir,
Laillaha Illoelahoe,
Moechamad Rasoellolah,
Lakaolla koewata sangking Hjang Agoeng,
Djajca wadya ing Demak,
Apesa wong Madjapait.

Pra Soenan lan Pra Boepatya,
Samja mangsah ngawaki ing ngadjoerit,
Goerce santri para kaoem,
Wong Madjalengka tadah,
Pra Boepati sadaja angamoek poenggoeng,
Kang tinempoes tetoempesan,
Kang woeri ancendjang wani.

Wantoenja karoban lawan,
Wong tri ewoe woes toempes ing ngadjoerit,
Amoeng kantoen ladjeripoen,
Patih para najaka,
Ngamoek ringoet kang katradjang boebar laroed,
Binéndrong sing katebihan,
Asta najaka woes mati.

Rahadyan Lemboepengarsa,
Poetra Nata angamoek mobat - mabit,
Tinadahan Soenan Koedoes,
Ramé watang - winatang,
Dangoe - dangoe Rahadyan winatang lampoes,
Gadjahmada mangsah joeda,
Angamoek lir bantèng kanin.

Ki Patih lir toegoe wadja,
Datan pasah tapak tilasing kikir,
Tanapi tapaking paloe,
Mjang sisaning goerénda,
Tegoeh timboel koewat kengkeng otot loenjoe,
Tan ana bradja toemama,
bl. 49 Kang katradjang boebar ngisis.

Angamoek lir gadjah meta,
Kang tinradjang leboer atoempes tapis,
Wangkéning wong toempes soengsoen,
Siniwo woeri ngarsa,
Kanan kéring kang tinempoeh sirna laroed,
Kang tadah kaloemah pedjah,
Pinedangan ing Ki Patih.

Binéndrong saking tebihan,
Lir garimis tibané ponang mimis,
Kadya oedan tibèng watoe,
Tan ana kang toemama,
Soenan Ngoedoeng noelja mangsah ngembat lawoeng,
Loemarap toembak tan pasah,
Kjana Patih males aglis.

Anggotjo lawan tjoeriga,
Djaaja boetoel Soenan Ngoedoeng ngemasi,
Ingebjoekan wadya agoeng,
Sapira koewatira,
Wong sadjoega Ki Gadjamada woes lampoes,
Koewandanja ilang moesna,
Noelja na swara kapjarsi.

Hèh éling-éling wong Islam,
Dèn betjiki ing Goesti angalani,
Ngreboet pradja amrih lampoes,
Soen wales sira béndjang,
Ingsoen adjar wereh nalar bener loepoet,
Soen damoni sirahira,
Ramboetmoe soen tjoekoer bresih.

Pra Soenan mandjing djro poera,
Angoelati Sang Nata tan pinanggih,
Djroning poera amoeng kantoen,
Ratoemas Dwarawatya,
Ingatoeran mring Bénang soemingkir sampoen,
Wadyalit mandjing mring poera,
Andjarah rajah abresih.

Wadyalit tan ana lawan,
Radèn Goegoer lolos tan bekta dasih,
bl. 50 Dipati Teroeng gja rawoeh,
Bjantoe ngrajah djro poera,
Boekoe-boekoe betoewah Boeda tincenoe,
Tan ana kèri satoenggal,
Pikoekoeh agama Boedi.

Wadyalit ambjar soemebar,
Bètèng bangsal Teroeng ingkang djagèni,
Wong Islam pradjoerit Teroeng,
Prèntahé Sang Dipatya,
Jèn wong Boeda ngoengsi bètèng kinèn nglampoes,
Wong Boeda ngoengsi wanarga,
Kang teloek ngoempoel djro poeri,

Lajoné para najaka,
Boeda Islam kinoempoelaken sami,
Sadaja sareng kinceboer,
Sakidoel wétan poera,
Winastanan ing Tralaja koetanipoen,
Koeboernja poetra palastra,
Rahadyan Lemboepangarsi.

Wong Boeda kang teloek ing prang,
Pan sadaja ingislamaken sami,
Pra samja kinèn aneboet,
Maring asmaning Allah,
Lawan neboet Moechamad Rasoellolahoe,
Pan kinèn ngoetjap sahadad,
Sawoesira tigang ari.

Sigra boedal Soeltan Démak,
Marang Ngampèl anjaré tigang ari,
Ingkang pinatah ing poengkoer,
Baris nèng Madjalengka,
Kjana Patih Mangkoerat Dipati Teroeng,
Djagani pakéwoehing prang,
Jèn ana wadya ambalik.

Sénapatining ngalaga,
Soenan Koedœs neng Bètèng Teroeng baris,
bl. 51 Dadyaw wawakiling Praboe,
Kanti para Ngoelama,
Tigang atoes salat kadjat saben daloe,
Jèn sijang anderes Koer'an,
Trebangan dikiran tahlil.

Wadya saparo binekta,
Marang Ngampèl para SoenanBOepati,
Samja oemarek Sang PrabOe,
Prapta ing Ngampèldenta,
Tjinarita Djeng Soenan Ngampèl woes soeroed,
Namoeng kantoen ingkang garwa,
Asal sangking nagri Tjoebin.

Poetrané Sang Arja Tédja,
Nagri Toeban ginarwa mring Sang Jogi,
Sasédanira Sang wikoe,
Djeng Soenan Ngampèldenta,
Anèng Ngampèl pan maksih sinepoeh - sepoeh,
Mringwadya ing Soerabaja,
Kang wajah mangsah ngabekti.

Rinangkoel loengajanira,
Genti - genti para Soenan soeng taklim,
Miwah Boepati sadaroem,
Ganti mangsah toer sembah,
Woesnja tata alenggah kang wajah matoer,
Ejang kawoela toer wikan,
Ing Madjalengka nagari.

pan sampoen kawoela bedah,
Kangdjeng rama lolos sangking nagari,
Kalawan poen jaji Goegoer,
Itjal boten kantenan,
Patih Gadjahmada loemawan prang poepoeh,
Tinadahan para Soenan,
Djeng Soenan Ngoedoeng ngemasi.

Sinoedoek djadjanja tatas,
Kjai Patih oegi sampoen ngemasi,
Oeloen sampoen madeg ratoe,
Mengkoe rat tanah Djawa,
Aran oeloen inggih Sémapati Djimboen,
Inggih Panembahan Plémbang,
bl. 52 Kadaton Demak nagari.

Sowan kawoela poenika
Ing pandoeka éjang anoewoen idi,
Tetep oeloen madeg ratoe,
Amengkoe tanah Djawa,
Roen - toemoeroen praptèng poetra wajah boejoet,
Sampoen ngaralira,
Jwa wonten ingkang njelani.

Njai Ageng doek mijarsa,
Ingkang wajah rinangkoel dèn tangisi,
Ginagas sadjroning kalboe,
Dosa geng tri prakara,
Moengsoeh ratoe soedarma tanapi asoeng,
Noegraha kamoektèn doenja,
Rinoesak tanpa prekawis.

Lan ènget kasaénanja,
Ingkang oewa Brawidjaja Nerpati,
Para Ngoelama sadaroem,
Ingoedja sakarsanja,
Pinaringan siti sapametoenipoen,
Wong Djawa kang nedya gantya,
Agama tan dèn wangeni,

Ing mangkja winales ala,
Tanpa dosa amoeng tan arsa salin,
Agama Rasoellolahoe,
Lolos sangking djro poera,
Tanpa wadya tan kawoewan doenoengipoen,
Béda lawan soegengira,
Woesana nganthika aris.

Poetoe soen tanja ing sira,
Satemené toetoera kang sadjati
Sapa bapakmoe satoehoe,
Sapa kang ngangkat sira,
Dadi ratoe ana tana Djawa ikoe,
Lan sapa ngidèni sira,
Apa sabab sira wani.

Wani ngroesak Madjalengka,
Salah apa Sang Praboe Madjapait,
bl. 53 Déné sira ikoe poercen,
Sikara tanpa dosa,
Ingkang wajah alon dènira oematoer,
Sangking wartosé poen éjang,
Soedarma kawoela jekti.

Naréndra ing Madjalengka,
Brawidjaja djedjoelokira Adji,
Ingkang ngangkat dados ratoe,
Mengkoe ing tanah Djawa,
Prapta Boepatya pasisir sadajanipoen,
Kang ngidèni para Soenan,
Sawadya bijantoe kapti.

Ngroesak nagri Madjalengka,
Prakawisé amoeng tan arsa salin,
Agama Rasoellolahoe,
Kawoela tan doeraka,
Kjirnakaken soedarma kang kapir koepoer,
Boeda kawak ngangkak-angkak,
Dawoek lir kawoek tan éling.

Tan arsa agama Islam,
Doek mijarsa Njai Ageng asroe djrit,
Kang wajah rinangkoel gapjoek,
Doeh poetra wrcehanira,
Sira ikoe nemoe doerakèng Hjang Agoeng,
Dosanira tri prakara,
Ratoe toer nganggo soedarmi.

Betjiki asoeng noegraha,
Sira wani ngroesak tanpa prekawis,
Anané Islam lan koepoer,
Sapa kang karja Islam;
Amoeng sidji Pangéran kang Maha Loehoer,
Tan kena pineksa - peksa,
Rinoda genti agami.

Lamoen doeroeng karsanira,
Praptèng pati jekti dipoen andemi,
Njoengkemi agamanipoen,
Jèn woes pinarengena,
Marang Allah tan soesah pinardi ikoe,
Woes pasti karsa prijangga,
Angrasoek agami Nabi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangéran kang sipat rahmat,
Nora akon cetawa nora menging,
Wong salin agamanipoen,
Sasenengé prijangga,
Nora niksa wong kapir kang nora loepoet,
Tan gandjar marang wong Islam,
Ingkang toemindak kang betjik.

Moeng bener lan loepoetira,
Dèn adili lawan teteping adil,
Lalar-loeloeren asalmoe,
Iboemoe poetri Tjina,
Nembah Pèkkong woedjoed gambar retja watoe,
Tan kena sira sengita,
Mring wong kapir Boeda Boedi.

Tanda tékadmoe lapisan,
Tékad santri anganggo adat katri,
Moela bléro paningalmoe,
Tan cening leres lepat,
Amoeng djaré angakoe poetra Sang Prabоe,
Moela sira koloe bapa,
Angrocsak tanpa prekawis.

Béda tékadé wong Djawa,
Djawa Djawi mangerti mata sidji,
Jekti wercah bener loepoet,
Kang betjik lan kang ala,
Jekti wedi mring bapa kapindo ratoe,
Betjiki asoeng nœgraha,
Ikoe wadjib dèn bektèni.

Eklasé djroning wardaja,
Nora nijat ngabekti mring wong kapir,
Nijat bekti bapa ratoe,
Woes wadjibing mancengsa,
Jekti bapa ing ratoe kang pinisepoeh,
Wong tan bekti ratoe bapa,
Oerip tanpa mata jekti.

bl. 55 Poetoe soen mangsili tjrita,
Pan djenengan wong Agoeng Koeparmani,
Akrama poetri Madajoen,
Poetra Prabœ Noesirwan,
Kapir kawak koemawak dawoek abawoek,
Pada lawan Narpatinta,
Prandéné dèn adji - adji.

Toer ikoe bapa mratoewa,
Soeprandéné wong Ménak wedi asih,
Toer sengit mring mantoenipoen,
Sabab sédjé agama,
Mintasraja pra ratoe kang sampoen woedoe,
Kinèn njirnakken wong Ménak,
Wong Agoeng meksa wedyasih.

Ikoe paloepi cetama,
Kalakoewan kang kanggo wong linoewih,
Tan kadya tékadmoe poetoe,
Bapa sinija - sija,
Doepèh kapir Boeda kawak roen-toemoeroen,
Tan arsa ganti agama,
Poenikoe dcadoe prakawis.

Djalaran roesaking pradja,
Apa sira woes nganggo angatoeri,
Poetoe mring soedarma Praboe,
Kinèn salin agama,
Soeltan Demak alon dènira oematoer,
Kawoela dèrèng Djeng éjang,
Ngatoeri santoen agami.

Njai Geng mèsem ngandika,
Loewih loejoet tindakira poeniki,
Nadyan pra Nabi roemoehoen,
Ibrahim miwah Moengsa,
Toewin Nabi Moehamad kang siraenoet,
Pada moengsoeh lan wong toewa,,
Prakara salin agami.

bl. 56

Nanging tan sepen atoeran,
Ginelaran moedjidjat temen Nabi,
Atas karsaning Hjang Agoeng,
Kinèng ngrata agama,
Tan tinoeroet wong toewa bandjoer dèn moengsoeh,
Nadyan moengsoeh lan wong toewa,
Lahir batiné tan sisip.

Balik ingkang kaja sira,
Kaja ngapa moedjidjatira kaki,
Jèn njata Klipatollahoe,
Wenang njalini sarak,
Atas sangking karsané Hjang Maha Agoeng,
Agé sira wetokena,
Njatané ingsoen arsa wrin.

Kang wajah alon toerira,
Boten gadah moedjidjat kados Nabi,
Moeng mitoeroet oengeling boek,
Jèng ngislamken wong kopar,
Jekti tampi gandjaran sawarga besoek,
Njai Geng goemoedjeng latah,
Oedjar djaré dèn soengkemi.

Djaré boekoané wong Ngarab,
Doedoe boekoe poesakané leloeri,
Moeng kasoesoe minta lemoe,
Soegih daging -dagingan,
Wong ngoembara tinoeroet sakarepipoen,
Kang nglakoni soesah roesak,
Moeng raganira pribadi.

Tanda kawroehira mentah,
Nora mateng teroes ing lahir batin,
Kena boedjoeké wong boesoek,
Wani bapa toer radja,
Moeng kesoesoe kepéngin djoemeneng ratoe,
Moeter ing rat tanah Djawa,
Sinom roesak tanpa mikir.

Sinom.

Sira santri sasantrènan,
Doedoe santri achli boedi,
bl. 57 Dalilmoe kitab ketatab,
Ing kawroeh kang gampang roempil,
Ngendelken dèstar poetih,
Poenikoe poetihing kaentoel,

Tjemer pamangsanira,
Peetih djaba ing djro abrit,
Tanpa goena matja kitab saben dina.

Doek swargi mratoewanira,
Sira sowan njoewoen idi,
Arsa bedah Madjalengka,
Kjai Geng nora marengi,
Dawoehé wanti – wanti,
Ajwa moengsoeh bapa ratoe,
Bareng saiki séda,
Dawoehé kok tradjang wani,
Santri apa wani nerak marang dosa.

Sira djalcek idi mringwang,
Tetepmoe dadya Nerpati,
Moeter ing ngrat tanah Djawa,
Ingsoen tan wenang ngidèni,
Bangsa tjilik toer estri,
Tan wenang ngidèni ratoe,
Aran soengsang boewana,
Idikoe temah mlarati,
Balik sira wadjib paring idi mringwang,

Karana Kalipatolah,
Ing sadjroning tanah Djawi,
Sira dèwé ingkang toewa,
Sacetjapmoe idoe geni,
Kang kadyaawak mami,
Toewa toewan aranipoen,
Metoe awak kemoelan,
Metoe endjing wedi warih,
Amoeng sira ingkang tetep toewa Nata.

Poetoe soen mingsili sira,
Tjarita patang prekawis,
Wong gégé kaprabon bapa,
Ing kitab kijamat moeni,
Kraton nagari Mesir,
Pandjenengan Nabi Dawoed,
Poetranira kang toewa,
bl. 58 Abésalam kang wewangi,
Moengsoeh bapa anggégé keprabon Nata.

Djeng Dawoed kèngser sing pradja,
Abésalam kang goemanti,
Sawoesé antara mangsa,
Nabi Dawoed sarta dasih,
Wangsoel amoekoel nagri,
Sang Abésalam loemajoe,
Gja ngoengsi wana wasa,
Ginawa bandang toeranggi,
Pan katjangkol tenggaknja nèng lata wreksa.

Koedané teroes loemadjar,
Abésalam ikoe kèri,
Tenggoknja kadjiret lata,
Goemantoeng wreksa ngemasi,
Ikoe koekoeming Widdi,
Jèn wong wani bapa ratoe,
Malih ana tjarita,
Ing tanah Djawa roemijin,
Tanah Mendang Sang Praboe Dèwatatjengkar.

Anggégé keprabon rama,
Sang Praboe Sindoela Adji,
Kena sabdané kang rama,
Dadi boeta angadjrihi,
Sadina dar wong didji,
Tan lama djenenging ratoe,
Ana brahmana prapta,
Sangking Sabrang angedjawi,
Adji Saka anggelar kadibjan soelap.

Wong Djawa asih sadaja,
Mring Déwatatjengkar geting,
Dji Saka dèn anggep radja,
Ratoené dipoen perangi,
Ambjoer sagara Indi,
Salah roepa dadi badjoel,
Mangka isi samodra,
Tan lama noeli ngemasi,
Moengsoeh sarpa Djaka Lingloeng wastanira.

Tjritanja Sri Lokapala,
Nama Praboe Danapati,
Lan rama Resi Wisrawa,
Ramé prang reboetan poetri,
Toer bapa ingkang sisip,
Prandéné meksa kasikoe,
Dinoekan marang Déwa,
Adja manèh lir sirèki,
Moengsoeh bapa sikara tanpa prakara.

Jekti oeripmoe tjilaka,
Patimoe malbèng joemani,
Ikoe oekoeming Pangéran,
Wong kang kaja sira iki,
Embeh oekoeming Widdi,
Marang sira ikoe bésoek,
Soeltan Demak mijarsa,
Njai Ageng dènira ngling,
Anelangsa getoen kang woes kelampahan.

Pra Soenan lan pra Boepatya,
Kang djoemeroeng angrodjongi,
Adegmoe dadya Naréndra,
Lan bedahnja Madjapait,
Dosa kedik toer tjilik,
Moeng sidji moertat ing ratoe,
Sabab sédjé agama,
Dosané tan dadya koedis,
Balik sira dosa gedé tri prakara,

Ikoe sira tanpa timbang,
Gelem baé anglakoni,
Linebokaken loroban,
Lan sagoeng para Ngoelami,
Miwah para Boepati,
Déné sira tan soemoeroep,
Ingkang nemoe tjilaka,
Malebo naraka api,
Kang nglakoni dosa geng sira pribadya.

Toer kélangan ratoe bapa,
Seboetanmoe nora betjik,
Roesak oetamaning djanma,
Gincejoe isining boemi,
Salawasira oerip,

bl. 60 Roemaket nama tan arces,
Katoedjoe menang aprang,
Moengsoeh bapa kaki - kaki,
Lah étoengen goenggoengen kaoepoetanira.

Nadyan sira martobata,
Marang Pangéran lincewih,
Kaja tan olèh ngapoera,
Kakéhan loepoetmoe kaki,
Dingin moengsoeh soedarmi,
Kapindo moertat ing ratoe,
Toer ngroesak kabetjikan,
Apa tjatjadé Sang Adji,
Sira roesak pradjané tanpa karana.

Dipati ing Panaraga,
Batara Katong pradjoerit,
Ikoe poetra Madjalengka,
Andajaningrat ing Pengging,
Ikoe mantoe Sang Adji,
Karoné pradjoerit woedoe,
Ikoe mangsa trimoa,
Roesaké ing Madjapait,
Jekti laboeh ing bapa roesaking pradja.

Ikoe abot sangganira,
Angantep tangkeping djoerit,
Laboeh ratoe pindo bapa,
Ping teloe ngrebeet nagari,
Wit timoer praptèng mangkin,
Saben dina adjar poepoeh,
Woes wignja ngadoe bala,
Adjoe-oendoering pradjoerit,
Balik sira poenikoe bangsa Ngoelama.

Kapan nggonmoe adjar joeda,
Moeng mangéran poedji dikir,
Lamoen bengi salat kadjat,
Njilih swarané Hjang Widdi,
Ikoe jèn den paringi,
Bisa metoe karamatmoe,
Jèn datan pinaringan,
Djengkinga kongsi kepésing,
Tiwas boendas batoekmoe tan menang aprang.

bl. 61 Ngendelaké soegih djapa,
Pasa moetih pati geni,
Amrih mandi tenoengira,
Ikoe kaki ngapirani,
Prakarané wong djoerit,
Ingkang narik asor cenggoel,
Amoeng tjarita ngarsa,
Kang bener lawan kang sisip,
Kapindoné soegih gaman atoel joeda.

Tambang tantingira lawan,
Akèh kediking pradjoerit,
Bener akèh wadyanira,
Ikoe kabèh bangsa santri,
Moeng adjar ngentep kendil,
Mangsa petjoesa prang poepoeh,
Ngendelken pra Boepatya,
Pasisir kang Islam sami,
Islam anjar adaté maksih toegelan.

Samangsa sampoen ajoeda,
Tékadira moengal-moengil,
Nimbang bener lawan lepat,
Mangsa mèloewa wong sisip,
Kang bener dèn iloni,
Ambalik madyaning poepoeh,
Ikoe tan sira timbang,
Moeng ngendelken sira wani,
Doedoe lakoe prakarané wong ajoeda.

Mitoeroet sebcetan kitab,
Jèn wong mati prang lawan kapir,
Aran mati sabillolah,
Ginandjar sawarga bèdji ,
Poenikoe ngapirani,
Kang perang sabil satoehoe,
Nalarmoe perangana,
Patènana ingkang sisip,
Lah pendemen oeroegana bebeneran.

Benera mata satoenggal,
Ajwa bener nétra kalih,
Samar kalingan pepadang,
Beneré anganan ngéring,
bl. 62 Jèn beneré woes sami,
Nganggo bener mata teloe,
Tegesé teloe telas,
Beneré moeng moerih asil,
Nadjis mekroeh jèn énak kinalalena.

Tandané bener ranira,
Lan para Soenan Ngoelami,
Lakoe ngroesak Madjalengka,
Nora pisan angèngeti,
Kabetjikaning Adji,
Moeng kescesoe énggal lemoe,
Soegih daging dagangan,
Soetjina rajab jen mati,
Moela tan wroeh betjiké ratoe lan Bapa.

Sanadyan moengsoeh wong koempra,
Jen sira moerwani sisip,
Sajekti mati tjilaka,
Sandyan moengsoeh Islami,
Jèn bener rané kaki,
Woes pasti mati rahajoe,
Jwa doeprèh kapir Beda,
Pada toeroen Adam Nabi,
Woedjoedira ja mancengsa kadya sira.

Wong cerip anèng ing doenja,
Dosané limang prekawis,
Dosa Allah lan Moechamad,
Kapindo goeroe Nerpati,
Ping tiga jajah bibi,
Garwa poetra kaping tjatoer,
Lima marang sasama,
Dosa ingkang angka sidji,
Wong kang cerip nganggo goroh samar-samar.

Wong kang dosa goeroe radja,
Wong wani goeroe Nerpati,
Wong kang dosa jajah réna,
Wong wani bapa lan bibi,
Wong dosa garwa siwi,
Wong tan ngreksa garwa soence,
Dosa marang sasama,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wong sikara tanpa oewit,
Lan wong tan wroeh kabetjikaning sasama.

Sira timbanga pribadya,
bl. 63 Toetoerkoe woes kotjap ngarsi,
Sira kaseboet Ngoelama,
Sajekti wroeh bener sisip,
Soeltan Demak mijarsi,
Karoena sadjroning kalboe,
Alon ing atoerira,
Doeh éjang kados poenapi,
Dosa oeloen mring Allah matoempa - toempa.

Nji Ageng Ngampèl ngandika,
Sira tan dosa mring Widdi,
Dosa mring soedarmanira,
Goesti Allah moeng ngadili,
Kang bener lan kang sisip,
Ingkang salah dipoen oekoem,
Sinèlehan nèng kérat,
Binelok sadjroning geni,
Soeltan Demak oematoer sarwi karoena.

Rèhning sampoen kalampahan,
Poenapa wincewoes malih,
Pan namoeng tedah pandoeka,
Ingkang kawoela lampahi,
Njai Geng ngandika ris,
Jèn sira noeroet remboegkoe,
Ramamoe oelatana,
Ketemoewa ngendi - endi,
Atoerana kondoer marang Madjalengka.

Jèn ramanta maksih kersa,
Angasta keprabon Adji,
Anceli sira djoendjoenga,
Tetepé kadya ing ngoeni,
Kari pira Sang Adji,
Joeswané anceli soeroed,
Lan sira anjoewoena,
Ngapoera loepoetmoe kaki,
Jèn tan karsa ramamoe djoemeneng Nata.

Soewoenen ing rilanira,
Ing Djawa sira ratoni,
Idiné kang teroes ing tyas,
Dadi betjik lahir batin,
Tan ginoejoe ing boemi,
Sira pantjija ramamoe,
Dahar boesananira,
Gawèkna kadaton ngardi,
Sapraboté Pandita jwa nganti koerang.

Hèh ta nggèr kawroehanira,
Nadyan wong satanah Djawi,
Angidèni marang sira,
Tetepmoe madeg Nerpati,
Jèn nora dèn idèni,
Ramanira Sanga Praboe,
Lamoen tyasnja tan rila,
Sira nora kelar kaki,
Dadi Nata nèng Djawa sabandjoerira.

Ajwa doepèh kapir Boeda,
Ikoe betoewah Nerpati,
Sawétané tanah Ngadjam,
Jèn kongsi gela kang galih,
Menawa animbali,
Poetra wajah para ratoe,
Sawétan tanah Djawa,
Sawadya keprabon djoerit,
Meksih abot sanggoenira ing ngajoeda.

Karana sagoeng pra radja,
Kanan kéring tanah Djawi,
Kabèh kawengkoe santana,
Pada widji Madjapait,
Manawa angèngeti,
Darbé ratoe pinisepoeh,
Sinija tanpa dosa,
Anganteb tangkeping djoerit,
Sabijantoe angreboet ing Madjalengka.

Jekti prang gedé gempoeran,
Kadya doek prang oeroe Besmi,
Madjapait lan Blambangan,
Pira - pira kang pepati,
Toer Ménakdjingga sisip,
Prandéné pada bijantoe,
Iki wong toewanira,
Beser nganggo ratoe loewih,
Sajektiné ing prang nedya poepoengkasan.

Poetoe lamoen sira menang,
Tetep djoemeneng Nerpati,
Jèn kalah kènoeja - koeja,
Ketjandak dipoen kpatèni,
Wong Islam dikoetjiri,
Toer sira ikoe katempoeh,
Koesaking wadyabala,
Kang sirna madyaning djoerit,
Pada nagih mring sirai bésoek nèng kérat.

bl. 65 Ramanta djoemeneng Nata,
Tan lama noeli ngemasi,
Ing tanah Djawa kelija,
Sira nora andarbèni,
Pramila XXXXXXXXXXXX remboeg mami,
Toeroeten ingkang satoehoe,
Antinen soeroedira,
Nadyan prang reboet nagari,
Moengsoeh kadang poenikoe tan dadi apa.

Sanadyan kalah menangan,
Tan ginoejoe boemi langit,
Woes loemrah wong mangran dradjat,
Lamoen soedarma ngemasi,
Anak areboet waris,
Poesaka kang loewih perloe,
Lamoen gégé samangkja,
Lan bapa reboet nagari,
Kalah menang dadya gegoejoning djagad.

Katoedjoené menang perang,
Moengsoeh bapa kaki - kaki,
Woengkoek bengkoek soekoe tiga,
Endi sebotanmoe betjik,
Loking djana moeng sisip,

Ikoe sira dipoen émoet,
Ajwa nradjang kanistan,
Tolihen awakmoe XXXX kaki,
Hamanira ratoe agoeng Binatara.

Iboenira poetri Tjina,
Agama mitoercet Ngarbi,
Aran djanget ingatigan,
Djembar djadjahanirèki,
Déné akendel ngisin,
Moengsoeh bapa kang woes pikoen,
Sarce tinon ing katah,
Moenggoeh remboegkoe samangkin,
Lah koeliha marang nagaranira XXX Demak.

Adja loemakoe pribadya,
Ngoelati ramanta kaki,
Manawa giris tyasira,
Kemloeroesen angemasi,
Betjiké Soenan Kali,
Kinèn loemakoe angloeroeh,
Ajwa anggawa wadya,
Loemakoewa tjara santri,
Jèn kepanggoeh dèn genahena kéwala.

bl. 66

Jèn karsa dèn atoerana,
Kondoer marang Madjapait,
Djoedjoeg ing Ngampèldenta,
Jèn nora karsa Sang Adji,
Adja kok peksa kaki,
Manawa roentik tyasipoen,
Ngandika anjoepata,
Poenikoe jekti mlarati,
Woes mangkata sadina iki boebara.

Noelja sami aboebaran,
Sawadyanira tan kèri,
Djeng Soeltan kondoer mring Demak,
Soenan Kali kang ngoelati,
Loemakoe tjara santri,
Moeng sabat XXXX kalih kang toemoet,
Noeroet pasisir wétan,
Sinigeg Djeng Soenan Kali,
Kangdjeng Soeltan sawadya anggoeladrawa.

Dandanggoela.

Sampoen prapta ing Demak nagari,
Kangdjeng Soeltan Bintara sawadya,
Oemjoeng goemoerceh swarané,
Kang prapta lan kang metoek,
Soeka - soekaning tyas anginting,
Ngoelama pradja désa,
Nratjak kacelipoen,
Jen djaja prangé goestinja,
Dikir Moeloed belèh wedoes sapi pitik,
Tahlil dikir trebangan.

Santri moerid sami kacel ngemis,
Marang pasar sadina ping sanga,
Pating gerandoel kasangé,
Sapepakirèng boetoeh,
Jèn kinarja memoelé Nabi,
Soeltan Bintara panggja,
Kalawan Sang wikoe,
Kangdjeng Soehoenan ing Bénang,
Angandika praptamoe pada basoeki,
Lakoemoe mangoen joeda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Apa asor apa oenggoel djoerit,
Kangdjeng Soeltan alon atoerira,
Sampoen bedah karatoné,
Nagari Madjalangoe,
Pra poenggawa kang lawan djoerit,
Samja toempes ing joeda,
Margi kagèt goepoeh,
Kjana Patih Gadjahmada,
Saha wadya ngamoek poenggoeng ambeg pati,,
bl. 67 Gaman bedang tjoeriga.

Wadya Demak panggah anadahi,
Kinarotjok wadya pra Boepatya,
Moeng patih kang tegoeh dèwé,
Soenan Ngoedoeng gja nempoeh,
Anglarihi nanging tan titis,
Gadjahmada angrangsang,
Dateng Soenan Ngoedoeng,
Pinardjaja djadja tatas,
Kapisanan Soenan Ngoedoeng angemasi,
Sigra para Boepatya.

Para Soenan panggah anadahi,
Pinarboetan Gadjahmada pedjah,
Nanging sirna koewandané,
Noelja na swara kroengoe,
Angatoerken ingkang pepéling,
Soeka Soehoenan Bénang,
Mèsem ngandika roem,
Soewarané wong woes mdar,
Wedi apa bésoek wani mengko wani,
Moengsoeh wong kapir Boeda.

Ora tjidra ing pambatang mami,
Madjalengka sapa dèn andelna,
Jèn oewis balik si Koesèn,
Si Goegoer maksih timoer,
Mangsa dadak wani ing gatih,
Gadjahmada woes toewa,
Woengkoek ambalengkoek,
Tinoetoek baé palastra,
Nora kelar nadahi joedamoe kaki,
Moeda sedeng oemoerna,

Wadya Demak ladjeng mandjing poeri,
Angoelati Djeng rama tan ana,
Lolos tan wikan poerogé,
Toewin poen jaji Goegoer,
Samja lolos tan bekta dasih,
Kang kantoen wonten poera,
Amoeng Kangdjeng Iboe,
Pramèswari Dwarawatya,
Koela toeri njingkir mring Bénang roemijin,
Noeboet atoer kawoela.

bl. 68 Wonten déné jaji Adipati,
Nagri Teroeng woes goemantyèng joeda,
Asikep lan gegamané,
Ladjeng bijantoe poepoeh,
Djarah rajah sadjro-ning poeri,
Boekoe betoewah Boeda,
Kincempoel sadaroem,
Ladjengé kawoela bakar, DIMÈ`
Dimèn sirna pikekah agama Boedi,
Goemoedjeng Soenan Bénang.

Ikoe bener pikirira kaki,
Lamoen maksih boekoe sarak Boeda,
Wong Djawa awèd kapiré,
Kongsija sèwoe taoen,
Mangsa dadak ganti agami,
Noet sarak Rasoellolah,
Datan nedya émoet,
Aneboet asmaning Allah,
Lawan neboet asmanira Kangdjeng Nabi,
Moechamad Rasoellolah.

Mangsa nijat salat kadji dikir,
Kangdjeng Soeltan Bintara toerira,
Bètèng - bètèng sadajané,
Ing bangsalan ing Teroeng,
Wadya Islam ingkang djagèni,
Paréntahé Raji mas,
Adipati Teroeng,
Kalamoen ana wong Boeda,
Ngoengsi bètèng sadaja toempesen sami,
Déné jèn djanma Islam.

Ngoengsi kinèn anjoekani kori,
Mila tijang Boeda ambjar boebar,
Mawoed saparan - parané,
Ngoengsi mring wana goenoeng,
Kang loemawan dipoen perangi,
Kawoela tigang dina,
Anèng Madjalangoe,
Ladjeng dateng Ngamgèldenta,
Noewoen idi tetep koela madeg Adji,
Mring iboe mara toewa.

Ingkang toegoer wonten Madjapait,
Andjagèni kang poetra santana,
Jèn wonten kang moengkar tyasé,
Jaji Dipati Teroeng,
Lawan Patih Mangkoerat nenggih,
bl. 69 Wadyané pra Dipatya,
Sapalih kang toemoet,
Sapalih kawoela bekta,
Dateng Ngampèl nèng Teroeng sipeng tri ari,
Minta pakèweding prang.

Kang kawoela anggé Sénapati,
Ingkang dadya sesoelih kawoela,
Ing bètèng Teroeng barisé,
Inggih Pangéran Koedoes,
Pramoegari misésa baris,
Kanti para Ngoelama,
Sadaja tri atoes,
Saben dalce salat kadjat,
Dikir Moeloed tansah moedji sijang latri,
Tahlil dikir trebangan.

Para Soenan lan para Boepati,
Gja cemiring ing koela sadaja,
Oeloen sapraptaning Ngampèl,
Woesing pranata oeloen,
Para Soenan lan Pra Boepati,
Noelja lenggah satata,
Kawoela ematoer,
Kang dadya parloe kawoela,
Njoewoen idi tetep oeloen dadya Adji,
Amengkoe tanah Djawa.

bl.

Saha koela ngatoeri oedani,
Bedahipoen nagri Madjalengka,
Lan kangdjeng ruma lolosé,
Toewin poen jaji Goegoer,
Oegi lelos tan bęgta dasih,
Pedjahé Gadjamada,
Loemawan ing poepoeh,
Iboe sanget doekanira,
Sarwi moewoen ngoeman - oeman dateng mami,
Toewin Soenan Ngoelama.

Winastanan djanma tanpa Boedi,
Déné tan wroeh kabetjikan radja,
Asikara tanpa wité,
Nanging panimbang oeloen,
Inggih leres Djeng iboe Njai,
Sampoen katoer sadaja,
Ing sadoekanipoen,
Njai Ageng Ngampeldenta,
Poerwa madya woesananira angenting,
Poetoesé kang rinembag.

bl. 70 Soenan Bénang djetoeng datan angling,
Nging sinamoer jwa kongsi katara,
Kang dadya kaloegoetané,
Mring Ratoe Madjalangoe,
Ing woesana ngandika aris,
Déné merangi tatal,
Nalarira ikoe,
Wong woes mati ingoeripan,
Tékadira mati tengah nglangi XX pinggir,
Nganggo tékad oerakan.

Wong kang ngerti teroes lahir batin,
Mangan goela woes prapta ing dada,
Dipoen oeloe sadajané,
Emboeh dadiné poengkoer,
Loewih karsanira Djang Widdi,
Djanma kang achli nalar,
Ngaranan sirèkoe,
Ingaranan bangsa toegelan,
Nora moerni noewoehaké njawa kalih,
Katanda tékadira.

Moengal - moengil tan woeroeng katahil, X
Ing pakéwoeh dadi tiwasira,
Marga koerang kantepané,
Sira noeroet iboemoe,
Iboemira ikoe pawèstri,
Tan wenang dadi iman,
Amoerwani lakoe,
Prakara ngremboeg nagara,
Jèn wong wadon weroehé moeng oejah trasi,
Woes kotjap djroning kitab.

Jèn wong lanang noeroet ing pawèstri,
Nadyan bodjo sanadyaXXXXXX
Woes pasti dadi tiwasé,
Sabab èstri poenikoe,
Tetep aran oewong sadjati,
Nglowong moeng dadi tadah,
Tan wenang tinantoen,
Prakara ngremboeg nagara,
Apa manèh bener ilepoeting agami,
Woes tamtoe sasarira.

Sira aran tijang kang sedjati,
Tijang ikoe pikoekoehing palwa,
Nora kena mèngléng - mèngléng,
Koedoe djedjeg abakoeh,
Anèng tengah amikoekoehi,
Sira woes dadi XXXXXX iman,
Amcerwani lakoe,
Pancetan wong Djawa Islam,
Jèn tyasira mirang - miring nengah minggir,
Dadi XX tiwasing katah.

Para Soenan lan para Boepati,
Woes angangkat sira dadi radja,
Ngratoni wong Djawa kabeh,
Ran Sénapati Djimboen,
Kang pinoedji di mboen saboemi,
Djalcek idi wanodya,
Asor bangsanipoen,
Daradjadé loehoer sira,
Nadyan toewa nora wadjib angidini,
Djenengira Naréndra.

Dadi sira kena dèn arani,
Djalma moelja didjak dadi koempra,
Andjalcek idi wong wadon,
Apa sira tan wereeh,
Seboetané Tadjoesalatin,
Lamoen bangsa wanodya,
Apes doewèkipoen,
Tan kena tinari karja,
Dadi sira anerak angger nagari,
Sisikoening kalipah.

Oepamané ramanira Adji,
Sira angkat bali dadi radja,
Poelih getih kadya bijen,
Pra Boepati woes soejoed,
Animbali kang poetra kalih,
Dipati Pénaraga,
Miwah poetra mantoe,
Ing Pengging Andajaningrat,
Nora woerceng pasti sira dipatèni,
Sapa kang malangana.

Angilangaké endog sawidji,
Iboe andap toer sédjé agama,
Woes agawé salah gedé,
Moertad ing bapa ratoe,
Woes wadjibé dipoen patèni,
Woes sah seboetan kitab,
Koekoemé linampoes,
Toer nora sira pribadya,
Sawadyamoe kang pada bijantoe balik,
bl. 72 Sah wadjib pinatènan.

Dadi sira kena dèn arani,
Djanma roesak koedoe ngadjak - adjak,
Anggawa papati kabèh,
Lamoen wereeha ingsoen,
Tékadira anengah minggir,
Moelad woeri lan ngarsa,
Ingsoen datan poercaya,
Ambotchi marang sira,
Ingsoen senggoeh mantep tetep troesing pati,
Mantepé tékadira.

Wong kang ngerti teroes lahir batin,
Mangan goela woes prapta ing dada,
Dipoen oeloe sadajané,
Emboeg dadiné béscek,
Loewih karsanira Hjang Widdi,
Woes sedya nglawan ing prang,
Moengsœh bapa ratoe,
Nadyan Bapa ratoe Boeda,
Woes kalalloen tan ana batal karami,
Pinangan djanma Islam.

Nora ana ing sawidji - widji,
Nadjis mekroeh sadajané sirna,
Wong kapir asli darbeké,
Kang woes kasœr prangipoen,
Djanma Islam ingkang darbèni,
Sanadyan ta wanoedya,
Wenang dèn dol ikoe,
Kinarja batoer toembasan,
Sampoen kalal djinamah datanpa kawin,
Woes sah seboetan kitab.

Balik mengko paran ta kang dadi,
Poengkasané kekarepaniya,
Toetoera soen roengokaké,
Enaké atiningsœn,
Lamoen tékadira lestari,
Ambedah Madjalengka,
Soen idèni ikoe,
Dadi ratoe tanah Djawa,
Sabandjoeré prapta anak poetoe bénadjing,
bl 73 Jèn sira moeroengena.

Sira mancet maratoewa èstri,
Ingsoen moelih marang nagri Ngarab,
Aneng kéné tanpa gawé,
Mangsa woeroenga lampoes,
Aoer tanpa bisa ngelar agami,
Lah ija oetjapena,
Enggal gotak - gatoek,
Jèn sira lestarèkena,
Gènja ngroesak karaton ing Madjapait,
Amoengsœh bapa Nata.

Nanging sira tetep dadya Adji,
Moengsœh bapa wenang tinobatan,
Mring Hjang njoewœn ngapoerané,
Nedya moengsœh wong sepœh,
Ratoe kapir tan doerakani,
Lepèhané woes ana,
Pra Nabi roemœhœn,
Ibrahim Moesa Moechamad,
Pada moengsœh wong toewa kang pada kapir,
Nemœ moelja rahardja.

Lamoen woeroeng ngroesak Madjapait,
Sira dosa goeroe kang sanjata,
Loewih gedé doerakané,
Jèn wong dosa ing goeroe,
Nora wenang dipoen tobati,
Sabab kang mœroehena,
Dadalan krahajœ,
Ing oerip praptèng antaka,
Kangdjeng Soeltan ing Bintara sareng mijarsi,
Sabdané Soenan Bénang.

Getoen djegreg dangoe datan angling,
Pan roemangsa kaloepetanira,
Kadoedon lakoe tindaké,
Madjoe moendoer kabentoes,
Ing pakéwoeh kang gampang roempil,
Tiba kesandoeng rata,
Kabentoes ing wangwoeng,
Kapengkok nalar kang samar,
Madjoe moendoer doeraka ing lahir batin,
Mangkana osiking tyas.

Jèn woeroenga ngroesak Madjapait,
Dosèng goeroenira kang sanjata,
Loewih gedé doerakané,
Jèn dèn bandjoerna ikoe,
Dènja ngroesak ing Madjapait,
Dosa mring bapa radja,
Nanging dadi ratoe,
Salah wenang tinobatan,
Ing woesana djeng Soeltan oematoer aris,
Inggih koela ladjengna.

Gèn kawoela ngrisak Madjapait,
Rèhning ngoeni kawoela woes sagah,
Dateng iboe Nji Geng Ngampèl,
Manawi rama kondoer,
Koela angkat Nerpati malih,
Amengkoe tanah Djawa,
Kadya ingkang sampoen,
Sajekti kawoela tjidra,
Boten wandé kawoela dipoen doekani,
Mring iboe maratoewa.

Kados poendi gen koela mangsoeli,
Sabab koela tjidra ing oebaja,
Soenan Bénang ngandikané,
Lah ikoe gampang koeloep,
Mora soesah ngoepaja pikir,
Adja tjidra ngoebaja,
Woewoes kang woes meloe,
Jèn ramanira woes prapta
Lah séboa marang nagri Madjapit,
Sawadya sikep ing prang.

Krigen kabèh Boepati pasisir,
Sawadyané sikep kaprabon prang,
Kira wong tri leksa kehé,
Para Soenan sadaroem,
Djaken séba mring Madjapait,
Lamoen sira woes panggja,
Kalawan ramamoe,
Sira njoewoena ngapoera,
Ing sakèhé kaloepetnira kang wis,
Wani bapa toer radja.

Jèn sira woes oleh pangaksami,
Ing sakèhing kaloepetanira,
Ramamoe angkaten Radjèng,
Poelo Djawa Karimoen,
Adja ana ing tanah Djawi,
Moendak ngribedi nalar,
Djenengira ratoe,
Djaganen wadya sanambang,
Sadinané oeroenan para Boepati,
Sawadya sikep ing prang.

Dimèn séda pinangan ing demit,
Anèng Krimoen saking karsaningwang,
Déné jèn ana moengkaré,
Kang poetra kalihipoen,
Adipati ing Panaragi,
Pangging Andajaningrat,
Kawanen prang poepoeh,
Woes loemrah manoengsa gesang,
Bapa séda ansk samja rebcet waris,
Poesaka ngrebcet pradja.

Soenan Giri anamboengi aris,
Inggih leres ing karsa pandoeka,
Kawoela mrajogèkaké,
Nanging oetaminipoen,
Sampoen ngantos amangoen djoerit,
Karja risaking pradja,
Jèn pareng poekoelcen,
Kawoela tenceng kéwala,
Sri Naréndra miwah ingkang poetra kalih,
Kadjengé noenten séda.

Koela nenceng medjahi djanma tri,
Bangsa kapir boten manggih dosa,
Amrih wilcedjenging ngakèh,
Soenan Bénang amcewoes,
Loewih karepira pribadi,
Kangdjeng Soeltan Bintara,
Anamboengi woesoes,
Leres Soenan Giri poera,
Woesnja dadya pirembag saliring kardi,
Genti kang kawoewoesa.

Tindakira Kangdjeng Soenan Kali,
Angoelati Praboe Brawidjaja,
Kaloenta - loenta lampahé,
Sabat kalih tan kantoen,
Tjara santri lampah moesapir,
Noeroet pasisir wétan,
Praptèn dcekoeh - dcekoeh,
Dènira ngcepaja warta,
Kang kamargan lolosé Sri Narapati,
Sri Nata Brawidjaja.

Sinom.

Sang Praboe praptèng Blambangan,
Kèndel margi pinggir bèdji,
Ratoe Agoeng Binatara,
Bcoedenda njakrawati,
Mangkja nehen prihatin,
Rekaos ing tindakipoen,
Kang moenggèng ngarsanira,
Dasih kalih datan tebih,
Sabdapalon Naja Génggong gegcedjengan.

Kasarce ing praptanira,
Soenan Kali gja ngabekti,
Soemcengkem pada Naréndra,
Ngandika Sri Narapati,
Hèh Said sira prapti,
Apa karja gatinipoen,
Noetoeti lakoeningwang,
Oematoer Djeng Soenan Kali,
Prapta celoen dinoeta poetra pandoeka.

Ngcepadosi pandoeképdra,
Kapanggiha poendi - poendi,
Sembah soengkemnja poetréndra,
Ing pada pandoeka Adji,
Lan njoewoen pangaksami,
Sadaja klepatanipoen,
Kamipoeroen angrebat,
Keprabon toewan Nerpati,
Inggih saking kalimpoet tyas poenggoeng moeda.

Kirang priksa parikrama,
Kasesa selak kepéngin,
Mengkoe pradja angrèh wadya,
Siniwi para Boepati,
Mangkja poetra Sang Adji,
Roemaos ing lepatipoen,
Darbé rama toer radja,
Ratoe Agoeng njakrawati,
Njengkakaken sing ngandap aparing dradjat.

Ing Demak Nama Dipatya,
Temah kalimpoet ing galih,
Ngrebat pradja mamrih séda,
Tangèh malesa prajogi,
Ing sih pandoeka Goesti,
Mangké poetra toewan émoet,
Darbé soedarma Nata,
Ratoe Agoeng njakrawati,
Tilar pradja tan kantenan doenoengira.

bl. 77 Roemaos angsal dedoeka,
Mring kang karja boemi langit,
Mila kawoela dinoeta,
Ngcepadosi pandoeka Aji,
Kapanggja poendi - poendi,
Pandoeka ngatoeran kondoer,
Doemateng Madjalengka,
Tetepa kadya ing ngoeni,
Mengkoe pradja siniwi para poenggawa.

Awèda kinarja djimat,
Pinoendi - poendi pra simi,
Wajah boejoet mjang santana,
Pinèd sawabipoen goesti,
Rahajoené nèng boemi,
Manawi pandoeka kondoer,
Poetra pandoeka pasrah,
Karaton kondjoek Sang Adji,
Poetra toewan njaosaken djiwaraga.

Pareng boten kaparenga,
Poetranta njoewoen aksami,
Sadajaning kalepatan,
Lan njoewoen pangkaté ngoeni,
Demak nama Dipati,
Tetepé kadya roemoehoen,
Jèn pandoeka tan arsa,
Angasta keprabon Adji,
Sinaosan kadaton ing loehoer ngarga.

Ing poendi ingkang kinarsan,
Ngaldaka kang dèn dépoki,
Poetra pandoeka kang jasa,
Sapirantosing Maharsi,
Poetra toewan njaosi,

Boesana dähar Sang Praboe,
Nanging njoewoen poesaka,
Karaton ing tanah Djawi,
Dipoen soewoen kang rila troesing wardaja,

Ngandika Sri Brawidjaja,
Soen ngroengoe atoermoe Sahid,
Nanging tan ingsoen gatèkna,
Karana woes kapok mami,
Rembogan karo santri,
Pada nganggo mata pitoe,
Kabèh mata lapisan,
Ableréo lamoen ningali,
Moelad ngarsa woeri andjengkoeng moestaka.

bl. 89 Tjatoeré moeng manis lésan,
Batiné angandoet wedi,
Kinapjoekaké i ng mata,
Pitjeka matakoe sidji,
Moela ingsoen betjiki,
Walesé lir moenjoek boentoeng,
Apa salah manira,
Rincesak tanpa prekawis,
Tinggal tata adat tjaraning manoengsa.

Moekoel prang tanpa panantang,
Anganggo tataning belis,
Doedoe manoengsa oetama,
Soenan Kali doek mijarsi,
Ngandikanirèng Adji,
Roemaos ing lepatipoen,
Dènira toemoet Bedah,
Karaton ing Madjapait,
Analangsa kadoewoeng kadya matija.

Ngrerepa ing atoerira,
Doeka padoeka Sang Adji,
Kang dé mateng poetra toewan,
Dadosa djimat paripih,
Katjantjang poetjak wèni,
Kapoendi wonten ing emboen,
Mandar amoewoehana,
Tjahja noerboewah kang wening,
Rahajoené sadaja poetra padoeka.

Rèhning sampoen kalampahan,
Poenapa wincewoes malih,
Namoeng aksamaṁ pandoeka,
Sinoewoeh poetra Sang Adji,
Mila mangké mangsoeli,
Kalepatan ingkang sampoen,
Wangsoel karsa padoeka,
Karsa tindak dateng poendi,
Angandika Sanga Praboe Brawidjaja.

Saiki karsa manira,
Arsa tindak marang Bali,
Katemoe jaji Naréndra,
Déwa Goeng kalangkoeng nagri,
Arsa ingsoen wariani,
Si Patah pratingkahipoen,
Sikara tanpa dosa,
bl. 79 Lan ingsoen poerih nimbali,
Para radja kanan kéring tanah Djawa.

Samekta kapraboning prang,
Blèlèng Lombok Badoeng Mangli,
Karangasem Djagaraga,
Bima Meg/ora Mekrahi,
Sembawa lawan Djambi,
Timoer Ambon Alipoeroe,
Goewa lan Poewa - poewa,
Mekasar Menado Boni,
Patjet Boetoen Ternaté lan Doro/bandah.

Soeloe Koté ing Bandjarmas,
Sijak Batak loeri malih,
Tjajak Solong Danabawang,
Rijo Lingga Tapanoeli,
Mlabar tanapi Ngatjih,
Minangkabo/ng Bangkahoeloe,
Nijas Lampoeng Pijaman,
Padang Pretjah Padangtinggi,
Adipati Palèmbang soen wèhi wikan.

Jèn anaké karo pisan,
Sapraptané tanah Djawi,
Karo soen karja Dipatya,
Pada amengkoe nagari,
Nanging tan wereeh margi,
Wani moengsoeh bapa ratoe,
Soen djaloek lilanira,
Anaké ingsoen patèni,
Sabab moertad ing bapa kapindo radja.

Lan ingsoen arsa soen wikan,
Mring Hongté Tjina nagari,
Jèn poetrané woes patoetan,
Lan ingsoen kakoeng sawidji,
Nanging tan wereeh betjik,
Wani moengsoeh bapa ratoe,
Soen djaloek lilanira,
Poetoené ingsoen patèni,
Lan soen djaloek bijantoe pradjoerit Tjina.

Samekta kapraboning prang,
Andjoedjoeg nagari Bali,
Jèn woes samekta ngajoeda,
bl. 80 Asikep kaprabon djoerit,
Manawa pada éling,
Labet kabètjikaningsoen,
Kalawan doewé welas,
Mring wong woengkoek kaki - kaki,
Jekti prapta ing Bali samektèng joeda.

Soen adjak mring tanah Djawa,
Angreboet karaton mami,
Nadyan prang gedé gempoeran,
Lan anak ingsoen tan isin,
Wit ingsoen tan ngawiti,
Tinggal tjarané wong agoeng,
Soenan Kali mijarsa,
Dawoehnja Sri Narapati,
Pan alegeg ngandika djroning wardaja.

Tan tjidra lan dawoehira,
Njai Ageng Ngampèlgading,
Sri éjang woengkoek bergagah,
Bergigih gagahi nagri,
Tan mijat woedjoed diri,
Geger woengkoek koelit kisoet,

Lamoen iki bandjoera,
Anjabrang marang ing Bali,
Nora woerceng karja perang Bratajoeda.

Toer Demak mangsa menanga,
Karana ketindih sisip,
Moengsoeh bapa pindo radja,
Ping tiga agawé betjik,
Jekti wong tanah Djawi,
Kang doeroeng Islam satoehoe,
Asih mring ratoe toewa,
Kang nganteb kang kebing djoerit,
Jekti kasor wong Islam toempes ing aprang.

Wasana alon toerira,
Doeh poekoeloen Sri Boépati,
Oepami toewan ladjengna,
Ing karsa pandoeka Adji,
Nimbali pra Narpati,
Tan wandé dadya prang [illegible] broebdeh,
Poenapa boten ngéman,
Kisaknja nagari Djawi,
Sajektinja poetra padoeka kasoran

bl. 81 Padoeka djoemeneng Nata,
Datan lama noeli lalis,
Kaprabon Nata kelija,
Sanès darah Maèspahit,
Sagawon kang oepami
Rebeetan bangkéning gembloek,
Kang kerah toeloes kerah,
Toempesan sami ngemasi,
Paging manah tineda mring sanès sona.

Ngandika Sri Brawidjaja,
Loewih karsaning Déwadi,
Ingsoen ratoe Binatara,
Netepi mata soen sidji,
Tan amot nétra kalih,
Sidji bener paningalsoen,
Ingkang mitoeroet sarak,
Pranatané bangsa inggil,
Jèn si Patah ngrasa doewé bapa mringwang.

Kapéngin dadya Naréndra,
Dioewoena krana betjik,
Karaton ing tanah Djawa,
Soen paringken lawan aris,
Ingsoen woes kaki - kaki,
Woes wareg djenenging ratoe,
Trima dadi pandita,
Pitekoer anèng ing woekir,
Balik mangké si Patah sija mring ingwang.

Sajekti ingsoen tan rila,
Ing Djawa dipoen ratoni,
Loewih [illegible] karsaning Hjang Soeksma,
Pamintaningsoen ing ngoeni,
Soenan Kali mijarsi,
Ngandikanira Sang Praboe,
Poemangsa tan katjonggah,
Ngatoeri Sri Narapati,
Ncelja woewoes soemoengkem pada Sang Nata.

Njaosaken tjoendrikira,
Oematoer sarwi anangis,
Manawi karsanta Nata,
Tan arsa keela atoeri,
Tan saged aningali,
bl. 82 Pratingkah kang langkoeng saroe,
Kawoela njoewoen pedjah,
Soewawi tcewan telasi,
Datan dahat ginagadjeng isining ngrat.

Kanggeg tyas Sri Brawidjaja,
Tri pandcerat tan kena ngling,
Tebah djadja nenggak waspa,
Lah Sahid hoenggoeha disik,
Soen pikiré kang bening,
Soen timbangé atoeramoe,
Temen lan gorohira,
Karana ingsoen kcewatir,
Kèhing atoerira manawa lamisan.

Hèh Sahid ikoe oepama,
Soen kondoer mring Madjapait,
Si Patah séba ngarsèngwang,
Getingé tan bisa mari,
Déné dcewé soedarmi,
Boeda kawak kapir koepoer,
Lali tan ngétoeng bapa,
Soen tjinekel dèn kebiri,
Sinoeng karja atoenggoe lawang poengkoeran.

Esoek soré miwah sijang,
Pinardi sembahjang mami,
Jèn tan bisa dipoen goejang,
Ing bloembang dipoen kosoki,
Alang - alang kang garing,
Iba - iba soesah ingsoen,
Roepa ala woes toewa,
Njekoekroeh kincem mring warih,
Sroe goemojoe Kangdjeng Soenan Kalidjaga.

Mokal kadyoa poenika,
Kawoela kang tanggel béndjing,
Manawi poetranta sija,
Ing padoeka Sri Boepati,
Déné babing agami,
Sakarsa pamdoeka tinoet,
Namoeng ingkang oetama,
Manawi pandoeka arsi,
Ngrasoek sarak Rasoel bepoet Asma Allah.

Jèn karsa wonten poenapa,
Karana bab ing agami,
Tan moehoeng salat sembahjang,
bl. 83 Pikekahira Islami,
Nging sadat kekah oegi,
Nadyan salat dingkal - dingkoel,
Jèn dèréng ngértos sadat,
Tetep jen poenika kapir,
Angandika Maha Praboe Brawidjaja.

Sadat ikoe kaja apa,
Manira doeroeng mangertiq,
Agé sira oetjapena,
Mirenga talingan mami,
Matoer Djeng Soenan Kali,

Gih poenika lapalipoen,
Ngoetjap Asjadoe Alla,
Lailla Lailoellahi,
Kaping kalih angoetjap Asjadoe Anna.

Moechamadar Rasoeloellah,
Tegesé ingsoen ngawroehi,
Pang ora ana Pangéran,
Amoeng Allah kang sedjati,
Lawan ingsoen neksèni,
Djeng Nabi Moechamad ikoe,
Oetoesanira Allah,
Lailla Hailoellahi,
Ja Moechamad Rasoeloellah kang sanjata.

Wong kang njembah poedji aran,
Tan wikan woedjoed sedjati,
Atetep dadya wong kopar,
Tijang ingkang nembah moedji,
Kang sipat woedjoed warni,
Nembah brahala ranipoen,
Lahir batiné sasar,
Wikana ing lahir batin,
Tijang ngoetjap soemoeroepa kang dèn oetjap.

Tegesé Nabi Moechamad,
Rasoeloellah kang sedjati,
Moechamad makam koeboeran,
Koeboeré rasa sakalir,
Ragané djanma iki,
Koeboeré raga sadaroem,
Moedji badan prijangga,
Amoedji Moechamad Ngarbi,
Raganingwong wajangan dading Pangéran.

Woedjoed makam isi rasa,
Rasoel rasa kang noesoeli,
Rasa pangan mandjing lésan,
Rasoelé moenggah soewargi,
Aleboer tanpa dadi,
Lèlèh loeloeh dadoe endoet,
Kaseboet Rasoeloellah,
Roepa ala ganda batjin,
Nama Loellah roepa ala ganda salah.

Riningkes sebetanira,
Moechamad Rasoeloellahi,
Kang dingin ngawroehi badan,
Ping kalih ngawroehi tedi,
Ping tri ngawroehi isi,
Rasa djro soewarganipoen,
Woes wadjibing manoengsa,
Mangran raga rasa tedi,
Mila neboet Moechamadar Rasoeloellah.

Pramila santri sembahjang,
Angoetjap lapal oesali,
Angrawoehi asalira,
Wontené raganing djanmi,
Asalé rohilapi,
Rèhira Moechamad Rasoel,
Tegesé Rasoel rasa
Widjilé rasaning ngoerip,
Medal sangking makaman badan kang mlekah.

Lantaran asjadoe Anla,
Mila manten minggah kadji,
Pinardi ngoetjap ngartosa,s
Asjadoe anla ing nginggil,
Lamoen boten mangerti,
Sahadat kaseboet ngajoen,
Tan wikan roekoen Islam,
Tan wikan poerwaning dadi,
Awit sangking kang lapal asjadoe anla.

Rèhning Kandjeng Rasoellollah,
Poenikoe bangsa mangerti,
Wikan goegoenging manoengsa,
Ing doenja moehoeng salosin,
Warnanipoen moeng kalih,
Wong èstri kalawan djalce ,
Samja medal sing makam,
Sami asli rohilapi,
Medal saking makaman badan kang mlekah.

Rèhning Djeng Moechamad Mekah,
Pinaring wahjoe Hjang Widdi,
Bikak kawroeh gaib samar,
Nartanis sagoenging djalmi,
Dadya ingkang pinoedji,
Moechamad nagari Ngarboen,
Sabab kang mercehena,
Tata agami Islami,
Moedji goeroe Moechamad kang lahir Mekah.

Sarat mawas kéblatira,
Kakbatoellah Mekah nagri,
Poenika tata klairan,
Eningé ing dalem batin,
Madep kéblat pribadi,
Ing goewa sir tjiptanipoen,
Poenika kakbatoellah,
Apan ta raganing djanmi,
Kakbatoellah praoe gawéané Allah.

Gih Bétoellah gih makaman,
Inggih raga celoen niki,
Woedjoed goewa siring tjipta,
Dadamelaning Hjang Widdi,
Soen bekta wira - wiri,
Manoet siring tjipta celoen.
Poendi panggénan koela,
Nikoe tengah djagad mami,
Dadya kéblat raga celoen sipatoellah.

Pan kinarja kanjatahan,
Sipat woedjoeding Hjang Widdi,
Pinaringaken kawoela,
Priksa nganggé grija dadi,
Tan wikan kang darbèni,
Tan wroehi idjab kaboelipoen,
Mirsa woes nganggé raga,
Soen tingali nétra sidji,
Kang kagoengan ala moeroeb toenggil koela.

Oepami tyang ngéklasena,
Moedji Moechamad ing Ngarbi,
Mawas Kakbatoellah Mekah,
Sembah soedjoedé tan doegi,
Kalamoen boten moedji,

bl.

bl. g

Moechamad kang lahir Ngarboen,,
Tetep kapir - kapiran,
Tan wikan poerwaning dadi,
Awit sangking lapal Asjadoeanla.

Oepami wong manggèn wisma,
Mirsa nganggé grija dadi,
Sajektiné ingkang gadah,
bl. 86 Narik séwan saben sasi,
Ragadé manggèn panti,
Jèn tan bajar dipoen oekoem,
Sinija sinikara,
Linebe ta ken ing sepir,
Mila wadjib ngabekti kang jasa badan

Kaseboet ing dalem kitab,
Dosaning wong mring Hjang Widdi,
Kang doerdjana badanira,
Bekta raga wira - wiri,
Tanwroeh asalirèki,
Salaminé XXXXXXX gesang pandoeng,
Bekta raga petengan,
Dèn anggé toer dèn kekahi,
Woes wadjibnja siniksa déning Hjang Soeksma.

Sanèsnja dosa poenika,
Dosa goeroe lan Nerpati,
Jajah réna garwa poetra,
Mitra sadèrek sasami,
Dosa maning lan djanmi,
Djandji djawab njoewoen makloem,
Nganggé raga petengan,
Dosa mring Allah pribadi,
Kondjoek sinten atoeré njoewoen ngapoera.

Mila wadjibing ngagesang,
Sajogja sami ngawroehi,
Doencengé sarak saméngat,
Tarékat kakékat jekti,
Sakawan makripati,
Kalipahira Hjang Agoeng,
Seksi dateng sasama,
Kawoeinganira sami,
Estri niki dados babétoellah keela.

Géné raga celcen moelja,
Salat dateng Mekah kadji,
Woedjoedé woedjoeda anak,
Ana anaké pribadi,
Wonten sahadad malih,
Kang boten mawi asjadoe,
Pisahnja raga soekma,
Ikoe sadat dèn arani,
bl. 87 Inggih nikoe sahadad tanpa lawanan,

Sampoen bekta sampoen nilar,
Djasad pandoeka poeniki,
Moeng ngatoerena titipan,
Dèn katoer mring kang nitipi,
Soeka Sri Narapati,
Miharsa ing atoeripoen,
Djeng Soenan Kalidjaga,
Ing panggalih sampoen gingsir,
Karsa Islam anéboet asmaning Allah.

Soekèng tyas Sri Brawidjaja,
Mèsem angandika ris,
Njata bener Sahid gampang,
Ngèlminé wong Ngesam iki,
Betjik ing dina iki,
Ingsoen ngrascek sarak Rasoel,
Neboet asmaning Allah,
Pangéran ingkang sedjati,
Seksènan iki Sahid Islamingwang.

Soenan Kali toer sandika,
Sang Praboe ngandika maliho,
Jèn wees Islam djeneng ingwang,
Soen kondoer mring Mädjapait,
Pasrah keprabon mami,
Si Patah kang ingsoen djoendjoeng,
Amengkoe tanah Djawa.
Ncehoni keprabon mami,
Soen mandita goenceng Patjet kang soen sedya.

Soenan Kali atoerira,
Langkoeng djoemoeroeng Sang Adji,
Kang dados karsa Sang Nata,
Méndah soekanirèng galih,
Poetranta Sang Dipati,
Padoeka sinoenggi ngemboen,
Djinimat pincesaka,
Pincedji pincendi - poendi,
Paring pradja toer karsa toenggal agama.

Soenan Kali angrerepa,
Atoeré aroem amanis,
Kèwes loewes amemelas,
Oetaminipoen Sang Adji,
Terces ing lahir batin,
bl. 89 Patanda Islam satoehoe,
Sampoen batos kéwala,
Lahirnja kantija seksi,
Paras réma agoendoel kadi kawoela.

Ngandika Sri Brawidjaja,
Ija parasana mami,
Miloe goendoel kaja sira,
Soenan Kali ngasta goenting,
Noelja dipoen parasi,
Mastakanira Sang Praboe,
Kang réma datan pasah,
Oematoer Djeng Soenan Kali,
Kados poendi ing karsa padoeka Nata.

Karsa dawoeh lalamisan,
Tan terces ing lahir batin,
Ing batos woes karsa Islam,
Ing lahir taksih ngekahi,
Agami kang roemijin,
Poenika pratandanipoen,
Déné réma padoeka,
Boten pasah oeloen goenting,
Islam baten namanja Islam ngindalah.

Islamé batos kéwala,
Ing lahiré taksih kapir,
Manawi ing lahir Islam,
Ing batosé makih kapir,
Kapir ngindanas mami,
Oetaminipoen Sang Praboe,

Lahir batos Islama,
Dados ngagem nétra sidji,
Angandika Maha Praboe Brawidjaja.

Lah ta sira toetoegena,
Amarasi marang mami,
Woes éklas troes lahir manah,
Ingsoen mlehoe sarak Nabi,
Sigra gingoenting malih,
Rémanira Sanga Praboe,
Woes radin panggoentingnja,
Woesing paras Narapati,
Ngandika mring dasih kang anèng poengkoeran.

Pangkoer.

Sabdapalon Génggong Naja,
Karo pisan soen toetoeri soen tari,
Awit dina iki ingsoen,
Tinggal agama Boeda,
Ingsoen mlehoe agama Rasoellohahoe,
Anehoet asmaning Allah,
Pangéran ingkang sedjati.

Kang dadi karsa manira,
Karo pisan sira soen adjak salin,
Agama Rasoellohahoe,
Ninggal agama Boeda,
Sabdapalon Najagénggong matoer sendoe,
Kawoela ratoening danjang,
Kang roemeksa [illegible] tanah Djawi.

Sinten kang dadya Naréndra,
Nadyan bade kawoela emong oegi,
Pan woes karsaning Déwagoeng
Poenika karjaningwang,
Awit sangking loehoer padoeka roemoehoen,
Sang wikoe Manonmanangsa,
Sekoetrem lan Bambang Sakri.

Roen toemoeroen praptèng mangkja,
Koela pamong pikoekoeh ladjer Djawi,
Lamoen noedjoe tilem oeloen,
Satoes rong atoes warsa,
Noenten resah perang an sami sedoeloer,
Kang nakal aneda djalma,
Sami bangsané Bincekti

Tokèng mangké oemoer koéla,
Wonten donja sampoen rong ewoe warsi,
Langkoengipoen tigang taoen,
Soen momong ladjer Djawa,
Datan wonten kang éwah agiminipoen,
Netepi awit sapisan,
Ngestokken Boeda agami.

Amoeng padoeka poenika,
Karsa tilar pikoekoeh ladjer Djawi,
Djawi ngreti tegesipoen,
Narimah nama Djawan,
Ribiriban remen manoet noenoet -noenoet,
Pamrihé karja kapiran,
Kamoeksan padoeka béndjing.

bl. 91

Sabdanira wikoe tama,
Sinaoeran geter pater kang boemi,
Sinemon marang Déwagoeng,
Sang Prabœ Brawidjaja,
Dènja karsa malebet agami Rasoel,
Roercepan ing dalem doenja,
Tinambahan warna katri.

Widji aran sceket Djawan,
Pari randa ncencet lan pari mriji,
Angandika Sanga Prabœ,
Kaprijé Palon Sabda,
Najagénggong kang dadi kekentjenganmoe,
Apa gelem apa ora,
Atinggal Boeda agami.

Aneboet Nabi Moechamad,
Rasoellolah pancenggoel para Nabi,
Lawan neboet asmanipoen,
Allah sabenerira,
Sabdapalon Najagénggong matoer sendoe,
Padoeka ngrasoek pribadya,
Kawoela boten kadoegi.

Tan tahan oeloen toemingal,
Adat sija kadi wong tanah Ngarbi,
Sija koekoem sebœtipoen,
Toer sija dateng raga,
Ngèlmoenira ambpoengan sarat sadarœm,
Manawi karja kapiran,
Kamœkswan kawoela bèndjing.

Déné kang mastani moelja,
Sarak Rasoel poenika tijang Ngarbi,
Lan tijangipoen sadarœm,
Goenggoeng badan XXX prijangga,
bl. 92 Menggah oeloen mastani wong boten oeroes,
Anggoenggoeng betjiking tangga,
Ngapesken badan pribadi.

Soen remen agami lama,
Neboet djagad Déwagoeng kang linœwih,
Djagad nikoe raganipoen,
Déwa Boedi lan hawa,
Woes wadjibé mancengsa ikoe moeng manoet,
Elingé boedi karepan,
Dados boten ngapirani.

Jèn éklas neboet Moechamad,
Rasoellolah sajekti aniwasi,
Moechamad makaman koeboer,
Koeboer rasa kang salah,
Moeng mangéran raga wadag wadah entœt,
Moeng neda étja kewala,
Tan wrin bilahiné woeri.

Mila nama Moechamadan,
Makamadan koeboer rasa sakalir,
Rchilapi asalipoen,
Lapi nikoe lapisan,
Jèn woes risak wangsoel dateng asalipoen,
Wangsoel Prabœ Brawidjaja,
Doemoenœng wonten ing poendi.

Adam moenten lawan ingwang,
Nami Brahim kabrainipoen cerip,
Moesa nemoe rasa toehoe,
Ngisa tangining rasa,
Woedjoed badan ingaranan Moechamadoen,
Makaman koeboering rasa,
Ijasané Radèn Boedi.

Dad sipating Hjang lan rasa,
Jèn pincendoet ring Hjang kang linoewih,
Raga padoeka poenikoe,
Kalawan sipating Hjang,
Woedjoed dadi dadiné dèwé poenikoe,
Lantaran angadoe ala,
Bapa bijoeng boten kardi.

bl. 93
Mila ingaranan anak,
Ananira saka woedjoed pribadi,
Gaib samar XXXXXXXXXXXXXX dadosipoen,
Tan kadoegèng kawoela,
Ing karsané Latawaloedja kang nglimpoet,
Woedjoed woedjoedé pribadya,
Risak - risaké pribadi.

Dad sipating Hjang lan rasa,
Jèn pincendoet ring Hjang kang linoewih,
Moeng kantoen pangrasanipoen,
Ingkang padoeka bekta,
Dateng poendi panggènan padoeka nglimpoet,
Napa dados toewan tanah,
Dados demit tebas siti.

Déné langkoeng saking nista,
Anenggani dagangan daging batjin,
Kang woes loeloeh dadya leboe,
Tetep jèn tanpa goena,
Sangking koerang boedi nalar kawroehipoen,
Doek gesangé dèrèng neda ,
Woh wit kawroeh woh wit boedi .

Temah pedjah dados sétan,
Tengga siti ngadjeng- adjeng wong ngirim,
Saadjèn slametan lan koetoeg,
Tilar moekdjidjat walat,
Wèh kijanat mring anak poetoe ing poengkoer,
Wong pedjah boten kebawah,
Pranatan ratoe ing lahir.

Amoeng ala kang bawahna,
Pan woes adat soeksma pisah lan boedi,
Lamoen sé tékadipoen,
Ginandjar ing kamoeljan,
Lamoen awon anampani siksanipoen,
Soewawi padoeka djawab,
Atoer kawoela poeniki.

Angandika Sri Narèndra,
Brawidjaja moelih marang asali,
Asal noer bali marang noer,
Ki Sabdapalon ngoetjap,
Inggih nikoe kawroehé wong bingoeng pengoeng,
Sawidja wangsoel satoenggal,
Sabab donja gesang roegi.

Tan darbé kawrcah kélingan,
bl. 94 Dèrèng neda woh kawrcah lan woh boedi,
Asal sidji mantoek satoe,
Déné pati cetama,
Kang cetama sèwoe satoes teloeng poeloeh,
Satoes poetoes teloe telas,
Poeloeh poelih woedjoed malih.

Langgeng risak woedjoedira,
Ingkang risak kang asal rohlapi,
Ingkang langgeng ceriipoen,
Pisah raga lan soeksma,
Gih poenikoe sahadat kang tanpa sadoe,
Gantos rohlapi-lapisan,
Sasi soercep andadari.

Tjiri nikoe ngarimana,
Asalira wit woedjoed dados djalmi,
Soercep soemoercep poenikoe,
Poerwa madya woesana,
Netepana araning djalma loemakoe,
Sampoen obah sangking pernah,
Djro goewa sir tjipta lami.

Angandika Sri Naréndra,
Tjiptanipoen nitis djanma lincewih,
Ki Sabdapalon tceripoen,
Poenikoe wong kesasar,
Lir mladdjan tcemèmpèl moenggèng wreksa goeng,
Tan bawa tantjep pribadya,
Kamoektèné trima nempil.

Déné pati kang cetama,
Inggih nikoe patiné tijang nistip,
Remen nèmpèl noenoet - noenoet,
Boten bawa pribadya,
Jèn tincendoeng kelojongan tanpa doenoeng,
Dados sétan brekasakan,
Nèmpèli poedjaning djinis.

Angandika Sri Naréndra,
Asal soewoeng soen moelih marang sepi,
Kala ingsoen doeroeng woedjoed,
Tan ana apa - apa,
Ingsoen mati ja mangkono kantanipoen,
Nikoe patiné wong kalap,
Nglowong tanpa iman ngèlmi.

Doek gesangé kadya kéwan,
bl. 95 Woes narima makan minoem lan goeling,
Mélik rosalemoe bagoes,
Soegih daging dagingan,
Woes narima ngising soeker lawan ngoejoeh,
Mila pedjah tanpa iman,
Sirna ceripé djro pati.

Ngandika malih Sang Nata,
Soen noenggoni makaman koeboer mami,
Kang woes loeloeh dadi leboe,
Ki Sabdapalon tcernja,
Gih poenikoe patiné wong tjoebloek boesoek,
Dados sétan ing koeboeran,
Karjané atoenggoe daging.

Kang woes adjoer awor lemah,
Tanpa wekas nikoe patiné santri,
Sangking tjoepet kawroehipoen,
Kalingan laillolah,
Boten ngretos jèn rochilapiné santoen
Tijang bodo tegesira,
Ngandika malih Sang Adji.

Soen moeksa saraganingwang,
Sabdapalon goemoendjeng matoer aris,
Jèn tijang agami Rasoel,
Terang tan saged moeksa,
Tan koewawi ngringkes ngoental raganipoen,
Alema kakèhan téla,
Kawratan dagangan daging.

Wong mati moeksa tjilaka,
Nami pedjah tan tilar lajon djisim,
Boten saged tegesipoen,
Tan pedjah boten gesang,
Boten saged gantos rohilapinipoen,
Tijang pekok tegesira,
Moeng dados goencengan demit.

Soen tan njipta apa-apa,
Nora nijat ichtijar nampik milih,
Loewih karsané Hjang Agoeng,
Minta lakoening gesang,
Sabdapalon oematoer sarwi goemoejoe,
bl. 96 Padoeka anilar sipat,
Soepé jèn tinitah loewih.

Tilar wadjibing mancengsa,
Woes winenang ichtijar nampik milih,
Jèn woes nrima dados ratoe,
Sirna sagoeng pirembag,
Tanpa damel ngoepados ngèlmoe kang loehoeng,
Amrih kamoeljaning séda,
Ngandika malih Sang Adji.

Tjiptèngsoen moelih mring kérat,
Moenggah swarga séba Hjang Maha Loewih,
Kératan soewarga ikoé, ,
Sampoen pandoeka bekta,
Woes moetamat ing paglar seboetanipoen,
Inggih djagading mancengsa,
Mengkoe ngalam sahir kabir.

Doek tapel Adam woes pepak,
Kérat nraka soewarga aras koersi,
Kérat poendi kang djinoedjoeg,
Menèk tambah kasasar,
Engko nggoné kérat mlarat tegesipoen,
Ing sanggèn - gèn wonten kérat,
Jèn kénging koela singkiri.

Mantoek dateng kamlaratan,
Toewin minggah rad adiling nagari,
Lepat - lepat djawabipoen,
Pesti tampi oekoeman,
Nganggé ranté njanggi karja peksan ikoe,
Melarat tan tampi arta,
Mlebet kérat Noengsasrenggi.

Tegesé noengsa manoengsa,
Srenggi ikoe karja awrat nglangkoengi,
Inggih gawé tegesipoen,
Djanma pinoeksa karja,
Marang ratoe Noengsasrenggi aranipoen,
Gesang tjilaka nèng doenja,
Mlebet kérat Noengsasrenggi.

bl. 97 Tanpa celam sambilangan,
Nikoe kérat kang katon tata lahi r,
Déné kérate wong lampoes,
Langkoeng sangking pcenika,
Ma larate mila lamoen kénging sampoen,
Padoeka kondoer mring kérat,
Lan sampoen manggih soewargi.

Tetep padoeka kesasar,
Wong tjilaka lamoen moenggah soewargi,
Kebo bongkang djaran sencek,
Poeroen minggah soewarga,
Dèn inggahi nega kalawan maloekoe,
Nrima nama radjakaja,
Toeroe akemcelan siti.

Kang sami minggah soewarga,
Soewargana tineda dèn krikiti,
Nikoe padoeka dèn émoet,
Sampoen minggah soewarga ,
Bok manawi béndjang séda djanma lemboe,
Tjilaka gesang nèng doenja,
Lan sampoen wowan Hjang Widdi.

Tan aran gon tanpa prenah,
Tanpa woedjoed tan kanta gatra warni,
Namoeng asma woedjoedipoen,
Pinoedji sipat gesang,
Wonten doenja wonten kérat tansah nglimpoet,
Dèrèng tepang dèrèng wikan,
Dalemé Hjang Maha Soetji.

Tepangé moeng tepang tjahja,
Lir tjahjané lintang soerja mjang sasi,
Patemoning tjahja moeroeb,
Djoemboeh dados satoenggal,
Boten pisah lan ostawi boten koempoel,
Tèbihnja tanpa wangenan,
Tjelak tan panggih - pinanggih.

Tan kénging padoeka gampang,
Tan koewawi kawoela tjelak goesti,
bl. 98 Mesti geseng dados awoe,
Sampoen malih padoeka,
Kawawos tjelak doemateng Hjang Agoeng,
Panjenengan Nabi Moesa,
Ingaken kalamé Widdi.

Atjelak datan koewasa,
Aningali dateng Hjang Maha Loewih,
Kantaka satengah lampoes,
Moelané nikoe ngilang,
Amoeng dadé nglimpoeti sakèhing woedjoed,
Sampoen ngantos tiningalan,
Pandoeka widji roh djanmi.

Dédé bangsa malaékat,
Asal agni nikoe tjelak Hjang Widdi,
Jèn mancengsa raganipoen,
Sincempah mancet sepah,
Boedi soekma roh moelja sangking Hjang Agoeng,
Winenang bawa pribadya,
Tanpa damel bola - bali.

Sowan Hjang Latawaloedja,
Winenangken tjangkok nagri pribadi,
Jèn pradja kongsi woes sepoeh,
Anjoewoen kongsi pradja,
Dados terces boten mawi wongsal - wangsoel,
Oerip pisan mati pisan,
Ngandika malih Sang Adji.

Déné loemrahé manoengsa,
Pada mélik gandjaran kérat bèndjing,
Moenggah mring soewarga agoeng,
Sabdapalon toerira,
Tijang limrah sami kalih nétranipoen,
Dados bléro kéblatira,
Pamawasipoen kekalih.

Poenikoe mata saréngat,
Njaring nimbang kang baner lan kang sisip,
Awon lawan penedipoen,
Kang kanggé kabatinan,
Aningali Dat sipatira Hjang Agoeng,
Mata batin moeng satcenggal,
Kéblat lor leres sawidji.

bl. 99 Matané ki Loerah Semar,
Mata pandom kéblat lorés leres sidji,
Datan samar woedjoedipoen,
Sadajaning pangoetjap,
Mawas ngoelon soen pegat wétan kapanggoeh,
Datan samar woedjoedira,
Poenikoe kang samar lami.

Kaprijé ing benerira,
Sesebotan kang aran oerip mati,
Ki Sabdapalon oematoer,
Sareng toemindakira,
Ingkang oerip lepasé langgeng loemakoe,
Oerip ikoe tegesira,
Mashoer langgeng datan gingsir.

Ana kang mati raganja,
Kang ngraosken kanikmatan jèn éndjing,
Sirna pedjah lawan lampoes,
Poenikoe tegesira,
Sida sadad mepet djadjahané meepoet,
Gantos rohlapi lapisan,
Mila wong agami Boedi.

Jèn raganira woes toewa,
Soekemanira metoewa toeboeh bresih,
Raga telada Hjang Agoeng,
Kang risak dèn=atoerna,
Wangsoel malih dateng poend asalipoen,
Sampoen kalintoe ing prenah,
Mantoeké asalé lami,

bl.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Anjoewoen gantya panganggja,
Kang prajogi ngoengkoelana kang lami,
Gantos rohilapi bagoes,
Pedjah noetpĥah wong moelja,
Sampoen obah sangking tengah djagadipoen,
Apan djagading mancengsa,
Langgeng nora owah gingsir,

Kang owah makamanira,
Raga wadag kang asal rohilapi,
Brawidjaja Sanga Praboe,
Datan nèm datan toewa,
Langgeng moelja anèng tengah djagadipoen,
bl. 100 Loemampah tan mawi èbah,
Sangking prenah gènè lami.

Wonten goewa siring ~~tjipta~~ tjipta,
Woes kagawa siring tjipta kang ening,
Lah gawanen gagawanmoe,
Gagawa minta raga,
Toelis ilang pètoengen ~~ngoenggoenging~~ koempoel,
Plesaté djaré woetoeha,
Mijak djantoeng keteg kéring.

Soeroep marga siring tjipta,
Djoedjegira kang tjeta tjitak – tjetik,
Niki poengkasaning kawroeh,
Kawroehira wong Boeda,
Lebeting roh sangking tjetak marganipoen,
Wonten tjetik kèndelira,
Medal margi kalam wadi.

Kéntir ring sagara rahmat,
Mandjing djero goewa selaning ngèstri,
Toemiba ing nikmat laoet,
Kang dasar boemi rochmat,
Wonten ngrikoe ki Boedi jasa kedatoen,
Bétoellah raga kang moelja,
Saking sabda koen doemadi.

Dados wonten tengah djagad,
Djroning ~~ma~~warganira wong sepoeh èstri,
Mila djanma kéblatipoen,
Ing tengah djagadira,
Djagading wong ing goewa sir tjiptanipoen,
Ginawa saparanira,
Langgeng boten owah gingsir.

Pepestèn oemoering djanma,
Woes pinesti tan kena owah gingsir,
Woes tinoelis Lokilmakpoel,
Begdja tjilakanira,
Mangoet dateng boedi malar kawroehipoen,
Kang kirang ichtijarira,
Soeda kabegdjaning ngoerip.

Poerwa na kéblat sakawan,
Wétan koelon kidoel lor kang moengkasi,
Wétan wiwi~~t~~an soen woedjoed,
bl. 101 Koelon bapa kelonan,
Aran kidoel gotaga sing nggrong dinoedoel,
Petenga ana ing tengah,
Lor lahirnja djabang baji.

Tanggal pisan woes poernama,
Sentèg pisan tenoenan anigasi,
Epoer nikoe nama djoemboeh,
Na woedjoed tegesira,
Darma madep madep marang oeripipoen,
Djoemboeh pepak sarwa ana,
Mengkoe alam sahir kabir.

Apan tanggaling manoengsa,
Lahirira sangking wong sepoeh èstri,
Sareng tanggal dintenipoen,
Kalawan kadangira,
Kakang barep adiné woeragil ikoe,
Kakang barep ikoe kawah,
Adiné ragil ri - ari.

Sentèg pisan woes poernama,
Pami saé baji lan ari-ari,
Jogja kinawroehan ikoe,
Kadang kang bareng tanggal,
Gaibira roemeksa ing oeripipoen,
Poenikoe pitoetoerira,
Rahadèn Boedi soengkardi.

Bélingé pan djanma soerja,
Lenggah roepa tjahja pelawanganing,
Dèn éling sadajanipoen,
Dalce lan sijangira,
Sampoen samar sakèhing reroepan ikoe,
Sampoen mawi atatanja,
Lanmalih pélinging sasi.

Lenggah boemi rachmat moelja,
Lampahira mancet serenging ati,
Ikoe dèn éling sadarcem,
Soercep lan tanggalira,
Sampoen samar bidèn saniki lan béscek,
Nikoe kawroehé wong Boedi,
Djawi kang agama Bétoedi.

bl. 102 Raga ngibaraté palwa,
Soeksma tijang ingkang ngadeg oepami,
Pandom boedi toedoehipoen,
Lamoen palwa loemampah,
Salah pandom woes pasti tjilakanipoen,
Palwa petjah tijang rebah,
Isi palwa morat-marit.

Milané prajogi mapan,
Moepoeng gesang palwa maksih loemaris,
Jèn tan mapan gesangipoen,
Pedjah malih sageda,
Anetepi aran kamanoengsanipoen,
Baita raga woes boebrah,
Soeksmané pisah lan boedi.

Ikoe ingaran sahadad,
Pisahira kawoela lawan Goesti,
Pisah esah tegesipoen,
Edad nikoe dading Gjang,
Jèn woes pisah raga soeksma boedinipoen,
Sajogja santoen bétoellah,
Pandomé ginawa ngalih.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Napas tali moedji mring Hjang,
Jèn pisaha raga soeksma lan boedi,
Mertitis kang embocch - embocch,
Jèn tinggala kasasar,
Boten soeroep tan tanggal salaminipoen,
Nikoe dèn tjeta waspada,
Kawroeh djaja sampoerna di.

Apan araling kawoela,
Wadjib wenang atoeran marang goesti,
Jasa bétoellah kang bagoes,
Nglangkoengi ingkang lama,
Raganingwong baitoellah namanipoen,
Prace gawéjané Allah,
Dadya sing sabda koen nenggih.

Jèn tijangé palwa Djawa,
Saged mapan santoen bétoellah malih,
Bétoellah roh lapis batoe,
Jèn tijang palwa Islam,
Tiima dloedjoer awor bangké prace remoek,
Gesangé santoen pangrasa,
bl. 103 Tanpa nalar kawroeh ngelmi.

Poenikoe tijang tjilaka,
Boten saged karja senenging ati,
Boten mangan ngindem toerce,
Moeng tansah soesah pajah,
Tengga lemah tan wonten poengkasanipoen,
Soeksma bodo tegesira,
Kirang ichtijar ing ngoerip.

Jèn soeksma nikoe matija,
Ngalam doenja soewoeng tan wonten djanmi,
Jèn djanma oerip poenikoe,
Doenja kebak manoengsa,
Pan loemampah sangking anom soeroep sepoeh,
Gantos rohlapi lapisan,
Sanadjan soeksmaning djanmi.

Jèn tékad nasar belasar,
Pan kesasar béndjing kalamoen mati,
Pesti djanma dados koewoek,
Nadyan soeksmaning kéwan,
Lamoen tékad soemedya nedya rahajoe,
Mentas sangking kemlaratan,
Saged noekma dados djanmi.

Moengel kitab poerwakanda,
Pandjenengan Batara Wisnoemoerti,
Ri kala djoemeneng ratoe,
Wonten Mendangkasapta,
Satowana tanapi sagoeng lelemboet,
Tjinipta dadya manoengsa,
Kinarja wadya Sang Adji.

Lan malih kawoela tjrita,
Tatkalané loehoer pandoeka ngoeni,
Ori Palasara amangoen,
Karaton Gadjahoja,
Oegi njipta satowana lan lelemboet,
Pininta dadya manoengsa,
Kinarja bala Sang Adji.

bl.

bl

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mila anggané mancengsa,
Béda - béda tan wonten ingkang sami,
bl. 104 Mirib kéwan gandanipoen,
Padoeka njatakena,
Karingeté pasti béda gandanipoen,
Mèmper dateng bangsa kéwan,
Poenika tandané jekti.

Moengel serat tapaking Hjang,
Sastradjendra jceningrat kang tinoelis,
Dados sangking sabda ekoen,
Moenggèng ragèngsoen woentat,
Aran djilok moeng poedji tok woedjoedipoen,
Déwa goeng kang karja badan,
Oeripnja njrambahi diri.

Intjengan nèng tjengelira,
Djiling éling marang Hjang Maha Loewih,
Panakna ana ing poencek,
Timbangen salang malang,
Poendak pandoek delengen pétanganipoen,
Oerip saba ngalam doenja,
Ngoepados kawroeh lan koeldi.

Jen angsal woh koehi katah,
Gesang oentoeng soegih dagangan daging,
Jèn angsal katah woh kawroeh,
Anggal sangoening gesang,
Gesang langgeng langgeng tan kenèng dampoes,
Tepak tepa tepanira,
Likat walikaning ngoerip.

Oela - oela oelatana,
Lah lalaren gigirrira kang gligir,
Geger oeger - oegeripoen,
Soengsoengen soengsoemira,
Aran lamboeng wektoe Déwa njamboeng memoer,
Alamé djanma samboengan,
Lali éling oerip mati.

Lempèng tengen lawan kiwa,
Ingkang lempeng tékadé lahir batin,
Wroeh bener lan loepoetipoen,
Betjik kalawan ala,
Tingalana mata tata batin satoe,
Ingkang bener kéblatira,
Kéblat lor lares sawidji.

Tang-étangen ingkang terang,
bl. 105 Anèng doenja soedarmi nganggo diri,
Tan wroeh idjab kaboelipoen,
Tan karja boten toembal,
Aran kiwa raga niki woedjoedipoen,
Isi hawa kakarepan,
Tan wenang ngoekoehi pati.

Bodol badongira soekma,
Djoedjoegira kang tjeta tjetak tjetik,
Jèn tan tjeta kawroehipoen,
Mleboe bokoning koengkang,
Boentoet djanma sélit kodok wastanipoen,
Jèn tan tjeta kawroehira,
Soeroep djanma sangka pretjil.

Poenikoe oengeling serat,
Jèn padoeka maibena kang toelis,
Sinten karja badan nikoe,
Sinten kang paring aran,
Inggih namoeng Latawalodja Déwagoeng,
Jèn padoeka maibena,
Tetep jèn padoeka kapir.

Jèn padoeka tan sageda,
Maos sastraning Hjang kang moenggèng diri,
Béndjang séda dados koewoek,
Samar gadoehan raga,
Lamoen sageda maos sastraning Hjang Agoeng,
Tan samar gadoehan raga,
Soeroep djanma sangking djanmi.

Kaseboet serat Ambija,
Pandjenengan Nabi Moengsa rèmijin,
Wong kang pedjah wonten koeboer,
Poenikoe tangi gesang,
Gesangira genti rohilapi baroe,
Agantos makaman énggal,
Kaoemé salah mangerti.

Kinira djanma kang modar,
Kang pinendem djro siti gesang malih,
Nikoe kalentoe ing kawroeh,
Malih ingkang woes kotjap.
Pada gelar kaseboeting boekoe- boekoe,
Alamé djanma samboengan,
bl. 106 Wong Agoeng kang kirang boedi.

Kang narik sasaring katah,
Dipoen walik imanipoen ing béndjing,
Ratoe Agoeng dados semoet,
Nadyan widjiling koempra,
Lamoen dados pangadjeng ardja rahajoe,
Amoelja nglangkoengi radja,
Padoeka wakiling widdi.

Dèn gagah kekah apanggah,
Anggagahi pikekah adad loeri,
Manawi padoeka manoet,
Agama Rasoellollah,
Tijang Djawi sajekti Islam sadaroem,
Pasti sasar pedjahira,
Dados démit tengga siti.

Angandika Sri Naréndra,
Déné sira datan salin agami,
Makam koeboer raga baroe,
Sabdapalon toerira,
Oeloen tjampoer wadag lawan aloesingsoen,
Woes djoemboeh dados satoenggal,
Inggih nglebet inggih djawi

Langkoeng sakadjeng kawoela,
Ngadam woedjoed sageb sami saniki,
Lamoen koela nedya woedjoed,
Gih niki woedjoed koela,
Lamoen Ngadam sapoenika itjalipoen,
Sageb moertja pada,
Anané sami saniki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Raga celoen sipating Hjang,
Pan sakadjoer darbé aran pribadi,
Soewawi pandoeka doemoek,
Pandoeka wastanana,
Ingkang poendi sabdapalon woedjoedipoen,
Angléla kalingan padang,
Padangé woes tan kaëksi.

Woedjoedé ki Palonsabda,
Amoeng asma nglimpoed nrambahi diri,
Boten anom boten sepoeh,
Tan pedjah boten gesang,
Gasangira anglimpoet djro patinipoen,
bl. 107 Patiné nglimpoet djro gesang,
Langgeng samar ing salami.

Angandika Sri Narendra,
Ana ngendi Pangéran kang sedjati,
Ki Sabdapalon toeripoen,
Tan tebih datan tjelak,
Gih padoeka toelada wajanganipoen,
Sipat woedjoedé soeksmana,
Ingaken sarira toenggil.

Inggih boedi hawa badan,
Apan sareng toemindakira kalih,
Boten pisah boten koempoel,
Langkoeng karsa padoeka,
Rèh padoeka sampoen kasboet ratoe agoeng,
Mangsa kakilapana,
Atoer kawoela poeniki.

Kapan ènget boedinira,
Jekti éwah hawa kareping ngoerip,
Badané ingkang loemakoe,
Ing tata kalahiran,
Angoepaja woh koeldi wawratanipoen,
Baita raga bétoellah,
Iŋasané Kjai Boōdi.

Pintané Latawaloedja ,
Bab agami binagé tri prekawis,
Woh wit boedi kang roemoehoen,
Woh kawroeh kalihira,
Woh wit koeldi poenika ping tiganipoen,
Woh boedi nama kélingan,
Woh kawroeh wignja mangerti.

Woh wit koeldi ikoe pangan,
Jèn wong Djawa tedané woh wit boedi,
Wong Indi neda woh kawroeh,
Woh koeldi tijang Ngarab,
Trima soegih dagangan daging alemboe,
Boedijan pakaning rajab,
Kawroehé tan dadoe widji.

bl. 108 Kang neda woh Boedi wreksa,
Anjoengkemi agama poeda boedi,
Boedi hawa seboetipoen,
Mangéran kaélingan,
Matoer dewé mring Déwa kang loewih agoeng,
Lakoené amaratapa,
Atjegah dahar lan goeling.

Kang neda woh kawroeh wreksa,
Anjoengkemi agama srana - srani,
Neboet Ngingsa rohollahoe,
Tangija rasaning tyas,
Amangéran kawignjan lan kawroehipoen,
Moeng ngawoer betjikan ala,
Kang bener lawan kang sisip.

Kang neda woh koeldi wreksa,
AnjoengKemi agamané Djeng Nabi,
Moechamad Rasoeloellahoe,
[illegible]
Mangéranraganira,
Seboetipoen Moechamad Rasoeloellahoe,
Moechamad makam koeboeran,
Koeboeré rasa wèh koeldi.

Noerceti nikmating badan,
lan lemesing pridji klimising lati,
Moeng sepélé oentoengipoen,
Soegih daging - dagangan,
Soetijané rajab bénadjing lamoen lampoes,
Tan kénging jèn sinimpena,
Djro goewa sir tjipta lami.

Ingkang neda eronira,
Koning kawroeh lawan eroning boedi,
Dekong topèk kongsi neboet
Mangéran ing brahma,
Nrima soegih gekar wang barang poenikoe,
Mitoercet pranataniro,
Sang Hongté Tjina lie Sitembie.

Kang neda ron koeldi wreksa,
Oentoeng sanget kaseboet radja soegih,
Radjakaja wastanipoen,
Tan mélik oewang barang,
Woes narima mangan ngincem ngamboes emploek,
Tan mikir moeljaning badan,
Saré kemoel tinaja siti.

Jèn neda woh boedi wreksa,
Sangking karna lebetira amboekti,
Jen neda woh kadjeng kawroeh,
Lebeté medal nétra,
Woh wit koeldi lebeté medal ing koetoek,
Lah padoeka njatakena,
Atoer kawoela poeniki.

Angandika Sri Narendra,
Jen mangkono sira pinasti kapir,
Ki Sabdapalon oenmatcer,
Koela kapir poenapa,
Wong netepi agama betoewah koehoer,
Kang tetep kapir poenika,
Poeroen tilar gami loeri.

Nami Djawan rib-iriban,
Boten nami Djawa Djawi mangerti,
Mangerti ing agal - aloes,
Atilar nami Djawa,
Jekti owah wangoen sarta tékadipoen,
Jekti apes gesangira,
Agamané kirang moerni.

Angandika Sri Naréndra,
Apa sira nora mancet ing mami,
Ki Sabdapalon cematcer,
Mancet jèn adad lama,
Lamcen nganggé agama énggal tan mancet,
Sababnja pandceka gantya,
Agami tan nantoen mami.

Napa toewan kakilapan,
Nama koela Ki Sabdapalon niki,
Tegesé sabda pamcewcs,
Palon pikoekoeh kandang,
Aran Naja nikce celat tegesipcen,
Génggong langgeng datan owah,
Sacetjap koela poeniki,

Kénging kinarja pikekah,
Dados celat pisemon tanah Djawi,
Alanggeng salaminipcen,
Sang Prabce [illegible] angandika,
Kaja prijé rehning ingscen woes kabandjcer,
Scen ngrasoek agama Islam,
Sineksen déning si Sahid.

bl. 110 Tan kena mangscli cedjar,
Ingscen wirang gincejce boemi langit,
Ki Sabdapalon cematcer,
Pandceka lampahana,
Nalar niki koela boten toemcet-toemcet,
Jèn kawcela ngekahana,
Ngoedcer baloeng tanpa isi.

Doerma.

Scenan Kali matcer marang Sri Naréndra,
Poekcelcen Sri Bcepati,
Paben lawan réntjang,
Tanpa damel poenika,
Mindak ngribedi panggalih,
Pandceka karsa,
Lcemebet gami Nabi .

Rascelcellah sakelangkoeng scetji mcelja,
Katimbang lan sanesing,
Manawi tyas cewas,
Rita bèdji poenika,
Scen karja pratanda jekti,
Kawcela sabda,
Jèn toja saged wening.

Tanda leres agami Nabi Mcchamad,
Jèn boten saged wangi,
Leres gama Bceda,
Toja tandya tjinipta,
Déning kangdjeng Scenan Kali,
Arcem sakala,
Gandamrik ngambar wangi.

Kangdjeng Scenan mcelja matcer mring Sang Nata,
Poenika Sri Bcepati,
Toja sampoen ngambar,
Amrik arcem gandanja,
Aleres agami Nabi,
Djeng Rascelcellah,
Sabdapalon namboengi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Doeh poekoeloen poenikoe Sri Naranata,
Kasektènja poen Sahid,
Den pamèrken mringwang,
Poenikoe barang napa,
Kasektené laré alit,
Jèn nimbangana,
Sadaja dados baji.

Satoehoené kawoela rebarta poènapa,
bl. 111 Padoeka kloeop djandji,
Sakarsa padoeka,
Remen agami lija,
Sanès agamining loeri,
Pan rembagina,
Mélik agami Nabi.

Datan remen amomong marang padoeka,
Rintoe goeng tjoepet boedi,
Tyas woes tan kèngetan,
Jèn sinikoe ing Déwa,
Poenika loeloehoer Djawi,
Padoeka Nata,
Ngloeloeri bangsa Ngarbi.

Tanda ratoe tan nganggep nétra sadjoega,
Anganggep nétra kalih,
Woes ngalapdo tékad,
Tinampik ing Djawata,
Ikoe roesak koekoem ngadil,
Kawoela wirang,
Dé ratoe tjoepet boedi.

Tanpa damel kawoela akekerengan,
Jèn kawoela lajani,
Poenikoe Sang Nata,
Bénadjing soen karja tanda,
Soen sabda sapisan niki,
Aroes sadaja,
Sitiné samja batjin.

Jèn padoeka Sang Nata kirang pratjaja,
Kasebut serat Djawi,
Tjrita Manikmaja,
Kang karja kawah wédang,
Nginggilé Mahmèroe woekir,
Poenikoe amba,
Di Goeroe moeng neksèni.

Waktoe nikoe sitiné ing tanah Djawa,
Saben ri gondjang - gandjing,
Sing genging dahana,
Kang nèng dasar pratala,
Sadaja oeloen entoeti,
Djemblong sakala,
Dadya marganing geni.

Noeli mantoen gojangé ing tanah Djawa,
Poetjakira ing woekir,
bl. 112 Kang ageng sadaja,
Sami medal dahana,
Wonten tlawah tlaga oegi,
Medal sakala,
Gojangira kang woekir.

Lamoen dèrèng padoeka tobat mring Déwa,
Djawahing tanah Djawi ,
Jekti dipoen soeda,
Ing dalem asta dina,
Salangkoeng windoe poeniki,
Woes linenggahan,
Wangsoel agama Boedi.

Sri Naréndra mijarsa ing atoerira,
Sabdapalon mranani,
Kadoewoeng djroning tyas,
Dènja agama Islam,
Kéwran galihnja Sang Adji,
Djatoeng tan ngoetjap,
Woesana ngandika ris.

Moela ingsoen angrasoek agama Islam,
Tjritané jaji Dèwi,
Radja poetri Tjempa,
Kabèh oemat Moechamad,
Swargané ngoengkoeli kapir,
Béndjang jèn laja,
Noegrahaning Hjang Widdi.

Jèn padoeka anoeroet marang wanoedya,
Katah ratya goeng ngoeni,
Dèn oekoem Hjang Soekma,
Nabi Adam Soeléman,
Lan ngoeni Sri Narapati,
Sri Anglingdarma,
Pandita Balhoem ngoeni.

Sami noeroet pambagé para wanoedya,
Sinikoe mring Hjang Widdi,
Moechamad tjarita,
Lamoen kakoeng noeroeta,
Oedjaré djanma pawèstri,
Tamtoe tjilaka,
Tangèh manggih basoeki.

Sabab èstri nikoe oewong aranira,
Mglowong moeng darma dadi,
Wadah aranira,
Èstri datan wenanga,
Amoerwani mring agami,
bl. 113 Padoeka Nata,
Mélik gandjaran béndjing.

Ing ngakérat nikoe gèné t ijang mlarat,
Tan wonten tegal sabin,
Datan wonten sawah,
Ngentosi dinten ngarsa,
Sampoen kaladjeng nèng wingking,
Béndjing poenapa,
Padoeka gentos malih.

Windoe nenem tacen woloe woelan rolas,
Dinten pitoe tan loewih,
Pekenan gangsal, [illegible]
Prenata mangsa rolas,
Djam rolas wangsoel satoenggil,
Woekoe tridasa,
Klenggahan saben ari.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Lepat mangké ing béndjang jekti lepat,
Poetra wajah pra sami,
Datan woerceng risak,
Samja soesah sadaja,
Agamané kirang moerni,
Remen pandoeka,
Noercet mring raré alit.

Nama Djawa dédé Djawa Djawi ngretya,
Djawa mangirib-irib,
Tetep aran Djawan,
Sanès Djawa sanjata,
Ikoe ratoe tjoepet boedi,
Datan woercè nga,
Tjinirèn ing Dèwadi.

Bédanira kang kapir kalawan Islam,
Sipat prija lan kapir,
Kalamoen wanoedya,
Jekti ikoe koepoera,
Dé sipat prija koe kapir,
Ikoe tegesnja,
Kang sipat kalih dèsi.

Erong elèng poenikoe ing tegesira,
Jèn poelcèh ikoe poelih,
Saben resmèn boeda,
Selam anesel alam,
Katri tan kawon lankapir,
Tan nedya poera,
Islam Boeda lan kapir.

bl. 114 Sri Narendra Brawidjaja gja grahita,
Bédanja Islam kapir,
Sipat kalih dasa,
Poenika tegesira,
Andjetoeng dangoe tan angling,
Angles djroning tyas,
Roemaos lamoen sisip.

Gènja karsa loemebet agami Islam,
Tilar agami Boedi,
Tanarsa ngandika,
Daten abdi poesaka,
Woesana moepoes ing takdir,
Ki Palonsabda,
Sendoe matoer mring Adji.

Nikoe tanda jèn ratoe kirang koepija,
Moepoes jèn sampoen takdir,
Ratoe kaja botjah,
Moepoes woes takdirloellah,
Tanda ratoe kreorang boedi,
Pan woes dilalah,
Takdir kang dèn soengkemi.

Takdir lahir apan kang dèrèng doemawah,
Wadjib dèn ichtijari,
Sadèreng doemawah,
Ngoepaja boedi daja,
Poenikoe wadjibing ngoerip,
Jèn wong waskita,
Moengkoer barang kang sipil.

Pangkoer.

Takdir lahir kabatinan,
Nikoe sareng toemindakira kalih,
Lamoen lepat lahiripoen,
Takdir batiné lepat,
Leres batin takdiré lahir ardjajoe,
Takdir kang dèrèng doemawah,
Wadjib jèn dèn ichtijari.

Takdir kang sampoen doemawah,
Naré alit nikoe saged mastani,
Jèn woes takdiré Hjang Agoeng,
Nikoe pabening botjah,
Moeng padoeka ratoe agoeng goeroe o ejoeh,
Tan wirang gincejwèng djagad,
Tanda ratoe koerang boedi .

Mingsilken mendet tetepa,
Tjrita koena boekoe Sabrang lan Djawi,
Tan wonten koetjiwanipoen,
Ing djaman koena-koena,
Lir padoeka ratoe goeng goegoeroe oejoeh,
bl. 115 Ran walik boewana soengsang,
Dincekan marang Déwadi.

Pincendoet kraton pandoeka,
Sabab lepat tilar agami loeri,
Kang pincendi para loehoer,
Loehoer Djawi sadaja,
Lan ingemboen marang ing djanma sawegoeng,
Toewan dédé bangsa Ngarab,
Moeng moelé loeri Ngarabi.

Loehoer padoeka sadaja,
Kang woes soerced tan wonten paring idi,
Noeroet garwa goeroe oejoeh,
Narik sasar mring katah,
Dipoen oekoem padoeka dateng Hjang Agoeng,
Poetra Nata ngandap-ngandap,
Ngrebat pradja mamrih pati.

Poenika doedoekaning Hjang,
Kang doemawah padoeka ing semangkin,
Sang Praboe doepi angroengoe,
Atoemnja Sabdapalon,
Angles ing tyas moewoen sadjeroning kalboe,
Kadoewoeng kang sampoen klakjan,
Woesana ngandika aris.

Tan woes jen sira toetoeha,
Balik mengko sira kang ingsoen tari,
Kang dadi kekentjentanmoe,
Sarta beneranira,
Rèhning oewis kebandjoer ngandikaningsoen,
Soen mleboe agama Islam,
Sineksèn déning si Sahid.

Tan kena mangsoeli sabda,
Ingsoen wirang gincejoe boemi langit,
Ki Sabdapalon oematoer,
Padoeka lampahana,
Oeloen pamit késah ing sapoeroeg - poeroeg,
Sri Narendra angandika,
Sira asra marang ngendi.

Sabdapalon atoerira,
Datan késah tan manggèn wonten ngriki,
Moeng netepi nama oeloen,
Nami Ki Loerah Semar,
Oeloen nglimpoet saliré kang samar woedjoed,
Kang ngléla kalingan padang,
Dèn ènget Sang Nata bèndjing.

Bl 116 Jèn wongten mancengsa Djawa,
Djawa Djawi mangerti mata sidji,
Nami sepoeh gaman kawroeh,
Nikoe momongan koela,
Tijang Djawan soen weroehken bener loepoet,
Sigra tedak Sri Naréndra,
Arsa ngrangkoel dèn inggati.

Palonsabda Génggongnaja,
Noelja moesna kadoeng Sri Narapati,
Saklangkoeng pangoengoenipoen,
Sarja anenggak waspa,
Angandika hèh Sahid ta wroehanamoe,
Bésoek nagri Balambangan,
Aran nagri Banjoewangi.

Ja ikoe tengeranira,
Najagénggong bali mring tanah Djawi,
Anggawa momonganipoen,
Mata sidji kang wignja,
Sabdapalon maksih ana Sabrang nglimpoet,
Tengerana iki sendang,
Jèn banjoené mari wangi.

Wong Djawa ganti agama,
Pada tinggal agama Islam bèndjing,
Asalin agama kawroeh,
Soenan Kali toerira,
Jèn makaten cetaminipoen poekoeloen,
Kawoela prajogi bekta,
Kang tirta aroem poeniki.

Kawoela damel pratanda,
Lamoen toja gandanja langgeng wangi,
Alanggeng agami Rasoel,
Kanggé nèng tanah Djawa,
Lamoen itjal gandané kang amrik aroem,
Leres dawoeh pandoeléndra,
Ing bèndjang santoen agami.

Angandika Sri Naréndra,
Akarjoa boemboeng pring Djawa kalih,
Sira isènana banjoe,
Kang sidji banjoe tawa,
bl, 117 Pan kafjanen sangoe jèn ngelak nèng dlanggoeng,
Ingkang sidji isènana,
Kang tirta aroem poeniki.

Soenan Kali sigra karja,
Boemboeng kalih pring Djawa kang woes garing,
Sigra ingisènan banjoe,
Kang sidji banjoe tawa,
Ingkang sidji ingisènan banjoe aroem,
Sinoempet pepet kang wadah,
Tinoetoep rond pandan sili.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sabat kalih kinèn bekta,
Sidji wabat ambekta boemboeng sidji,
Sigra sareng bindakipoen,
Boedal sangking ing sendang,
Sri Narèndra ingkang tindak anèng ngajoen,
Soenan Kali mcenggèng tengah,
Sakabat kalih kang ngiring.

Kadalon wonten ing marga,
Soemberwaroe ngrikoe njaré saratri,
Endjing binoeka kang boemboeng,
Ginanda gandanira,
Datan owah kadya waoe taksih aroem,
Ladjeng tindaknja Sang Nata,
Aremben denja loemaris.

Soeroep prapta ranaroekan,
Sri Narèndra njaré ngrikoe sawengi,
Endjing binoeka kang boemboeng,
Ginanda gandanira,
Datan owah gandané kadi roemoehoen,
Ladjeng tindaknja Sang Nata,
Soeroep prapta ing Basoeki.

Njaré sadaloe Sang Nata,
Sareng éndjing toja pinriksa malih,
Ginanda kang toja aroem,
Malah tambah angambar,
Sigra ladjeng tindakira Sanga Praboe,
Soeroep prapta Prabalingga.
Njaré sadaloe Sang Adji.

bl 118 Endjingnja toja kapriksa,
Boemboeng toja tawa kapriksa dingin,
Datan owah gandanipoen,
Tanapi racsira,
Nanging moeroeh gandané kang oemploek aroem,
Nging kanang toja mèh telas,
Inginoem samargi - margi.

Kang toja aroem kapriksa,
Dipoen ganda gandané banger batjin,
Ahor-anta racsipoen,
Toelja noelja binoewang,
Sri Narèndra angandika manis aroem,
Hèh ta Sahid wroehanira,
Nagri Prabalingga béndjing.

Loro araning nagara,
Ija Poerbalingga ja Bangerwarih,
Ing kéné enggoné bésoek,
Koekoempoelaning bangsa,
Ing ngendija gènira marsoedi kawroeh,
Kawignjan ing XXXXXXXXXXX kalahiran,
Dènira marsoedi boedi.

Dènja adjar dadi Djawa,
Djawa Djawi mangerti mata sidji,
Jèn woes sidji matanipoen,
Pada éling agama,
Boeda boedi amangan oewohing kawroeh,
Tegesé ran Prabalingga,
Prabawanira wong Djawi.

Kalingan praba wong tangga,
Sarak Rascel kanggo wong tanah Djawi,
Amoeng patang atoes taoen,
Patang karaton Djawa,
Doengkap lima karaton agama santoen,
Agama kawroeh kang kanggja,
Prataṇḍa gaṇḍaning warih.

Aroemé moeng patang dina,
Doengkap limang dina gandané batjin,
Woes pinasti ing Hjang Agoeng,
bl. 119 Tyas ingsoen manoet tangga,
Demen manoet manoet bangsa sanèsipoen,
Agama mitoeroet Ngarab,
Tan toenggal agama Boedi.

Ladjeng tindaknja Sang Nata,
Sapta ari prapta ing Ngampèlgaḍing,
Njai Ageng Ngampèl metoek,
Soemoengkem ngaras pada,
Sarwi moewoen katah - katah sambatipoen,
Sri Naréndra angandika,
Woes menenga anak mami.

Moepoesa woes karsaning Hjang,
Sira ingsoen oerip darma nglakoni,
Woes tinoelis lokilmakpoel,
Begdja ṭjilakanira,
Datan kena soeminggah karsèng Hjang Agoeng,
Nging wadjib manoengsa gesang,
Isarat brangta mring ngèlmi.

Asmaradana.

Njai Ageng Ngampèlgaḍing,
Matoer marang Sri Naréndra,
Ngatoeraken saatoeré,
Kang poetra Soeltan Bintara,
Kadya kaseboet ngarsa,
Angandika Sanga Praboe,
Lah ta sara timbalana

Si Patah mring ngarsa mami,
Njai Ageng karja soerat,
Woes loemampah tjarakané,
Woes prapta nagari Demak,
Enggalé kang tjarita,
Soerat woes katoer Sang Praboe,
Winaos sinoekmèn drija.

Sigra ondang Sri Boepati,
Boedal marang Ngampèldenta,
Ja ta genti winiraos,
Rahadèn Bondan Kedjawan,
Ing Taroeb mjarsa warta,
Jen nagari Madjalangoe,
Binedah Dipati Demak.

Kang rama Sri Narapati,
bl. 120 Lolos sangking djroning poera,
Datan kantenan poeroegé,
Saklangkoeng roedahing drija,
Radèn Bondan Kedjawan,
Sigra marang Madjalangoe,
Loemampah anamoer raga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bl.

Sapraptaning Madjapait,
Nora tjidra kang pawarta,
Ing Madjapait bedahé,
Ngoepaja warta tan angsal,
Doenoengé ingkang rama,
Sigra ladjeng lampahipoen,
Marang nagri Soerabaja.

Sapraptané Soerawèsti,
Rahadèn Bondan Kedjawan,
Amijarsa pawartané,
Kang rama Sri Naranata,
Wonten ing Ngampèldanta,
Ananging sarawoehipoen,
Ing Ngampèl anandang gerah.

Sigra sowan saos bekti,
Kang rama alon ngandika,
Sapa ngabekti maring ngong,
Kang poetra matoer wotsekar,
Oeloen poetra padoeka,
Bondan Kedjawan ing Tarcob,
Rinangkoel loengajanira.

Malah sangsaja ngrancehi,
Gerahira Sri Naréndra,
Woes ngraos praptèng takdiré,
Ing poepoeté joeswanira,
Alon dènja ngandika,
Hèh ta Sahid wroehanamoe,
Soen arsa ppaptèng antaka.

Sira akarjoa toelis,
Maring Pengging lan Panaraga,
Dèn agé soen tandanané,
Narimoa woes karsèng Hjang,
Roesaké Madjalengka,
Jwa ngrebeet kaprabon ingsoen,
Aprang karja roedahing rat.

Ngémana roesaking dasih,
Sèboa marang ing Demak,
Dircekoen sapoengkoer ingong,
bl. 121 Sapa awit ati gla,
Soen pinta ing Hjang Soeksma,
Apesa ing joedanipoen,
Soenan Kali aglis noerat.

Woes dadya dipoen tandani,
Tapak asta Sri Naréndra,
Woes loemampah tjarakané,
Angandika Sri Naréndra,
Sahid sapoengkoer ingwang,
Di bisa momong sirèkoe,
Marang anak poetoeningwang.

Ingsoen titip botjah iki,
Satoercané sira monga,
Manawa ana begdjané,
Ikoe kang noeroenké béndjang,
Ladjeré tanah Djawa,
Lawan malih wekas ingsoen,
Jèn ingsoen praptèng antaka.

Sarèkna nèng Madjapahit,
Salor wétaning Sagaran,
Aranana koeboer ingong,
Ing Astana Sastrawoelan,
Lan sira soewoerena,
Kang soemaré anèng ngrikoe,
Jaji radja poetri Tjempa.

Lawan malih wekas mami,
Anak poetoeningsoen béndjang,
Jwa kawin lija djinisé,
Adja gawé Sénapatya,
Ing prang kang sédjé bangsa,
Djeng Soenan Kali oematoer,
Poenapa padoeka Nata.

Boten paring dawoeh idi,
Ing poetra padoeka Nata,
Soeltan djoemenengé,
Naréndra ing tanah Djawa,
Sang Prabòe angandika,
Ija soen idèni ikoe,
Kandeg teloeng pandjenengan.

Oematoer Djeng Soenan Kali,
Dòeh poekoelsun Sri Naréndra,
Oelsun njoewoen pangretosé,
Tegesipsun Sastrawoelan,
bl. 122 Sang Nata angandika,
Sastra toelis tegesipsun,
Woelan ikoe damar djagad.

Toelisira koeboer mami,
Pan amoeng gebjaring woelan,
Jèn isih ana gebjaré,
Ing woelan dina ing woentat,
Wong Djawa pada wikan,
Lamoen Islam sédaningsoen,
Moelané soen kon njoewoerna.

Astanané jaji Dewi,
sang radja poetri ing Tjempa,
Ingsoen woes dèn wadonaké,
Si Patah tan nganggep prija,
Jèn ngrasa doewé bapa,
Lanang dadi ratoe agoeng,
Tan mangkéné sijanira.

Moelané ingsoen wangeni,
Toeroen telòe idiningwang,
Si Patah telòe djinisé,
Djawa Tjina lan raseksa,
Moela kolòe mring bapa,
Arosoeh ing tékadipsun,
Marmané ingsoen pitoengkas.

Adja kawin lija djinisé,
Ing sadjroning sih-sinihan,
Anggisirakè tékadé,
Angapeské ceripira,
Lan malih soen memekas,
Adja lija bangsanipsun,
Gawé Sénapatining prang.

bl.

Ngèntèngaké sihing goesti,
Ing sadjroning mangoen joeda,
Amaro tingal tjiptané,
Woes telas pitoengkasira,
Patjaken aneng soerat,
Woesnja telas dawoehipoen,
Asta sidakep prijangga.

Woes soeroed Sri Narapati,
Samja mitoehoe paréntah,
Ing Madjalengka sinaré,
Ing Astana Sastrawoelan,
Katelah praptèng mangkja,
bl. 123 Kang mashoer soemaré ngrikoe,
Sang Radja poetri ing Tjempa.

Déné poetri Tjempa jekti, [illegible]
Sédané anèng ing Toeban,
Karang Koemoening sinaré,
Ingkang anèng Madjalengka,
Ikoe Astanaira,
Ratoe Agoeng Madjalangoe,
Maha Praboe Brawidjaja.

Watara ing tigang ari,
Praptané Soeltan Bintara,
Pinanggih lawan iboené,
Nji Ageng Ngampèl ngandika,
Anggèr woes begadjanira,
Nora menangi ramamoe,
Tan kongsi ngabekti sira.

Doeroeng kongsi njoewoen idi,
Tatepmoe djoemeneng Nata,
Lawan njoewoen ngapoerané,
Kabèh kaloepetanira,
Kang oewis kalampahan,
Soeltan Demak atoeripoen,
Napa malih winitjara.

Sawoesira tigang ari,
Noelja kondoer Kangdjeng Soeltan,
Sareng lawan Soenan Lèpèn,
Ing marga tan tjinatoera,
Prapta nagari Demak,
Ladjoe ngadaton Sang Praboe,
Ja ta gantî tjinatoera.

Andajaningrat ing Pengging,
Lan Dipati Panaraga,
Sira Sang Batara Katong,
Sampoen amidjarsa warta,
Adipati Bintara,
Bedah nagri Madjalangoe,
Sinamoen sowan riaja.

Kang rama Sri Narapati,
Lolos sangking djroning poera,
Datan kantenan poercegé,
Saklangkoeng prémantyanira,
Sigra ngoendangi wadya,
Sakaprabaning prang poepoeh,
Soemedya reremponing prang.

bl.

bl. 1

bl. 124 Amcekcel Demak nagari,
Laboeh bapa reboet pradja,
Soes roemanti pradjcerité,
Kasarce ing praptanira,
Doeta moendi noewala,
Tinampèn, binceka sampoen,
Winaos sinceksmèng drija.

Kang serat dipoen soengkemi,
Karoena sroe dres kang waspa,
Djoteeng gereng-gereng gègèg,
Kerot-kerot gigit wadja,
Moeka djerbabak abang,
Ngandika Boepati aarce,
Adja awèd gesang ingwang.

Moendak andadawa isin,
Soen séba marang ing Demak,
Adipati kalih mogok,
Datan séba marang Demak,
Tan arsa magoet ing prang,
Saking poeteging tyasipoen,
Agerah ladjeng palastra.

Déné kaolé kang gaib,
Sédjoné Andajaningrat,
Kalawan Batara Katong,
Tinconggil ing Giri Soenan,
Adja ngroebedi woentat,
Pan djenengan Demak Praboe,
Karija manising rasa.

Dandanggoela.

Marma tjrita nagri Madjapahit,
Nora timbang ing gedéning pradja,
Lan ambané djadjahané,
Rinoepak tjritanipoen,
Sebab boeka wadining adji,
Poetra prang moengsoeh bapa,
Ikoe tjrita saroe,
Inganggit para poedjangga,
Anjaroni bedahira Madjapait,
Pinatjak lajang Babad.

Margi sangking kramaté pra wali,
Kerisira Soenan Giripoera,
Tinerak metoe tawoné,
Ngentoep wong Madjalangoe,
bl. 125 Soenan Tjerbon badongé miljil,
Tikoes joetan awendran,
Amangani sangoe,
Miwah bekakas tcerangga,
Boebar giris wong Madjalengka ningali,
Tikoes maleksa-leksa.

Peti sangking Palémbang nagari,
Dipoen boekak nèng madyaning aprang,
Djoemegloeg metoe demité,
Neloeh wong Madjalangoe,
Boebar giris dèn telceh demit,
Sang Praboe Brawidjaja,
Méngkrad sédanipoen,
Ikoe pasemon sadaja,
Sajektiné bedahira Madjapahit,
Kadya tjaritèng ngarsa.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Madjalengka ikoe woedjoed nagri,
Doedoe barang ingkang kena roesak,
Moendak dèn krikiti baé,
Lan malih loemrahipoen,
Tawon boebar dèn mangsa djanmi,
Wanangker kèh demitnja,
Roesaké ginempoer,
Mring wadya kang mamrih boga,
Amoeng lagja tjaritané Madjapahit,
Pradja goeng bedahira.

Marga tawon tikoes toewin demit,
Ikoe tanda jen tjaritanira,
Pralambang pasemon baé,
Sapa pratjaja ikoe,
Tanda djanma oeteké isi,
Tlétong sapi maésa,
Jèn djanma satcehoe,
Kang simpen oetek mertéga,
Tan pratjaja nalar anèh élok gaib,
Tan gatcek lawan nalar.

Nora tjotjog nalar lahir batin,
Ikoe tanda jèn tjarita dora,
Tetep mòèng pasemon baé,
Jèn tinoelis satcehoe,
Tjaritané ing Madjapahit,
Boeka wadining radja,
Poedjangga tan ajoen,
bl. 126 Moela njemoni kéwala,
Mralambangi pralambang pasemon tebih,
Mangkéné tegesira.

Tikoes ikoe watak krikit-krikit,
Lama -lama jèn dèn oembar ngerdé,
Pamangané ngentèkaké,
Para Ngoelama Ngarboen,
Praptanira ing Tanah Djawi,
Amoeng badan sapata,
Asowan Sang Prabóe,
Anjoewoen pangoeripan,
Dèn paringi woesing lemoe kang maringi,
Pangoeripan rinoesak.

Tawon ikoe gawa rasa manis,
Gêx Gagamané anèng silit gonja,
Tala gawok patoeroné,
Poenikoe semonipoen,
Rata awon wong Sabrang iki,
Mòèng manis remboeg ngarsa,
Ngentoep sangking poengkoer,
Mentala angroesak pradja,
Madjalengka ratoe ingkang ngoerip-oerip,
Éram gawok kang mjarsa.

Déné demit dèn wadahi peti,
Sangking Plémbang binoeka ing ngrana,
Djoemegloeg metoe demité,
Tegesé Plémbang ikoe,
Mlémbar ngalih genti agami,
Peti poenika wadah,
Simpenen dèn broekoet,
Demit ikoe makna samar,
Toekang neloeh bedahira Madjapahit,
Dèn teloeh primpen samar.

bl. 12

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Nora ana witjara kawidjil,
Samoedana sowan wektoe Bakda,
Apan ta kinagèdakké,
Temah para noeng-anoeng,
Madjalengka tan jitnèng wèsti,
Tan kongsi ascedija,
Mapag ing prang poepoeh,
Dipati Terceng nagara,
Woes bijantoe lan raka Demak Dipati,
Ambedah Madjalengka.

Bjantoe ngrajah nagri Madjapahit,
Lajang - lajang bateewah karadjan,
bl. 127 Sarak Boeda pikoekohé,
Ingobongan sadarcem,
Dimèn sirna agami Boedi,
Soepadya mitcehcea,
Marang sarak Rasoel,
Ikoe tjritané kang njata,
Bedahira ing Madjalengka nagri,
Timbangen mingsil nalar.

Nora ana tjrita dingin-dingin,
Pradja gedé kadya Madjalengka,
Moeng dèn ntoep tawon bedahé,
Lan dèn krikiti tikoes,
Boebar marga dèn teloeh demit,
Bedahé Madjalengka,
Apan ta miscewoer,
Djoemegoer ngloewihi gelap,
Soewarané warata satanah Indi,
Wong Islam watakira.

Kaja tawon tikoes toewin demit,
Nora wroeh betjikané radja,
Asikara tanpa wité,
Awit wektoe poenikoe,
Para Soenan seboetan wali,
Wali ikoe walikan,
Kakarepanipoen,
Mawas kcelon milih wétan,
Milaniraj binetjikan angalani,
Mring ratoe Madjalengka.

Wali woloe sanga kang tinari,
Den memoelé mring sagoeng wong Djawa,
Oedjar poenikoe karepé,
Tegesé wali woloe,
Soenan woloe baléla balik,
Sanga Rahadèn Patah,
Tinari ing kéwoeh,
Ingangkat djoemeneng Nata,
Sarta ngroesak karaton ing Madjapahit,
Moengsoeh bapa lan radja.

Djarwanira Soenan ikoe boedi,
Awitira kawroeh kaélingan,
Ala betjik sasamané,
Jèn akèh cewchipoen,
Boedi ngreti kélingan betjik,
Wadjib jèn sinoewoenan,
Ngèlmoe kawroehipoen,
Jèn awèh krénah pitenah,
Kadya Soenan ingkang ngrangkep nama wali,
Angroesak sarakira.

bl. 1

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wadjibira wong kang dèn betjiki,
Sajektiné males kabetikan,
Katelah prapta samangké,
Krèsten agama Ngarbœen,
Watak lamis dermis alamis,
Jèn sinaroe awatnja,
Pangentoep pitenceng,
Jèn woes modar lingeroeban,
Moedjoer ngalor dèn telœh sembahjang talkim,
Mélik slawat tri oewang

Karanira dèn alœri-lœri,
Banda œjah tamtoe mœlih toja,
Wong Djawa sirna antepé,
Marang agamanipœn,
Pada salin agama srani,
Ngantjik ing tanah Djawa,
Toh barang lan œmœr,
Djedjeg adil nora sija,
Ala ngangg œr sœn titèni karo goeling,
Gantinira agama.

Pitœtœeré Dyan Boedi sœng warti,
Sadœrœngé bedah Madjalengka,
Kontœl tanah Djawa kabèh,
Kœtjiré dœrœng tœkœl,
Sabedahé ing Madjapahit,
Kraton ngalih mring Demak,
Ganti sarak Rasœl,
Kontœl ing dœnja kœtjiran,
Kombang kebo tyasira telas binœkti,
Tjiplès toema andapan.

Tegesira kebo ratoe sœgih,
Kombang ikœ meneng tanpa ngœtjap,
bl. 129 Anggereng-gereng swarané,
Pœnikœ semonipœn,
Brawidjaja ing Madjapahit,
Telas racsing drija,
Mœngsœh lawan sœnœ,
Anggereng tan lawan ing prang,
Déwa lœwih aparing pasemon gaib,
Kombang atiné telas.

Dipœn mangsa ing toemaning kidjir,
Toema macé tegesira toeman,
Andapan kawining tjèlèng,
Radyan Patah pœnikœ,
Praptanira ing Madjapahit,
Sœmœngkem ngaras pada,
Mring rama Sang Prabœ,
Kang rama gja paring manah,
Dipœn angkat néng Demak nama Dipati,
Wœsana makan toewan.

Mœkœl perang angreboet nagari,
Tinggal tata tan lawan panantang,
Anganggé tataning tjèlèng,
Tan ngétœng bener lœpœt,
Nelasaken galih Sang Adji,
Pœnikœ semonira,
Toema mangan kalbœ,
Tegesira toema mœman,
Kalbœ ati telas galihnja Sang Adji,
Dèn mangsa poetra ngandap.

Dèné ana koentoel dèn koetjiri,
Pasemoné ikoe Soeltan Demak,
Tjoemeri - tjeri sengité,
Mring ratoe Madjalangoe,
Sabab Boeda agama kapir,
Tan tolèh kaloepoetan,
Allah paring semoe,
Gitok kontoel kinoetjiran,
Tegesira tolihen loepoetmoe kaki,
Iboemoe poetri Tjina.

Nora kena tyas tjoemeri sengit,
Lija bangsa kang sédjé agama,
Woes pinasti déwé - déwé,
Amoeng bener lan loepoet,
bl. 130 Goesti Allah kang dèn adili,
Mila paring pratanda,
Semon doekanipoen,
Gitok kontoel kinoetjiran,
Tegesira tolihen loepoetmoe kaki,
Dosa geng tri prakara.

Noedoehaké widji datan moerni,
Sédjé bangsa kang sédjé agama,
Moelané roesoeh tékadé,
Peerwané widji ratoe,
Brawidjaja ing Madjapahit,
Ratoe goeng Binatara,
Moela geng tyasipoen,
Amélik djoemeneng Nata,
Moela moesoe mélik énggal loehoer soegih,
Ketarik iboe Tjina.

Moela kendel tanpa doegi - doegi,
Ngreboet pradja tan mawi pranata,
Arja Damar tjampoerané,
Sang Arja Damar ikoe,
Iboenira poetri raseksi,
Seneng jèn ngokob darah,
Sija ambegipoen,
Moela geting wong Boeda,
Pan katarik agama mitoeroet Ngarbi,
Geting wong gama Boeda.

Jèn moernija widjiné wong kalih,
Sédjé bangsa kang sédjé agama,
Pan ora ana loemrahé,
Anak moengsoeh wong sepoeh,
Moekoel perang ngreboet nagari,
Tan tolèh kaloepoetan,
Moengsoeh bapa ratoe,
Nora lawan dipoen sija,
Amoeng sabat tan arsa santoen agami,
Ikoe doedoe prakara.

Prangasané moeng agama Ngarbi,
Ingkang bener bangsa lijanira,
Salah kabèh agamané,
Ingaran kapir toercén,
Moela Radèn Patah ageting,
Mring wong agama Boeda,
Allah paring semoe,
Gitok kontoel kinoetjiran,
bl. 131 Tegesira tolihen loepoetmoe kaki,
Dosa geng tri prakara.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Moengsoeh ratoe kalawan soedarmi,
Ambetjiki lan paring ngegraha,
Teka rinoesak pradjané,
Tan ana salahipoen,
Amoeng sabat tan arsa ganti,
Agama Rasoeloellah,
Ikoe doedoe lakoe,
Allah paring semon samar,
Gitok kontoel ana ingkang dàn koetjiri,
Kalelah praptèng mangkja.

Sabab kontoel tyas soemoetji - soetji,
Panganggoné kabèh sarwi séta,
Resik inggil patoeroné,
Kajoe nginggiling rahoe,
Angger medoen awisoeh sikil,
Asta lan Raoep moeka,
Nanging tyasé ngoetoeh,
Atjemer pamanganira,
Poetih djaba djero mengkoe abang langking,
Semon wali sadaja.

Kang bijantoe bedah Madjapahit,
Tan ngèngeti kabètjikan Nata,
Asikara tanpa wité,
Sinemon ing Hjang Agoeng,
Gitok kontoel dipoen koetjiri,
Ikoe pasemon samar,
Elok gaib toehoe,
Soepaja pada ngertija,
Loepoetira pra wali kang achli boedi,
Ngrasoek kaloepoetan,

Jèn tan ngrasa loepoet lahir batin,
Dipoen walik imané ing bèndjang,
Djanma lir kontoel woedjoedé,
Jen loenggoeh mlangkring kajoe,
Nganggo poetih amawa koetjir,
Mangsa kodok anoetjap,
Klentèng masdjidipoen,
Nembah dloewang retja séla,
Tinandanan ramboet pètèk nganggo koetjir,
Ikoe pasemoning Hjang.

Ramboet pètèk mancet adat Ngarbi,
Ramboet pandjang mancet adat Djawa,
bl. 132 Klabang tri santri djanmané,
Samboengan sarakipoen,
Sarak Boeda kapir mring Ngarbi,
Marma sinamboeng abang,
Metit rambotipoen,,
Noetoerken kapir kambangan,
Agamané doedoe Ngarab doedoe Boedi,
Aran kapir kambangan.

Senengané amoeng saba warih,
Nora bisa teles sariranja,
Sangking kandelé saraté,
Tan pegat sebotipoen,
Angger melèk lésané tjriwis,
Angendog saben dina,
Nora ngreti ngramoet.
Tan ngreti ngoe netesnja,
Ikoe isbatira kawroeh sangri èstri,
Islamé tanpa goena.

bl. 1

Mila mangké akèh bangsa koetjir,
Angedjawa sabab aloesira,
Santri Djawa doek maoené,
Koerang mangan ing kawrceh,
Soeksmanira katoet ing angin,
Toekoel nèng Tjina,
Mangké pada mantoek,
Ramboet klabangan mratiga,
Noetoeraké jèn aloesé santri Djawi,
Djanma nèng tanah Tjina.

Nora mancet agamané loeri,
Nora mancet agamané radja,
Kapir kambangan aranè,
Bangsa poenikoe,
Djaman dingin tan nganggo koetjir,
Pra samja ngondé rikma,
Mancet loehoeripoen,
Sabedahing Madjalengka,
Praptèng mangké bangsa Tjina pada koetjir,
Sabab kadi ing ngarsa.

Moela adat singkèk mirib kadji,
Tjoepar idjir tan arsa kélangan,
Moeng seneng noetjoek ngiberké,
Amboewang saroe sikoe,
Tanpa kéring kalamoen linggih,
Adad meksih ginawa,
Kesantrènanipoen,
Ing oerip praptang antaka,
bl. 133 Adat Tjina lan adat kadji woes sami,
Mangéran dloewang séla.

Marang Mekah perloe moenggah kadji,
Praptèng Mekah nembah toegoe séla,
Lir séla nembah Pik Kongé,
Jèn nrima nembah watoe,
Betjik minggah ing ngardi Mrapi,
Ing konc akèh séla,
Jasané Hjang Agoeng,
Jèn nrima membah koeboeran,
Nora korang nèng sadjroning tanah Djawi,
Pra olja radja Boeda.

Mila Tjina ikoe nora wani,
Ngéstokaké Nabi Rasoelollah,
Woes kapok doek bijèn bijèn,
Pinoedji rinten daloe,
Rasoelollah woesana mati,
Toekoel nèng tanah Tjina,
Ramboet dadi boentoet,
Pinada lan sato kéwan,
Bédanira kéwan boentoet doewoer sikil,
Tjina anèng moestaka.

Pitoetoeré Dyan Boedi soeng kardi,
Agamané wong Djawa samangkja,
Agama Srani aranè,
Tegesé Srani ikoe,
Penasaran kang dèn paraní,
Moenggah kadji mring Mekah,
Perloe nembah watoe,
Kang moeni kitab kikajat,
Dan Ambija jèn wong nembah parang tjoeri,
Lahir batiné sasar.

bl.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Darmagandoel atoerira arie,
Koela takèn dateng Ngabdoeldjawal,
Agamai Srani kang nganggé,
Bangsa Wlandi poenikoe,
Agamané nama Serani,
Ki Kalamwadi modjar,
Ja bener toetoermoenjoe,
Sidji nama loro makna,
Srani Landa Srani sranané ngabekti,
Tan nembah dloewang séla.

Temen-temen ngabekti Hjang Widdi,
Lalantaran ing brahala séla,
Nembah Allah sabeneré,
Kak-oellah sabeetipoen,
bl. 134 Angrawoehi poerwané dadi,
Woedjoed sangking karsèng Hjang,
Mila sabeetipoen,
Kang moeni kitab Ambija,
Nabi Ngingsa ikoe atmané Hjang Widdi,
Allah kang moedjoedena.

Soeltan Demak waskita ing gaib,
Jèn rinengon dinoekan déning Hjang,
Roemangsa kaloepoetané,
Sigra mring Madjalangoe,
Andadagan koeboer soedarmi,
Antara tigang dina,
Pernah poeser koeboer,
Wreksa tookoel tanpa sangkan,
Warna papat sidji ireng semoe abrit,
Tereos sekar ronira.

Ingkang sidji wit sekaré poetih,
Roning madya sidji roning ngrembat,
Moebeng lir pajoeng istané,
Sidji godong lemboet,
Dapoer ojod amawaeri,
Ana swara kapjarsa,
Prenah poeser koeboer,
Doemeling oedjaring swara,
Telas kabèh sihingsoen tresna mring siwi,
Dèn énak resmi boedja.

Déné gadjah ginetak lir koetjing,
Nadyan mati tata kalahiran,
Lah éling-élingen tembé,
Jèn woes agama kawroeh,
Ingsoen wales wong Islam béndjing,
Soen adjar weroeh nalar,
Bener lawan loepoet,
Pranatané mengkoe pradja,
Mangan babi kadya djaman Madjapahit,
Soeltan Demak mijarsa.

Getoen djegreg dangoe datan angling,
Pan roemangsa kaloepoetanira,
Dènja noeroeti remboegé,
Para Soenan sadaroem,
Moengsoeh ratoe lawan soedarmi,
bl. 135 Poenikoe poerwanira,
Ana papat kajoe,
Telasih kawan sembodja,
Boeroe gadjah lawan godong getah-koetjing,
Ikoe tjaritanira.

bl. 13

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pan katelah prapta djaman mangkin,
Wit sembodja ikoe tegesira,
Tinandoer koeboer enggoné,
Telasih karjanipoen,
Karja ngirim koeboer wong mati,
Getak-koetjing ronira,
Jèn ginetèk mingkoep,
Dapoerané boeroe gadjah,
Jèn tinarik witira obah satitik,
Ron mingkoep kadi néndra.

Soeltan Demak gja kondoer mring nagri,
Analangsa kaloepetanira,
Kadoedon lakoe tindaké,
Poenikoe poerwanipoen,
Ana kajoe sembodja tlasih,
Getak-koetjing kalawan,
Ojod gadjah boeroe,
Djaman Boeda doeroeng ana,
Boeroe gadjah Getak-koetjing lan telasih,
Miwah kajoe sembodja.

Moela adil adat ratoe Djawi,
Awit Demak Padjang lan Mataram,
Ing Kartasoera watesé,
Tan nganggo owel oemoer,
Adil Tjina kang XXXX dipoen irib,
Krana patokanira,
Kitab ingkang ngatoer,
Soeltan Demak ikoe Tjina,
Awit Demak sapangandap doeroeng salin,
Patokan kitab Demak.

Soenan Kali waskita ing gaib,
Jèn sinemon dinoekan déning Hjang,
Nalangsa kaloepetané,
Gja ngagem sarwa woeloeng,
Béda lawan sanèsé wali,
Manganggé sarwa séta,
Tan roemangsa loepoet,
bl. 136 Moeng ngrasa soetji kéwala,
Amoeng Soenan Kali pribadya kang ngreti,
Sasmita doekaning Hjang.

Analangsa tobat mring Hjang Widdi,
Ingapoera kaloepetanira,
Orong-orong pasemoné,
Ing gitok prapt-èng poenoek,
Sinelanan tataling djati,
Poenoekmoe panak-ena,
Sadjatining ngèlmoe,
Tan soesah goeroe wong Arab,
Ngèlmoenira anèng gitokmoe pribadi,
Poedji tok woedjoedira.

Doedoe poedji karenteging ati,
Doedoe poedji kang kawedar lésan,
Ikoe wong bodo poedjiné,
Poedji djatining kawroeh,
Angawroehi djatining ngoerip,
Oerip dadya wajangan,
Datira Hjang Agoeng,
Mancengsa wignja poenapa,
Mobah mosik darma loemakoe nglakoni,
Boedi kang ngobahena.

bl. 1

Sabda ikoe medal sangking osik,
Osik ikoe medal sangking tjipta,
Tjipta poenikoe wedalé,
Anenggih sangking kajoen,
Kajoen ikoe medal sing boedi,
Boedi ikoe dating Hjang,
Ingkang Maha Agoeng,
Agoeng ikoe woes samekta,
Tanpa koerang tanpa woewoeh tanpa loewih,
Tan arah tan panggonan.

Moeng pitoedoeh waoe Radèn Boedi,
Kang katrima moedji maring Allah,
Sindèn lèdèk dalemdemblé,
Dar woedar tegesipoen,
Boendet roewed d emit arcengsid,
Demblé dados satoenggal,
Lamoen woes soemeroep.
bl. 137 Tepoengé sarak saréngat,
Lan tarékat kakékat makripat jekti,
Woes moedji tanpa ngoetjap .

Sarak ikoe sarating ngaoerip,
Nampik milih gaota ichtijar,
Saréngat sasaringané,
Kawroeh kang agal alces,
Tarékaté kang nimbang nanting,
Bener lan loepoetira,
Kakékaté woedjoed,
Woedjoed kak karsaning Soeksma,
Kang ngobahken ngosikken Radèn Boedi,
Wikan tan kesamaran.

Lamoen sira ikoe woes mangerti,
Sindèn darcedeblé werdènira,
Woes njerèt Kawroehmoe déwé,
Tjegèhé moendak toewoek,
Mangan wòhé kawroeh lan boedi,
Sebahé kadi tosan,
Linaboeh djro latoe,
Sirna brit roepa satoenggal,
Kang amoedji kang pinoedji dątan kalih,
Deblé woedjoed satoenggal.

Lamoen sira ikoe woes mangerti,
Soerasané kang soen toetoer ngarsa,
Ikoe moenadjat arané,
Oepama noeloep mancek,
Jèn tan weroeh pernahing peksi,
Mancek mangsa kenca,
Panoeloep sira woer,
Kawroehé djanma kang wignja,
Nora samar tininggalan mata sidji,
Ing oeteg widjilira.

Midjil.

Darmagandoel atoerira aris,
Doeh Sang Maha jektòs,
Moegi sampoen dados dedoekané,
Ingkang abdi déné koemawani,
Nangsil kawroehXXXXXX inggil,
Kang élok kaXX langkoeng

bl.

bl. 1

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kang kaseboet ikajat kitabi,
bl. 138 Margané binendon,
Adam Kawa ing kalepatané,
Sami dahar sengkeran Hjang Widdi,
Kang dipoen wastani,
Woh wit kadjeng kawroeh.

Kang tinanem marang ing Hjang Widdi,
Tengah taman Pirdos,
Kitab Arab ing saseboetané,
Adam Kawa margané dèn oesir,
Sangking ing soewargi,
Kalepatanipoen.

Sami dahar woh wit kadjeng koeldi,
Sengkeran Hjang Manon,
Kang tinanem tengah soewargané,
Wangsoel kitabipoen tijang Djawi,
Kjai kados poendi,
Seseboetanipoen.

Jèn padoeka ngaken tijang Djawi,
Djawa Djawi ngretos,
Sanès Djawan rib-iriban baé,
Lamoen ngaken Djawi mata sidji
Sajekti mangerti,
Tjarita poenikoe.

Sababipoen sami dipoen cengsir,
Adam sakaroron,
Gih poenapa kang dados sababé,
Kalamwadi anaceri aris,
Kitabé wong Djawi,
Tan ana kaseboet.

Moeng larahé loehoer bangsa Djawi,
Lajang watjan kotong,
Manikmaja kitab patokané,
Anggitira olja bangsa Djawi,,
Soen tambahi malih,
Wangsité goeroekoe.

Pitoetoeré Dyan Boedi mring mami,
Tjritané mangkono,
Ngisor iki kabèh pratélané,
Emboeh bener loepoeté kang mesti,
Ing pandoega mami,
Bener nora loepoet.

Boekoe pakem patokan wong Djawi,
bl. 139 Boeda woes dèn obong,
Alam Soeltan Demak pangobongé,
Pan ginalih jèn mekroeh ngribedi,
Agami Nerpati,
Mancet sarak Rasoel.

Tekan boekoe kang anèng wong tjilik,
Pinoendoet dèn obong,
Pinrih sirna adat agamané,
Mitoehoewa agami Nerpati,
Mancet sarak Nabi,
Moechamad linoehoeng.

Djijat meksa masésa ngoekoemi,
Mring wadya kang mogok,
Kang tan mancet ratoe agamané,
Djarah rajah bandjong kang èstri,
Wadyalitsamja djrih,
Wasésaning ratoe.

bl. 14

Brahalané sami dèn boewangi,
Boekoené ingobong,
Sipat djanma andjoengkir iroengé,
Gelem salat djengking moedji dikir,
Pinaringan linggih,
Anama kjai goeng.

Pinaringan désa kang dèn nggoni,
Lincopoetken pacs,
Koemaresek dadya adjar ramé,
Sangking mélik gandjaran Nerpati,
Agamané loeri,
Leboer sirna laroed.

Kenèng boedjoek sangking dalil-dalil,
Loenggoeh marep ngoelon,
Goemarcemcong géla-gélo ngotjèh,
Dipakani bismilahirochim,
Alkamdoelilahi,
Alihlamdalikoem.

Ngembé koelhoe tabatlamdjakoenil,
Mendem ngadeg bengok,
Nekem weteng srawéjan tangané,
Wedi boebar betjik djoengkar-djoengkir,
Ing kalimah kalih,
Adoené Asjadoe.

bl. 140 Kanikmatan tinggal adat loeri,
Mari mati obong,
Brahalané bincewangan kabèh,
Moeng mitoehoe agama Nerpati,
Mancet sarak Nabi,
Moechamad sadarcem.

Pamrinané Kangdjeng Soenan Kali,
Adja kongsi pedot,
Tjaritané loeri leloehoeré,
Nganggit ringgit kinarja gentèni,
Kitabé loeloeri,
Kang sirna tinoenoe.

Pandjenengan Sang Ratoe Mentawis,
Amangoen tjarijos,
Sadjarahé loehoer Djawa kabèh,
Pra poedjangga kang kinèn anganggit,
Nanging datan sami,
Kawroeh anggitipoen.

Boekoe - boekoe kang anèng wong tjilik,
Pincendoet woes amoh,
Nora ana tjotjog tjaritané,
Dangoe wadya tan ana menangi,
Kraton Gilingwesi,
Praptaning Matarcem.

Boekoe kraton Demak Padjang nagri,
Kapriksa Sang Katong,
Kabèh boekoe Arab aksarané,
Kitab Koer'an Pekih Tadjoeslatin,
Scerjangalam toewin,
Kinarja pikoekoeh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bl. 14

bl. 142

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Dadya Nata kèwekan kang galih,
Mangoen ing tjarijos,
Pra poedjangga pra Ngelama kabèh,
Kinèn nganggit tjrita tanah Djawi,
Ing sapanem cening,
Kawrceh anggitipoen.

Anggitira ikce nora sami,
Sawidjining cewong,
Panemcené kawrceh dèwé - dèwé,
Mcela tjrita nagri tanah Djawi,
bl. 141 Tan patokan sidji,
Kaot loro telce.

Lajang Lckapala kang mèngeti,
Jasan sangking kraton,
Nanging emboeh bener lan lcepoeté,
Dé kang nganggit poedjangganing Adji,
Nging pandcega mami,
Bener nora lcepoet.

Wajah Adam poetrané Nabi Sis,
Sajid Anwar manggon,
Dincekanan rama lan éjangé,
Dincekanan rama lan éjangé,
Wani mangan woh wit kajoe boedi,
Sengkeran Hjang Widdi,
Nèng lcehoer swarga goeng.

Tjiptanira sedya ngirib-irib,
Jasaning Hjang Manon,
Nora nrima amangan cewohé,
Nora nrima XXX woh wit kajoe kceldi,
Wohé kaja boedi,
Kang sedya sincewoen.

Matjceng dèwé ngawcela Hjang Widdi,
Nora karsa tiron,
Agamané rama lan éjangé,
Amcerwani sarèngat pribadi,
Mcertad sarta nampik,
Agamané lcehoer.

Nora karsa nganggit Adam Nabi,
Kalipah Hjang Manon,
Wektoe ikce wong doenja seboeté,
Ja Adamce Kalipatcelahi,
Sajid Anwar nampik,
Datan arsa nebcet.

Ngakce doedce anak Adam Esis,
Kalipah Hjang Manon,
Wcedjcedé dading wong,
Wcedjced dadi lan dadiné dèwé,
Mceng warana tcercen Adam Esis,
Dadi sangking boedi,
Hawaning Hjang Agceng.

Temen - temen dènira nglakoni,
Anak wali jektos,
Djanma mati ilang kang ncercenké,
bl. 142 Asal scewceng mcelih marang sepi,
Bali ring asaling,
Kaélinganipoen.

bl. 14

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Gja tincendoeng mring éjang soedarmi,
Kéntar ngétan bolos,
Amoeng noercen parané soekoené,
Praptanira ing tanah Déwani,
Pinanggih radja djin,
Sang Noeradi Praboe.

Sajid Anwar dinangoe kang dadi,
Sabab kéntar lolos,
Sangking Ngarab kang dadya poerwané,
Sajid Anwar matoer ing Sang Adji,
Marga dèn doekani,
Kang sarta tincendoeng.

Mring kang rama lan éjangirèki,
Sabab Ngoengkir mogok,
Nora noercet agama loeriné,
Wani mangan woh wit kajoe boedi,
Sengkeran Hjang Widdi,
Kang nèng soewarga goeng.

Gja ingambil mantoe mring Sang Adji,
Sinrahan kadaton,
Ing Déwani gja ganti parabé,
Sanga Praboe Noertjahja Déwani,
Angratoni edjin,
Déwani sadaroem.

Raning Praboe Déwani ginanti,
Mring Noertjahja Katong,
Tanah Djawa poenikoe aranè,
Dèné ingkang djoemeneng Narpati,
Djawa Djawi ngerti,
Kawroeh agal aloes.

Nganggit sastra moeng salikoer idji,
Sacetjaping ngoewong,
Nora koerang tan loewih sastrané,
Aran Sastra Endraprawatadi,
Kang moerwani nganggit,
Sang Noertjahja Praboe.

Gja pepoetra Noerasa krama djin,
Woh boedi binadog,
Sang Noerasa moeng sidji poetrané,
bl. 143 Sang Hjang Wenang woh boedi bincekti,
Krama djin sisiwi,
Sang Hjang Ning kramantoek.

Poetrig Keling mangan woh wit boedi,
Moeng poetra sawidjo,
Sang Hjang Toenggal idja djin garwané,
Idja mangan woh wit kajoe boedi,
Sang Hjang Toenggal siwi,
Awasta Hjang Goeroe.

Ngerda mendem woh boedi bincekti,
Angakoe Hjang Manon,
Pan djinoeroeng marang Hjang tjiptané,
Sakarsané goeroe dèn toerceti,
Kalilan nimbangi,
Jasaning Hjang Agoeng.

bl. 14

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pan ajasa kamoelja Joemani,
Tjiptané rinadjong,
Poetjak goenoeng Mahmèroe kratoné,
Angakoni poerwané doemadi,
Medal asal sangking,
Boedi hawa nepsoe.

Aran Déwa ngakoe misèsani,
Ngoedjoedken sipat roh,
Boeda boedi agama aranè,
Amangéran tapa Langkoeng kesdik,
Angakoe Hjang Widdi,
Tjiptané djinoeroeng.

Déwa ikoe werdiné kakalih,
Déné kang sawidjos,
Boeda hawa ikoe ta djarwané,
Wadi dawa tegesé kang sidji,
Dé raning agami,
Boeda kang woes oemoem.

Tegesira sesèboetan Dewi,
Déwané wong wadon,
Hawa wijar poenika tegesé,
Moeng sanjari wadiné wong èstri,
Sedeng den wedali,
Das botjah sak sendek.

Lah timbangen Darmagandoel iki,
Tiga kang tjarijos,
Endi ingkang bener pamangané,
Kang tan mangan woh wit koeldi mati,
Ingkang nora boekti,
Woh wit kajoe kawroeh.

bl. 144 Jekti tjoeblook kadi kéwan daging,
Ingkang nora badeg,
Woh wit boedi lir watoe woedjoedé,
Nora obah tan osik tan éling,
Tan wroeh ala betjik,
Tanpa hawa nepsoe.

Dermagandoel atoerira aris,
Kjai mangsa borong,
Timbang koela leres sadajané,
Moeng senengan kang dipoen senengi,
Ing salah satoenggil,
Sampoen ngantos loepoet.

Lamoen seneng neda woh wit boedi,
Mitoeroeta batos,
Boeda boedi ranè agamané,
Aneboeta Dé wa Bataradi,
Lamoen seneng boekti,
Woh wit kadjeng kawroeh.

Aneboeta namané Djeng Nabi,
Ngingsa kang kinaot,
Mitoeroeta Wlanda agamané,
Lamoen seneng neda woh wit koeldi,
Neboeta Djeng Nabi,
Moechamad ing Ngarboen.

bl. 14

Lamoens seneng ron kawroeh ron boedi,
Anembaha Pèk Kong,
Mitcercta Tjina agamané,
Mancet sarak Li Sin Bin lan Sing Sin,
Ing salah satoenggil,
Sampoen ngantos loepoet.

Wadjibipoen tijang gesang niki,
Tri samja binadog,
Woh wit boedi Kelingan wastané,
Woh wit kawroeh wikan ala betjik,
Woh wit kadjeng koeldi,
Woh kang sipat toekoel.

Kang tan neda wohing kadjengkatri,
Sajektiné pengong,
Kadi séla poenikoe gesangé,
Datan obah tan osik tan éling,
bl. 145 Tan wroeh ala betjik,
Tanpa hawa nepsoe.

Oepaminé tyang gesang poeniki,
Mancet alam mawon,
Dados XXXXX boten sija mring oeripé,
Jèn kalipah dahar woh wit boedi,
Inggih toemoet boekti,
Woh boedi kang toewoek.

Jèn kalipah dahar woh wit koeldi,
Inggih dèrèk badog,
Woh wit koeldi kang kebak wetengé,
Jèn kalipah woh kawroeh binoekti,
Inggih toemoet boekti,
Woh kawroeh kang toewoek.

Alam niki kalipatoelahi,
Dahar woh wit kawroh,
Inggih dèrèk neda saangsalé,
Noet kalipah agami anepsir,
Leres toewin sisip,
Tanggoenganing ratoe.

Mila ratoe mangké woes nggelari,
Mring wadya toewa nom,
Kinèn boekti kawroeh saangsalé,
Kinèn wikan bener toewin sisip,
Sadaja nagari,
Sekolah pinanggoeng.

Oepaminé boten toemoet boekti,
Woh wit kadjeng kawroh,
Mancet Nabi Ngingsa agamané,
Tanda djanma boten wikan ing wit,
Kang oening ratoe wit,
Noet agama ratoe.

Kang tan mancet agama Narpati,
Tijang mateng mogol
Boten mateng ing djaba djeroné,
Manoet ratoe amoeng milih asil,
Ing batos matjitjil,
Sanès adepipoen.

bl. 1

bl. 1

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mendem dènja neda olah sirik,
Nglirik ngidoel ngalor,
Angalapdo ing lahir batiné,
Nora mancet agama Narpati,
bl. 146 Noet djengking Ngisa Nabi,
Dahar woh wit kawroeh.

Nora mancet agamané loeri,
Woh boedi binadog,
Moeng netepi wong Djawa Djawané,
Boten nami Djawa Djawi ngreti,
Jèng Djawi mangerti,
Noet agama ratoe.

Mesti ngerti lalakoning ngoerip,
Mancet alam mawon,
Wong tan mancet agama ratoené,
Kadya mina medal sangking warih,
Woh tan nèmpèl oewit,
Gloendoeng tanpa doenoeng.

Amoeng dados pakaning Joemani,
Oeripé kelorop,
Tijang Djawi nèng Djawi lahiré,
Ngincem neda toja tanah Djawi,
Tirta tanah Djawi,
Ginilod kang lemboet.

Awit kawroeh poesakaning loeri,
Koelina binadog,
Ngretos nganggé neda pangombéné,
Leres lepat woes bisa ngalami,
Kedah aniwasi,
Sampoen oentoengipoen.

Nadyan lepat tan lepat pribadi,
Lepat sangking babon,
Anjoengkemi agama loehoeré,
Roen-toemoeroen langkoeng sèwoe warsi,
Nadyan tekèng sisip,
Allah paring makloek.

Ratoe Landi inggih nèmpèl Landi,
Adat tjaraning wong,
Tata pradja miwah agamané,
Dados oewoh toemèmpèl ing ngoewit,
Pikoekoeching ngoerip,
Tanggoenganing ratoe.

Nadyan neda kawroeh warni kalih,
Leres lahir batoe,
Mancet loeri kalawan ratoené,
Loeri wenang moelang mitoetoeri,
bl. 147 Ratoe langkoeng wadjib,
Kedah moercek ngoekoem.

Jèn mitoeroet agamaning wali,
Minggata kang adoh,
Marang Ngarab koempoela bangsané,
Jèn mitoeroet préntahing Narpati,
Soeltan Demak nagri,
Loemeboewa koeboer.

bl. 14

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tata pradja tataning agami,
Loeri lawan katong,
Wong poenapa poenikoe wastané,
Salèwèngan emboeh kang pinikir,
Lahir batin sisip,
Pantes minggah oekcem.

Tijang Djawi nganggé ngèlmoe Ngarbi,
Dados Djawi bohong,
Djawan Ngarab rib-iriban baé,
Wangoeng poesak èngetané salin,
Nami Djawa kapir,
Lahir batinipoen.

Tijang Djawi neda kawroeh Ngarbi,
Sajektiné oemoer,
Awit sanès wadah lan isiné,
Sabab sanès kawroeh sangking loeri,
Katah salah ngerti,
Paneda pangincem.

Lepat - lepat malah damel sakit,
Panedané klédok,
Angalapdo ing lahir batiné,
Widji djati nèmpèl kadjeng ringin,
Boten dados ringin,
Inggih toekoelipoen.

Sajektiné toekoel kadjeng djati,
Djanggleng delog - delog,
Widji Djawi gih Djawi toekoelé,
Sampoen arsa [illegible] Djawi toekoel sastri,
Sami salah warni,
Pantoen toekoel ketoen.

Soeksma Djawi toewoeh noetpah Djawi,
Ajwa nganti klédok,
bl. 148 Djawi lebet tetepa Djawané,
Tijang Djawi mancet sarak Ngarbi,
Jèn pantoena nami,
Mriji randa noencet.

Boten kénging jèn dadosa widji,
Moeng djagi dineplok,
Dèn sirnakken nama lan woedjoedé,
Sampoen ngantos amandjangken widji,
Mindak angresedi,
Tékad kantjil loepoet.

Kinanti.

Ki Darmagandoel oematoer,
Bédanipoen kados poendi,
Tijang agami Moechamad,
Lan sanèsipoen agami,
Ki Kalamwadi ngandika,
Lah ikoe kang mratandani.

Moenggoeh tata lahiripoen,
Ningali woedjoeding djinis,
Ngarab agama Moechamad,
Agama Ngingsa Welandi,
Tjina Agama brahala,
Wong Djawa agama Boedi.

bl. l

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mancengsa akèh kalirce,
Marang sasmintaning Widdi,
Kinèn moedja ring agama,
Moedja gaman toembak keris,
Dadi agamané roesak,
Sabab mangéran ing wesi.

Kinarja ngoewisi ikce,
Tambah kibir lahir batin,
Lali mring Pangéranira,
Amarc tjiptaning batin,
Kenèng gelaring rercepan,
Kang tanpa njata binatin.

Agama Djawa toemcercen,
Agamané Boeda Boedi,
Ikce agama makripat,
Matjoeng dèwé mring Hjang Widdi,
Genti agama tarékat,
Agamané wong Ngarabi.

Tegesé tarékat ikce,
Tarèk takon ngasil-asil,
bl. 149 Tegesé agama Ngarab,
Ngarab-arab ngirib - irib,
Bener lawan loepcetira,
Rebcetan cedjaring dalil.

Kang roesak agamanipcen,
Pasti roesak kang pinanggih,
Tamtce roesak kawrcehira,
Minggrang-minggring mring pepa ti,
Mcenggcch tata batinira,
Ikce ingkang mratandani.

Ing lawang soewarganipcen,
Ana tanda toelis mceni,
Laillaha Lailloelah,
Mcchamad Rascelcellahi,
Pcenika pratandanira,
Agama Mcchamad Nabi.

Tegesé ing lésanipcen,
Sebceté kang metce lati,
Lawan kang kasebcet ngarsa,
Apan toetcekirèng djanmi,
Ikce lawang sck warega,
Dalané sadaja mcekti.

Jèn lijané cemat Rascel,
Lajang swarga nora mceni,
Lapal kang kasebcet ngarsa,
Karana sédjé agami,
Ing lawang soewarganira,
Atjiri toelis pribadi.

Mancet ing agamanipcen,
Sebceté kang metce latis
Wong Djawa Déwa Batara,
Ngingsa Rchollah Walandi,
Tjina agama brahala,
Dikotwa pèk kong pancedji.

bl. 1

Teges mancet loehoeripoen,
Agama mitoercet loeri,
Nadyan goendoel nganggo soerban,
Jèn lésan tan bisa moeni,
Lapal kang kasoeboet ngarsa,
Doedoe oemat Rasoel Nabi.

Ing mangsa iki soen bingoeng,
Toemingal woedjoeding djinis,
Djanmèstri nganggo mekena,
Pangakoené kadji èstri,
Manglong nglawang ngawé bédang,
Ngadjak brandon ngadoe wadi.

bl. 150 Kakoeng soerbané sak gencek,
Klambi djoebah kaloeng tasbih,
Mider gawa mata gelap,
Ja Allah kang Maha Soetji,
Moega radja netepena,
Adat panganggoning djinis.

Jèn njata wong Djawa toehoe,
Manganggówa tjara Djawi,
Tanda gawa mata terang,
Wong Djawa manganggo Ngarbi,
Ikoe gawa mata gelap,
Dèn anggo toer dèn koekoehi.

Gelap tata adatipoen,
Raga woedjoedira Djawi,
Amot tataning wong Ngarab,
Doedoe tataning wong Djawi,
Poenikoe tata silihan,
Ditoetoep panganggo Ngarbi.

Watir dèn tapèkké ikoe,
Mring djanma kang achli boedi,
Djawa nganggo tjara Landa,
Poenikoe moendak oetami,
Sanadyan gelap teranga,
Mancet ageming Nerpati.

Manoengsa kang sanget pengoeng,
Doewé doewit sèwoe ringgit,
Ginawa toekoe soewarga,
Marang Mekah moenggah kadji,
Sangoe pambajaré kontan,
Soewargané tampa béndjing.

Nèng kérat béndjing jèn lampoes,
Ikoe djanma tanpa boedi,
Jèn tjidra nagih mring sapa,
Tanda tangan tan nampani,
Saking Allah Oetangala,
Ah tobat lamoen pinikir.

Ki Darmagandoel oematoer,
Omongé Moechamad moerid,
Mitoercet ing kitabira,
Ingkang sangking Ngarab Ngarbi,
Sinten djanma kang ngarasa,
Kakbatoellah Mekah nagri.

bl. 151

bl. 152

Sirna dosané kang sampoen,
Jen pedjah moenggah soewargi,
Ki Kalamwadi anjentak,
Ikoe wong dinad ceng demit,
Ngendi ana bangsa séla,
bl. 151 Njirnakken dosaning djanmi.

Ikoe djanma mata pitoe,
Nora nganggo mata sidji,
Matané sanga lapisan,
Ablérc lamoen ningali,
Samar kalingan ing padang,
Kesasar nembah ing tjoeri,

Dadi djanma tanpa koesoer,
Kaboedjoek remboeging santri,
Kang bisa njirnakken dosa
Tirta tarékat soetjining,
Karja adoes ing mancengsa,
Wignja resik lahir batin.

Mancengsa ingkang woes lampoes,
Tan bisa moenggah soewargi,
Mancengsa kang teksih gesang,
Tan arsa moenggah soewargi,
Nanging ta soewarganira,
Minggah lésaning wong cerip.

Kebo sapi djaran wedoes,
Soewar-gané dioenggahi,
Pinangan dèn idak - idak,
Lamoen mancengsa kang ngreti,
Soewarganira rinengga,
Kang soetji wadahnja resik.

Kalamoen mancengsa toehoe,
Tan mélik moenggah soewargi,
Nama nikmat lan kamoeljan,
Poenikoe dipoen celati,
Poendjoela samaning djanma,
Adja ttoekoel dadi koeli.

Doewéja nama kang masjhoer,
Sineboet prijaji inggil,
Nikmata badan lan manah,
Moeliha kadi ing ngoeni,
Kadya doek nèng ngalam samar,
Tan darbé soesah prihatin.

Mancengsa kang tanpa djantoeng,
Moedji dikir rina wengi,
Marang Allah Oetangala,
Anjoewoen minggah soewargi,
bl. 152 Ikoe djanma tanpa mata,
Trima mangan godong koeldi.

Lali jèn tinitah loehoer,
Pinoendjoel samining ngoerip,
Soewargané inginggahan,
Pinangan sarwi loesmaris,
Brangkang tengah ngara - ara,
Ngombé oejoeh ngamboes tjoeri.

bl. 153

Ja ikoe gandjaranipoen,
Wong kang karem mangan koeldi,
Manoet makam Rasoeloellah,
Inginggahaken soewargi,
Pinaringan nama besar,
Kaseboet Sang radja soegih.

Ingkang moenggoeh kaja ingsoen,
Darbé doewit sèwoe ringgit,
Soen karja toekoe soewarga,
Rong ringgit dalem sahari,
Dadi radja djroning wisma,
Apa sakarepkoe dadi.

Moela soen resiki ikoe,
Lawang swargakoe kang resik,
Soen rengga tékad oetama,
Soepaja adja ngribedi,
Sakarat mati nèng doenja,
Rahajoewa lahir batin.

Lawang soewarga soen ikoe,
Pantjadan ardja bilahi,
Jèn betjik narik rahardja,
Jèn ala narik bilai,
Pramila wadjib soen djaga,
Pangoetjap kang ngati -ati.

Soepadya nemoe rahajoe,
Salametal lahir batin,
Jèn ala pangoetjapira,
Woes pasti mandjing joemani,
Jèn betjik pangoetjapira,
Tan pegat gandjaran mintir.

Megatroeh.

Darmagandoel manembah alon oematoer,
Moegi kjai sampoen roentik,
Kamipoeroen koela matoer,
Ing pandjenenganipoen kjai,
Kawoela ngangsil pitakon.

Tijang doenja moeng satoenggal woedjoedipoen,
Nanging warnanipoen kalih,
bl. 153 Amoeng èstri lawan djaloe,
Sami toeroen Adam Nabi,
Pikoekoeh babon sawijos.

Sastranira serataipoen wong Agoeng,
Tapak éjangipoen sami,
Sami gadah tangan soekoe,
Nétra grana karna lati,
Gadah kalam dermagantol.

Jèn wong èstri anèng perdji wadosipoen,
Nikoe pratandané sami,
Mancengsa doenja sadaroem,
Warnané moeng warna kalih,
Woedjoedé amoeng sawijos.

bl. 1

Katahira sagoelma tan kirang langkoeng,
Karana andèking wilis,
Sagoelman patokanipoen,
Pangkat rolas pangkat sidji,
Sadosin étoer sidji wong.

Egoel nikoe tegesnja ageng pinoendjoel,
Mangoengsa ingkang mangerti,
Reroepan doenja sadarcem,
Kang ageng inggil pribadi,
Moeng sidji kang bangsa oewong.

Kang tineda woh koeldi boedi lan kawroeh,
Sami kjai lawan mami,
Kang béda noegrahanipoen,
Paparingira Hjang Widdi,
Pangkat loehoer madya asor.

Sabab napa sastra djinis bangsanipoen,
Tjorakipoen boten sami,
Béda- béda lampahipoen,
Djawi Landi Tjina Ngarbi,
Ngiwa nengen lan mangisor.

Tjarakané boten sami katahipoen,
Béda - béda ingkang warni,
Kang kanggé pikoekoeh boekoe,
Djawi Wlandi Tjina Ngarbi,
Tan nganggé sastra sawidjoe.

Kalamwadi angandika manis arcem,
Jèn sira tanja bab iki,
Ingsoen dèwé tan soemoeroep,
bl. 154 Soen matoer Rahadèn Boedi,
Anglimpoet toenggal lan ingong.

Moela sastra ing doenja béda poenikoe,
Karsané Hjang Maha Soetji,
Mangoengsa doenja sadarcem.
Kabèh pada dèn lilani,
Mangan woh boedi woh kawroh.

Kaparingan wahjoe kaèngetanipoen,
Metik woh kawroeh woh boedi,
Sadoengkapé goné gajoeh,
Mangoengsa sawidji - widji,
Woh wit boedi woh wit kawroh.

Pan kinarja goegoengan ringkesanipoen,
Sastra toelisan Hjang Widdi,
Kang sagoelma katahipoen,
Riningkes katon saketi,
Mrih djanma pada mangretos.

Jèn nganggowa toelisan sastra Hjang Agoeng,
Sastranénglimpoet djro warni,
Kèhing sastra manoet woedjoed,
Aranira sastra oerip,
Mangoengsa kang doengkap gajoh.

Olja Nabi tan gadoeka ing panggajoeh,
Woh wit kawroeh woh wit boedi,
Tinandanan sipat woedjoed,
Tjinoerèk ing dloewang mangsi,
Mrih kena dinoeloe mring wong.

Aran dalwang ikoe medal wangoenipoen,
Tegesira mangsi mangsit,
Jèn dalwang katrapan ikoe,
Ing mangsi wangoené midjii,
Dadya mangsi mangan kawroh.

Alam kalam gawa alam isi kawroeh,
Sastra angka warni - warni,
Paparingira Hjang Agoeng,
Ikoe wadjib dipoen boekti,
Mrih soegih éling mangretos.

Krana djanma kang tan ngerti sastra ikoe,
Pam ringira Hjang Widdi,
Satitik mangan ing kawroeh;
bl. 155 Krana nora ngreti wangsit,
Kang toemrap ing dalwang kono.

Olja Tjina Hong Oetjoe koementoes nirce,
Sastra toelisan Hjang Widdi,
Kèhing sastra manoet woedjoed,
Kasikoe tan bisa sami,
Sastra koerang moeni pélo.

Olja Nabi ing bangsa sadajanipoen,
Nganggit sastra dèn patoki,
Mantep tjatjah teloeng poeloeh,
Koerang loewih rangkep oeni,
Abot èntèng ngeses ngorok.

Sastraning Hjang lan sabda panoeratipoen,
Dadiné woedjoed pribadi,
Mila tjeta oengelipoen,
Sastra béda nora sami,
Nora dompo nora pélo.

Kawroeh iki laras drija kitabipoen,
Tolak - talik dadi gatik,
Boen toeroet larasing temboeng,
Kalawan lemesing dongding,
Embdeh temen embdeh gorch.

Nalar iki lah timbangen Darmagandoel,
Endi ingkang loewih inggil,
Anggité olja sadarboem,
Ikoe ingkang mratandani,
Olja boedi loehoer asor.

Darmagandoel alon dènira oematoer,
Panimbang kawoela Kjai,
Gih leres sadajanipoen,
Angger medal sangking boedi,
Tan wonten lepat sawijos.

Kaotipoen boedi andap boedi loehoer,
Kang nganggit sastra sakedik,
Ringkes djangkep oengelipoen,
Poenikoe kang mratandi,
Olja boedi loehoer jektos.

Ingkang nganggit sastra mawi kirang langkoeng,
Olja madya ingkang boedi,
Kang nganggit sastra berikoe,
Kirang langkoeng ingkang oeni,
bl. 156 Tanda olja boedi asor.

bl. 156

Jèn sira joen mijat toelising Hjang Agoeng,
Nganggja mata sidji batin,
Sastra toelisan Hjang Agoeng,
Tan kena sira tingali,
Lan mata loro mololong.

Jèn matamoe loro sira karja doeloe,
Ana Allah sipat kalih,
Mangka anané Hjang Agoeng,
Tan kena sira tingali,
Nora ana Allah loro.

Moeng dadira kang nglimpoet sakèhing woedjoed,
Jèn dinoeloe mata sidji,
Bener terang paningalmoe,
Tan maro tjiptamoe batin,
Woes geleng tingal sawijos.

Karja samar mata samar karja doeloe,
Dadya tan soelajèng warni,
Karja samar karja doeloe,
Lan mata loro matjitjil,
Sinigeg Potjoeng goemantos.

Potjoengg

Kalamwadi pinarak nèng dépok boekoeh,
Lawan garwanira,
Nama Endang Perdjiwati,
Emban kalih Darmagandoel datan tebah,

Kalamwadi angandika manis arsem,
Marang garwanira,
Heh rengenta sira jaji,
Ingsoen iki tetep lakimoe sedjatya.

Ingsoen wadjib moelang moeroek mring sirèkoe,
Jaji pijarsakna,
Pitoetoer kasidan djati,
Jen tan moelang tinggal wadjib aran lanang.

Tan netepi ngrahabi marang woedjoedmoe,
Ngibarate wisma,
Nadyan woes bener woes betjik,
Ikoe isih dinandanan saben dina.

bl. 167

Bèhning ingsoen woes tinitah djanma tjoeblock,
Jaji soentan bisa,
Amoelang kawroeh kang dakik,
Ingsoen takon marang raganta pribadya.

Sajektiné ragamoe bisa soemoer,
Ing kono woes ana,
Sasmitanira Hjang Widdi,
Paring woelang tan kawedar maring lésan.

Moeng sasminta tincelis aneng tanganmoe,
Kang kiwa sadaja,
Arané gawa pangerti,
Pangertiné dadya woelang sadajanja.

Aran kiwa woedjoedé ragamoe ikoe,
Hawa katingalan,
Déné ta maknané iki,
"Wa" : wawadah poenikoe ing tegesira.

Raganira jaji ibaratép praoe,
Tijangé wong lanang,
Praoené ingkang wong èstri,
Aran oewong moeng ngalowong dadi wadah.

Isinipoen moeng teloeng prakara ikoe,
Karitjis aranja,
Dakar kentjeng ꦏꦺꦴ pari pitjis,
Jèn woes isi teloe ikoe nora gojang.

Jèn woes isi dakar kentjeng bodjo baoed,
Pari ikoe pangan,
Aran pitjis ikoe doewit,
Jèn woes isi momotan teloe woes pepak.

Nora gojangsajekti tetep pikirmoe,
Jèn woes doewé dakar,
Doewé pari doewé doewit,
Sakarepmoe ikoe katekan sadaja.

Lamoen ingsoen tan bisa mengkoni ikoe,
Momotan katrinja,
Woes pesti sira njidrani,
Angoepaja momotan ing kakoeng lija.

bl. 158 Rèhning tangan étangan karjamoe ikoe,
Moeng djaga kongkonan,
Ing lakimoe saben ari,
Aran baoe ikoe kanti golèk pangan.

Aran sikoet singkoeren panggawé loepoet,
Lengen tegesira,
Dalengen woedjoedmoe iki,
Lamoen daloe ingsoen karja dasar néndra.

Roemangsoa kalamoen apes doewèkmoe,
Gel-cagel artinja,
Toekar padoe saben ari,
Nora pegat jèn meksih paḍa trisnanja.

Epèk - èpèk poenika pasemonipoen,
Ngempèk - empèk nama,
Moelané jèn èstri laki,
Nama ilang mleboe namaning wong lanang.,

Lja ikoe warangka mandjing ing doewoeng,
Rangkané wanita,
Doewoengé namané laki,
Jèn wanita tetep wadahé wong lanang.

Ing namané wanita nora kaseboet,
Moeng namaning prija,
Kang miscewoer mantja nagri,
Radjah ikoe lakimoe anggepen radja.

Dridji ikoe iderana ing djiwamoe,
Pager kacetaman,
Koekoe koekoeh ngreksa wadi,
Adja gampang wani mamah godong lingga.

bl.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Djempol empol ikoe makna gampang gemoeh,
Jèn sira kinarsan,
Mring laki kang gampang gampil,
Dipoen trampil renjah lir empoling klapa.

Pramilané ingaran dridji panoedoeh,
Sira mitoeroeta,
Satoedoeh toetoering laki,
Ran pancenggoel pakarjané lakinira.

bl. 1590 Oenggoelena mrih barkat moenpangatipoen,
Moela ingaranan,
Dridji manis poeniki,
Oelatira ingkang manis mangoehara.

Aran djentik soemoeroepa koewasamoe,
Sadjentiking prija,
Sapara limané laki,
Moela sira dèn setya rila ring prija.

Pikoekoehing pawèstri setya ing kakoeng,
Moeng patang prakara,
"Pa" : pawon patoeron iki,
"Pa" : pangreksa "pa": pangoedèn singkirana.

Lamoen sira netepi pitoetoer ngajoen,
Ran èstri oetama,
Oetama roepaning betjik,
Koekoen seneng dènira karon asmara.

Asmaradana.

Kalamwadi ngandika ris,
Jaji soen toetoeri sira,
Pikoekoehing wong djedjodon,
Laki rabi anèng doenja,
Poma sira èstokna,
Ing lahir batin dèn teroes,
Adja nasar ambelasar.

Pikoekoehé laki rabi,
Doedoe brana doedoe roepa,
Amoeng éling pikoekoehé,
Kena pisan loepoet pisan,
Jèn gampang loewih gampang,
Jèn angèl angèl kelangkoeng,
Tan kena tinambak arta.

Tan kena tinambak warni,
Oeger - oegering ngakrama,
Temen éling pikoekoehé,
Eling kawasésèng prija,
Nora kena sembrana,
Koerang titi temenipoen,
Jekoe loepoet ngambra -ambra.

Amboemang oegering ngoerip,
Lali lamoen kawasésa,
I ng prija djenenging wadon,
Titi éling katemenan,
bl. 160 Toemantjep anèng manah,
Lamoen ilang temenipoen,
Ilang namaning ngakrama.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kang aran tjidra ing laki,
Tan ngamoengken lamoen djina,
Jèn tjidra lahir batiné,
Ikoe woes prasasat djina,
Lahir batin doeraka,
Estokna pitoetoer ingsoen,
Dèn éling kawengkoe prija.

Wong lali réhing ngakrami,
Lali winasésèng prija,
Ingaran pedot kramané,
Njanà sang dosa rong prakara,
Sidji dosa ing prija,
Kaping pindo dosanipoen,
Marang Allah Oetangala.

Dosalahir dosa batin,
Ati oegering manoengsa,
Jèn tan pinanteng atiné,
Eling djenenging manoengsa,
Jen manoengsané roesak,
Amoeng salah kang tinemoe,
Tangèh manggiha rahardja.

Badan ikoe moeng sadermi,
Nglakoni osiking manah,
Jèn ati ilang osiké,
Roesak lahir batinira,
Ati ratoening badan,
Eling noegraha Hjang Agoeng,
Kang toemiba ing kawoela.

Pasemoné wong ngaoerip,
Dènira apalakrama,
Ngibaraté prace gedé,
Kang lanang lakoening satang,
Wadon kemoedinira,
Nadyan bener satangipoen,
Lamoen kemoedíné salah.

Jèn bener kang ngemoedèni,
Asalah panjatangira,
Palwa tan kentjeng lakoené,
Loepoet - loepoet katiwasan,
Lakoené tanpa dadya,
Tan toetoeg sasedyanipoen,
Karana soelajèng karsa.

Jèn rosa ingkang njatangi,
Abener kemoedinira,
bl. 161 Palwa akentjeng lakoené,
Saparané temtoe tekan,
Sabab woes noenggal karsa,
Moelané wadjib aroekoen,
Toet roentoet apalakrama.

Doenoengé roekoen poeniki,
Akarja ardjaning djanma,
Lan nagara salsiné,
Lawan soen toetoeri sira,
Dalané karoesakan,
Ikoe papat katahipoen,
Dalaning moelja sakawan.

bl.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Dingin moelja sangking nami,
Pindo moelja sangking doenja,
Ping teloe sangking ngèlmoené,
Papat moelja sangking wignja,
Ikoe lamoen sepija,
Salah sidji sangking ikoe,
Pasti sija marang raga.

Kang moelja nama prijaji,
Moelja doenja soegih arga,
Kang ngelmoe akèh kawroehé,
Déné moelja sangking wignja,
Ingkang soegih kabisan,
Ing ngendi satibanipoen,
Sajektiné darbé rega.

Ran roesak patang prekawis,
Dingin roesak artanira,
Kapindo roesak badané,
Teloé roesak sangking nama,
Bodo kaping sakawan,
Ana déné doencengipoen,
Kang roesak ati poenika.

Ikoe wong kang sedih pikir,
Roesak awak ikoe Jara,
Roesak nama ora doewé,
Roesak bodo tjepat manah,
Jèn djanma koerang nalar,
Woes pasti dadi waéloel,
Likoe liha mikoel Tjina.

Noegrahanira Hjant Widdi,
Ingkang katrap ing kawoela,
Waras seneng samoerwaté,
Daradjat nama lan semat,
Ngèlmoe lawan kawignjan,
bl. 162 Doencoeng waras senengipoen,
Noegraha koerang oetama.

Wong oerip nèng doenja iki,
Awit lahir praptèng pedjah,
Kang rineboet moeng namané,
Doewéja nama oetama,
Pinoendjoel ing sasama,
Kang woes doewé nama loehoer,
Linebokaken ing kandang.

Saben dine dèn geboegi,
Lan pinangan dagingira,
Sarta pinoerih gawéné,
Poenikoe sababé apa,
Djeneng saidjab-idjab,
Loehoeré seboetanipoen,
Doemoenoeng si radjakaja.

Pasemoné wong ngaoerip,
Roegi lawan oentoengira,
Ngibaratipoen kakajon,
Saben dina rone rentah,
Poepoesé saja tambah,
Ikoe tanda seksènipoen,
Allah sipat adil moelja.

bl. 1

Lamoen woes tinakdir mati,
Kon rentah poepoes tan tambah,
Apa kang tjinatoer manèh,
Pan namoeng toenggal lan nama,
Ikoe satoehoenira,
Kinarja koepija poengkoer,
Kantiné kawroeh kang njata.

Kinanti,

Ki Darmagandoel oematoer,
Moegi kjai sampoen roentik,
Kawoela njoewoen tetanga,
Padoeka tijang nagari,
Perlah tilas kratonira,
Sri Djajabaja ing ngoeni.

Ing Kadiri ratoe Agoeng,
Kang mashoer praptèng samangkin,
Menggah tilas pernahira,
Sapoenika ingkang kapoendi,
Ki Kalamwadi ngandika,
Jèn sira takon bab iki.

Ikoe dawa tjritanipoen,
Soen poetik kawroeh satitik,
bl. 163 Maha Praboe Djajabaja,
Tan djoemeneng ing Kadiri,
Ing Daha karatonira,
Sawétané Brantas kali.

Déné Kadiri poenikoe,
Sakoeloné Brantas kali,
Sawétané Wilis arga,
Sakidoel koeloning ngloedji,
Sawétané Klotok désa,
Kono ana batà poetih.

Ikoe patilasanipoen,
Sri poedjaning ngrat Kadiri,
Déné patilasanira,
Sri Djajabaja Nerpati,
Kang aran koeta ing Daha,
Aran désa Mengng nenggih.

Mèloe Papar distrikipoen,
Tilas kraton tan katawis,
Sabab kacerogan lemah,
Pasir lahar Keloed ardi,
Kabèh patilasanira,
Sirna kacerogan siti.

Pasranggahan Wanatjatoer,
Lan taman Bagéndawati,
Sarta pasanggrahan lawan,
Kadatonira Sang poetri,
Nimas ratoe Pagedongan,
Moeng arané désa maksih.

Ingkang isih woedjoedipoen,
Jasané Sri Narapati,
Kang soen wroehi amoeng papat,
Tjandi preognggoe Tégawangi,
Lor wétané désa Menang,
Teloe retja boeta njai.

Sésa Njaèn wastanipoen,
Doewoeré sawelas kaki,
Marep ngcelon djèngkèng lenggah,
Gedéné koebenging diri,
Ing pernah ban gkekanira,
Koebengé sawelas kaki.

Lengen ingkang tengen poetoeng,
Ingsoen takon Kjai Boedi,
bl. 164 Ingkang njempal Soenan Bénang,
Doek lalana mring Kadiri,
Mriksani sadaja retja,
Jasané wong Boeda boedi.

Oepama dèn gotong ikoe,
Sangking pernah dipoen elih,
Wong asta toes tankkoewawa,
Jèn nora lawan piranti,
Papat retja roepa koeda,
Kawak sidji sirah kalih.

Oengkoer - oengkoeran dahoeloe,
Ing désa Bogem dèn goni,
Mèloe distrik Soekaredja,
Ingsoen tanja Kjai Boedi,
Moelané Sri Djajabaja,
Ijawa retja poeniki.

Lah mangkéné tjritanipoen,
Na boetèstri aran Njai,
Ing Lo-ōjong ngsalira,
Ngoenggah - oenggahi Sang Adji,
Doeroeng katoer Sri Narèndra,
Rinampog ing wadya alit.

Woesing boeta Njai ambroek,
Ananging doeroeng ngemasi,
Tinakonan sedyanira,
Praptané Daha nagari,
Boeta Njai apratèlla,
Kadya kang kaseboet ngarsi.

Atoepé katoer Sang Praboe,
Tandya mijos Sri Boepati,
Mriksani poetri raseksa,
Dinangoe matoer Sang poetri,
Nama sedya lan pinangka,
Ngandika Sri Narapati.

Heh ta boeta wroehanamoe,
Karsané Déwa lincewih,
Ingsoen doeloe djodonira,
Nanging sira soen toetoeri,
Ing béndjang sapoengkoer ingwang,
Koelon kénéń ana Adji.

Ing Prambanan pradjanipoen,
Karsané Déwa lincewih,
bl. 165 Ikoe djatoekramanira,
Ananging roepoa djanmi,
Arana Ni Rara Djoenggrang,
Ncelja Boeta Njai mati.

bl. I

bl. I

PERPUSTAKAAN NASIONAL

bl. 165 Lah poenikoe poerwanipoen,
Djawana sebaetan njai,
Malah loehoer kang anganggja,
Bésoek dina woeri - woeri,
Déné ingkang darbé aran,
Boeta geng poendjoel sasami.

Gja Sang Praboe paring dawoeh,
Hèh wadyèngsoen gedé tjilik,
Pada sira ngarananga,
Goné boeta mati iki,
Désa Goemoeroeh ranira,
Katelah praptèng samangkin.

Tan lama antaranipoen,
Sang Praboe ajasa malih,
Retja boeda lalagaran,
Das loro dipoen sebengi,
Larèng kanan kéringira,
Ing désa Bogem dèn goni.

Patihira Sanga Praboe,
Boeta Lotjaja kekasih,
Lan Sénapati ngajoeda,
Toenggoelwoeloeng kang wekangi,
Kalih sareng atoer sembah,
Matoer mring Sri Narapati.

Doeh poekoelon Maha Praboe,
Poen dasih sroe koemawani,
Matoer ing padoeka Nata,
Kang abdi noewoen pangerti,
Kang dados karsa Naréndra,
Idjasa retja poeniki.

Awoedjoed koeda dahoeloe,
Awak sidji sirah kalih,
Lagaran tan mawi kapa,
Wonten doesoen Bogem ngriki,
Kanan kéring ingideran,
Djagang larèné prajogi,

Poenapa ing wadosipoen,
Kang dados karèng Sang Adji,
Akarja soesahing wadya,
Ngandika Sri Narapati,
Hèh wong loro wroehanira,
bl. 166 Soen jasa retja poeniki.

Soen karja pralambangipoen,
Pasemoné woeri - woeri,
Sapa djanma ningalana,
Woedjoedé retja poeniki,
Noeli pada soemoeroepa,
Tékadé djanma pawèstri.

Tanah Djawi ikoe bésoek,
Jèn woes alam Noengsasrenggi,
Tegesira Bogem : wadah,
Barang retna ingkang adi,
Wèedjoedé mancengsa kenja,
Ikoe wadah bangsa wadi.

bl. 16

Tegesira larèn ikoe,
Kang ngideri retja iki,
Tegesé koeda sengkeran,
Woedjoedé manoengsa èstri,
Ngibarat koeda sengkeran,
Awak sidji sirah kalih.

Poenikoe pasemonipoen,
Adaté wong èstri bénadjing,
Amaro tjiptaning drija,
Mawas ngarsa milih boeri,
Nadyan rineksa djinaga,
Ing laki pasti njidrani.

Tegesé lagaran ikoe
Toenggangan tanpa piranti,
Ing bésoek loemrahing djanma,
Laki rabi tanpa idi,
Ing radja mjang djajah réna,
Poerwa lagaran roemijin.

Lamoen énak sirigipoen,
Lestari kinarja rabi,
Jèn tan étja medarira,
Nora sida dipoen kawin,
Poenikoe pasemonira,
Retja koeda Bogem èstri.

Ana déné tjandi ikoe,
Kareané Sri Narapati,
Sadijan kinarja Baka,
Dasihing kang pada mati,
Lajoné pinoerih sirna,
Oelihira samar sepi.

Asal ora moelih soewoeng,
Anèng donja diratoni,
Oelihé marang klanggengan,
bl. 167 Sang ratoe miloe ngoermati,
Ikoe adat ratoe koena,
Pamintanira ing ngoeni .

Marang ing Hjang Mahan Agoeng,
Noelja na karsaning Adji,
Ijasa tjandi toemangan,
Sadijan ambesmi djisin,
Kadya adat radja koena,
Krana raganingsoen ngoeni.

Ana dalang poerwanipoen
Adja soewé kaja iki,
Woedjoed roepa tanpa njawa,
Moeliha asaling lami,
Marang adjal kaélingan,
Samoekswané Sri Boepati.

Patih sanga Toenggoelwoeloeng,
Tetiga kang poetra poetri,
Nimas ratoe Pagedongan,
Kinarja ratoening demit,
Sagara kidoel sadaja,
Nama ratoe Angin-angin.

bl. 168

Ana kasihé Sang Praboe,
Aran Kramatroena Kjai,
Pinarnah sendang Kalasan,
Katelah prapta samangkin,
Anetepi dawoeh Nata,
Sawoesnja tri atoes warsi.

Atmadja Prambanan Praboe,
Lemboe Werdadoe wawangi,
Alijas Sang Poedjaningrat,
Djoemeneng Nata Kediri,
Ngadaton koelon Bangawan,
Ingaran nagri Kadiri.

Ing kadiri tegesipoen,
Wadon datan garap sari,
Diri goemedé ambegnja,
Tegesé wong ambeg inggil,
Déné ingkang paring aran,
Retna Dèwi Kiliscetji.

Tinampèkken adatipoen,
Retna Dèwi Kiliscetji,
Sabab Kiliscetji wadat,
Wadon datan garap sari,
Njawabana marang pradja,
Ajwa kèh rahardjèng midjil.

bl. 168 Moela Kadiri poenikoe,
Kang aran nagri pawèstri,
Lamoen ngloerceg asring menang,
Kasor lamoen dèn loeroegi,
Lan adatirèng wanita,
Akèh ombag - ambeg inggil

Kasawaban adatipoen,
Retna Dèwi Kiliscetji,
Kadangé toewa Sang Nata,
Kang martapa soekoe ngardi,
Wilis manglong séla goewa,
Poerwané goewa poeniki.

Jasaning atmadjèng wikoe,
Klana Séwandana Adji,
Anglamar poetri Sang Nata,
Nama Dèwi Sekartadji,
Ija Sri Tjandrakirana,
Tamat kang tjarita titi.

Telasing panedakipoen,
Madya ari Kemis Paing,
Tanggal kalihé likoer woelan,
Soera mangsanira kalih,
Woekoe doekoet noedjoe djaga,
Arjang paringkelanèki,
Lambang Langkir Bé kang taoen,
Tjandrasangkala ginoepit,
Rasa gati ngèsti toenggal,
Windoe Sengara marengi,
Soerja kaping tiga welas,
Woelan Agoestoes loemaris.

Soerja Sangkala winoewoes,
Tinengeran marga kalih,
Panawanirèng Narèndra,
Tata titi tamat tapis,
Moegi ingkang samja matja,
Dèn pramana dipoen éling.

T A M A T .

(katoeroen : 5 Dec. '38)

PERPUSTAKAAN NASIONAL

